БАХТЫЯР ГЕНЖЕМУРАТОВ

# САЙЛАНДЫ ШЫҒАРМАЛАР

**УДК: 821. 512. 121-1**
**ББК: 5 Қар**
**Г-39**

**ГЕНЖЕМУРАТОВ БАХТЫЯР.** САЙЛАНДЫ ШЫҒАРМАЛАР; *Қосықлар ҳәм поэмалар.* —Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2012-жыл, 164 бет.

Бул топлам белгили қарақалпақ шайыры Бахтыяр Генжемуратовтың көп жыллық поэтикалық изленийүлеринин жуўмағы.

Еки әсир шабырыспағындағы поэзиямызда Бахтыярдың епкинли шайырлық лапызы өз алдына бир қубылыс болды. Шайыр өз шығармаларында дәўиринин ядтан шықпас эмоционаллық көринислерин береди, халқының уллы тарийхын символикалық мәнилерге толы шығармалары арқалы жеткериў үстинде терең философиялық ой жүритеди.

Шайырдың сүўретлеўиндеги инсан өмири—бул нәзик қашырымлары көп, сырлы ҳәм әжайып ҳәдийсе. Бахтыярдың йошлы поэзиясы бизлерди усы қәдири-қымбаты уллы өмирди түсинип ҳәм сүйип жасаўға шақырады.

~~239060~~
MA'LİMLEME RESURS ORAYI
80224

**ISBN 978-9943-4034-9-9**

Т 19

**© «Қарақалпақстан» баспасы, 2012-ж.**

## СЕЗИМЛЕР ДУНЬЯСЫНЫҢ ЕСИГИН АШЫҢ

Арамызда еки-үш жас парық болғанына қарамастан Бахтыяр менен дос болып кеткенбиз. Дерлик 30 жылға шамалас ўақыттан берли қарақалпақ әдебияты деп аталатуғын үлкен үйдиң әтирапын айланшықлап, хәр ким сол үйди көркейтиў ушын қолынан келген хызметти ислеп киятырғаннан болса керек, көбинше гүрриңлесиў ушын ортақ темамыз бар. Өткен әсирдиң 80-жылларының орталарынан баслап Бахтыярдың қосықларын баспа сөз арқалы (көбинесе оларды өзи оқып бериўин де өтиниш етемен. Өйткени, Бахтыяр шығармаларын лирикалық қаҳарманның образына кирип оқыйды, бундайда онын шығармаларының тәсиршеңлиги және де артады) бақлап киятырман. Тиккелей шайыр дөретпелери туўралы төрт-бес мақала жаздым, оның шығармаларын кандидатлық, докторлық диссертацияларымда изертлеў объекти етип алдым. Усы жағдайларға байланыслы жақында ол маған усы сизиң нәзериңизге усынылып атырған сайланды шығармалар топламын алып келип, оған алғы сөз жазып бериўимди өтингенде, бирден-ақ келисим бердим. Себеби, шайыр шығармаларын жақсы билемен, онын маған таныс емес дөретпелери дерлик жоқ деп ойладым.

Бирақ... Бирақ сайланды шығармалар топламын парақлаған сайын шайыр шығармаларының жаңа тәреплерин ашқандай, шайыр дөретпелери жанаша көринис алғандай туйыла береди. Әсиресе, Бахтыярдың дөретиўшилигинин дәслепки жыллары жазған шығармаларында лирикалық қаҳарманнын тынып-тыншымаслығы, пикирлеўиниң рән-бәреңлиги, сезимлериниң булақ суўындай тынықлығы, шексиз даланлықлардай кеңлиги, базда дала бүркитиндей бәлентликлерге шығып, базда қасқырдай қасарысып, шердей ыңыраныўы, базда жас жигитлерге тән хаўайылығы — булардың бәри әйне сол жыллары жазған шығармаларынан көринип турар еди.

Қәлбимде қара жоқ, кәлбимде ақ бар,
Ақ қағаз — сәждежай, қосығым — жүрек.
Буннан артық дүнья маған не керек...

Ҳайранман...Тастөбем — қызыл булт!
Жаўған қар ақ емес — күл ирең.
Жийекте қара булт — қара қулып...
Августта муз қатқан — қыс, сең...

Мың өркешли түйелер — сарғыш қумлар
шөгип жатыр. Мың әсир...
Ўақыт — мың сандық,
Шатыраш ойынындай шуп-шубар жыллар:
Жүрислер — соңы муң,
аза...
жаңғырық...

Бул қатарларды оқый отырып Бахтыярдың тепсе темир үзетуғын жас жигит ўақты есиме түсти. Сол жыллары Бахтыярдың минез-қулқындағы көп өзиншеликлер оның қосығына да өткенлиги есиме түсти. Ҳәм, умытпасам, 1988-жылдың гүзинде сол ўақытта ҳәмме «Арал, Арал» деп аҳ урып атырғанда сол Аралды өз көзим менен көрип қайтаман, деп Әмиўдәрья бойлап кишкене қайық пенен ескек есип Аралға шекем барғаны да есиме түсти. Бул сол жыллары көп жас жигитлерге тән болған қандай да қаҳарманлық көрсетиў қыялынан келип шыққан тәўекелдур, бәлким.., бәлким шайыр өзи жаратқан лирикалық қаҳарманлардың шақырықларына қулақ түрип, жетегине ерип кеткендур — қалай болғанда да Бахтыяр усы иске тәўекел етип Әмиўдәрьяның Тақыятас тарнаўынан Аралға шекем сол кишкене қайығында жүзип барды ҳәм жолда басынан кеширген ўақыялары хаққында «Ассалаўма әлейкум, Арал» деген очеркин «Әмиўдәрья» журналында жәриялады. Поэзияны дүньядағы ең пәк нәрсе деп түсиниўши шайыр жүреги, бул дүньяны аўдар-теңкер етип оның арғы жағында не бар екенин көриўге ынтық лирикалық қаҳарманның тынышсыз ҳәм сезимтал көңил дүньясы, шексиз кеңликтеги тәбияттың жанлы-жансыз бөлекшелеринен өзиниң ҳәм халқының тарийхын қыдырыўшы қаҳарманның әрманшыл

ҳәм шәддес кеўил кеширмелери — қулласы сол ўақыттағы жас шайырдың қурамалы поэтикалық дүньясы менен жекке өмириндеги принциплери ҳәм мақсетлери бирбирине шоласып, шайырды биймаза ойлар қурсаўына орап алып, оның ҳеш кимге усамайтуғын шығармалар жазыўға мәжбүрлеп атырған дәўирлери еди ол. Мине, усы ўақытлардан баслап дәслеп кәсиплеси (биз де сол заманлары азы-кем қосық жазыў менен машқул едик) сыпатында оның шығармаларына ҳәўеслениў менен қарадық, соңынан әдебий сыншы сыпатында базда мақтап, базда сынапминедик. Бундай пикир алысыўлар көбинше аўызша болатуғын еди. Усындайда Бахтыяр өзиниң пикиринен қайтпай, өзиникин дурыс есаплайтуғын ўақытлары көп болатуғын еди. Кейин өзи де илим менен шуғыллана баслағаннан соң ғана суўыққанлық сақлап, өзгелердиң пикири менен санасатуғын, шығармаларына сын көз бенен қарайтуғын болды.

Әлбетте, қәлеген шайыр дөретиўшилигинде муҳаббат темасы болары сөзсиз. Себеби, бул тема мәңгилик тема. Ол шайыр сезимине тез тәсир етип, оның сезимтал дүньясын қытықлағыш келеди. Бахтыяр да бундай лириканы сүйип дөретеди. Оның усы темаға қурылған бир қатар қосықларына нама жазылған, көп ғана белгили атқарыўшылардың сүйип атқаратуғын қосығына айналған.

«Баяғы бағлардан»изледим сени,
«баяғы бағлар»да өзге шабдаллар,
мийўасы сырғысып «келсең кел!» деген,
ширеси сирескен писик алмалар,

ақылдан аздырып, тандырар естен,
сени әсте-әсте умыттырады.
Қарсымда ақ жипек көйлегин шешкен,
ширели, қып-қызыл шийе турады...

«Алла инам еткен бул несийбениң,
дәмин татпай өтсең, ол — гүллий гүна».
«Баяғы бағлар»дан таппадым сени,
сени сағындырар жас шийе мына...

Интим лириканы дөретиўдиң де өз нызамлылықлары бар. Ол қаншелли интим болғаны менен қыппа-тайлақ жаланаш сөзлерди сүймейди. Керисинше, бундай сөзлер нәзик сөзлерди топаслап, оны керексиз, ҳәттеки, жеркенишли мүликке айландырады. Өмирден де, әдебияттың усылларынан да әдеўир тәжирийбе топлап, өз жолына ийе болған шайырдың сүўретлеў усылы да, сезимлер дүньясы да өзгеше енди. Онда енди бурынғыдай қызыўқанлық, «туўры сөзлилик» сезиле бермейди. Ҳәр бир шығармасында сезимлерин жылаўлап, пикирлер дүньясын қыпсалап орап, оны көркемлик бояўлары менен бояп жеткереди. Бул оның поэзиясының жетискенлигиниң, ержеткенлигиниң белгиси болса керек.

Поэзия тек лирикалық шығармалардан турмайды. Сол айтқандай, Бахтыяр поэзияның эпикалық түриндеги шығармалар менен де шуғылланып киятыр.Оның «Мөде хан сөзи яки Шин жипегиндеги битик» поэмасы үлкен жәмийетлик резонанс оятты. Бул поэма өзбек тилине аўдарылып жәрияланғаннан соң өзбек оқыўшыларының да дыққатын өзине тартты. Белгили шайыр ҳәм әдебиятшы Әзим Сүйинниң поэма бойынша Бахтыярға жазған ашық хаты, бунда оны «ўатан ҳаққында жазылған ең жақсы дөретпе» деп атаўы, «соңғы дәўирде ўатан ҳаққында бундай мазмунлы шығарма оқымадым» деген баҳасы, белгили әдебиятшы,педагог, профессор Қазақбай Юлдашев бул поэманы мектеплер ушын өзбек әдебиятына киргизиўи ҳәм «Қарақалпақ шайырының поэмасы не ушын өзбек әдебияты сабақлығына киргизилиўи керек?» деген оппонентлериниң сораўына «Өзбек әдебиятында ўатан ҳаққында буннан жақсы шығарма жазылмаса не қылайын» деген жуўабы буның дәлили. Қулласы, бул шығарма ғәрезсизлик дәўиринде жазылған тек ғана шайыр дөретиўшилигинде емес, улыўма қарақалпақ әдебиятындағы ең жақсы шығармалардың бирине айланды.

Шығармада ўатан сөзи барынша улығланады. Ўатан, оның бир қысым топырағы, бир қарыс жери соншелли қәдирли, оны ҳәр бир инсанның жекке өзине тийисли болған қәлеген нәрсесинен жоқары қойыў керек деген идея алға сүриледи. Бул ушын шайыр оғада утымлы усылды қолланған — поэмадағы барлық ўақыялар буннан еки мың

жылдан аслам ўақыт илгери өткен түркий халықлардың әййемги бабалары болған хун қәўимлеринин көсеми Мөде ханның тилинен баянлаған.

Он мың улан әтирапыма топладым,
Он мың қасқыр — гүртлерим деп сақладым.
Оттан алып суўға салдым мың ирет.
Мен бирликтин балғасының соққысында тапладым...

Поэмада ўақыялар усындай пәт пенен раўажланады. Онда ўақыялардың раўажланыўы пәти ондағы пикирлеў динамикасы менен сәйкес келеди. Сюжет ағымы соншелли тез хәм өткир конфликтлерге қурылған, олар оқыўшыны тынышсызланыў ҳалатында услайды. Композициясында қатаң логикалылығы сақланған хәм ол шығарма идеясын толық жеткериўге хызмет етеди. Поэма соңындағы Мөде ханның сөзин шығарманың лейтмотиви деп қараўға болады:

Жетпес жерде етегимди кестим, оны жен еттим...
Жер бермедим өзгелерге, ал жеримди кен еттим...
Даналарды, батырларды хәм мәртлерди қолладым.
Мен елимди бултты сүйген таўлар менен тен еттим!

Әдетте, сайланды шығармалар топламлары шайыр, жазыўшылардың юбилейлерине байланыслы шығарылады ҳәм онда шығармалар хроникалық тәртипте жайластырылады. Бирақ Бахтыяр өз сайланды топламында буған әмел қылмаған. Ол оларды тематикалық жақынлығына қарай жайластырған, бир неше бөлимлерге бөлген. Ҳәр бир бөлимнин өз атамасы бар («Бир түсиникке сыймайды дүнья», «Сентябрь самаллары», «Қәлбимде аяз бар алтын келбетли», «Жүрегимде сайраў басланды», «Айлы түнге қайтаман енди»х.т.б.). Қосықларының көпшилигине атама қойылмаған. Бул да Бахтыярдың шайырлық дүньясының өзиншеликлерин аңлатса керек.

Ҳүрметли оқыўшы! Океанның суўының мол екенин аңлаў ушын оның жағасында турып қолың менен бетиңди шайыў жеткиликсиз. Оған сүңгиў керек, шомылыў керек. Сонда ғана оны жан-тәниң менен сезесең. Сол айтқандай

Сизге де Бахтыяр Генжемуратовтың поэзия океанына шомылыўыңызды, оның дәмин татып көриўиңизди, шайырдың сезимлер дүньясының есигин ашыўыңызды тилеймен. Ақыры, бул оның аз емес, көп емес 30 жыллық тынымсыз мийнетиниң жемиси. Ал мен достымды 50 жасқа толыўы менен қутлықлайман ҳәм сизлердиң атыңыздан еле де әдебиятымызға көбирек поэзия маржанларын төгип салыўын тилеймен.

**Қуўанышбай ОРАЗЫМБЕТОВ ,**
***филология илимлериниң докторы,***
***профессор***

*ҚОСЫҚЛАР*

# МАҒАН ЯР БОЛҒАЙСАҢ, ПӘРЎАРДИГАРЫМ...

* * *

Аллаҳуў Акбар, Аллаҳуў Акбар...

Менде Уллылардың Ең Уллысы бар.
Етиклерим ески, жамаўлары таза.
Алыс жулдызлардан келеди саза:
«қәлбиңниң төринде тилла тахт бар.»

Аллаҳуў Акбар, Аллаҳуў Акбар...

Менде қысқа өмир, қысқа ўақыт бар.
ҳәр басқан қәдемим – тас жол, темир жол,
гүлге бөленген жол, гейде көмир жол.
Мың шүкир, бендеге жетер бахыт бар.

Аллаҳуў Акбар, Аллаҳуў Акбар...

Қәлбимде қара жоқ, қәлбимде ақ бар.
Ақ қағаз – сәждежай, қосығым жүрек.
Буннан артық дүнья маған не керек –
«Анал – Ҳақ».
Бирадарлар, кеўлимде ҳақ бар.

Аллаҳуў Акбар, Аллаҳуў Акбар...

* * *

Мың қәтле шүкирана айтаман, Тәңрим,
нәғметиң – Түнлериң, Күндизлериңе.
Төрт мәўсим арасында өтип атыр өмирим.
Шүкир, таўлар, шөллер, теңизлериңе.

Басыма күн туўып, кешсем де қарды,
Инсап деп, Ийман деп жанып, күйгенмен.
Қуяштай ҳәўирленип тас, қум, музларды
жалаң аяқларым менен сүйгенмен...

Шүкир Түнлериме, ай ҳәм жулдызлар
досларсыз қалғанда сырласым болды.

Сексеўил панасында жүрегим сызлап,
шам жақтым, әтирапым мәлекке толды.

Мен кәрўан сарайға жеттим дегенде,
өрип шыққаны бар қара қуртлардың.
Сабыр-шыдам кесасы шимпилдегенде,
бир тамшы қалдырмай бәрин уртладым...

Көңлим гүл алабын ўас - ўайран етип,
тапламақ болғанда дөхмет падасы,
Сениң ҳәмириң менен Пийр ҳәзирет жетип,
қыйрамай саў қалды мәлек қаласы.

Мың кәтле шүкирана айтаман, Тәңрим,
шеккен аҳ - пығанларым жеткенлигине,
гә қулап, гә турып умтылған өмирим
төрт пасыл арасынан өткенлигине.

Мың кәтле шүкирана айтаман, Тәңрим...

* * *

Билип, билмей еткен гүналарым бар.
Кеўлим гейде толы, ал гейде ярым.
Бир жағым баў-бағша, бир жағым тик жар,
маған яр болғайсаң, Пәрўардигарым.

Гейде гүлзар, гейде көк тайғақ жолым.
Периште емеспен, лекин бар арым.
Гейде даўылларда қалтырады қолым...
Кешир, меҳри шексиз Пәрўардигарым.

Қумлардың қойнына соқпағым түсти.
Көмбекши болдылар Иблис алайна.
Қуйынның деминен жулдызлар өшти,
ҳәм таслар зыңылды аспанда айға...

Сақалы белине түскен бир ғарры
таўдың етегинде сексеўил жақты.
Бәри күшигиниң қарынын жарып,
лаўлаған жалынның аўзына атты...

Маған яр болғайсаң, Пәрўәрдигарым.
...Шырлап жылар еди бала бөлтирик.
Тоқсанды алқымлап қалған бул ғарры
тынды нәрестени өлтирип...

Мени кеширгейсең, Пәрўардигарым.
Шөлде сол ғаррының қоржынын тептим.
Туқым-теберигин, алпыс әждадын,
салпыйған сақалын ҳәм өзин сөктим...

Оны да кеширгейсең, Пәрўардигарым.

* * *

Қырық жыл кәрўан тарттым алтын аршалы,
шөллерден таўларға, таўдан шөллерге.
Қос өркеш қырық нар әбден шаршады.
Қардар табалмадым қырық мың еллерде...

Алтын аршаларды қырық қайыққа арттым.
Жәннет излеп түстим шексиз умманға.
Аппақ желқомларды самалға тарттым.
«Бейиш бизде», – деди сүттей думанлар.

Думанлар ишинде атаўлар көрдим.
Қара қуўлар көрдим аппақ кеби бар.
Бул жер ели екен суў перилердиң,
гүлден ескен арқан – дуўа жиби бар...

Ақ думан артында жартаслар турды –
қызыл қылыш қылшылдап турды желкемде.
Жасыл булт қәҳәрли найзасын урды –
аппақ желқомларым өртенди.

Қос қоллап ескекти есемен: «Я ҳақ !..»
Қырық қайық қырық толқын қойнында –
пәрдей.
Музлы дүбелейде руўхым қалшылдап,
гүңирендим: «Расулулла күш-қуўат бергей...»

Ескеклер қол болды, қолларым – ескек.
Шым-шытырық шақмаққа толды сапарым.

Қайықтың қабырғасын шайнады, тислеп,
ҳәсеттиң адамхор акулалары...

Гүңирендим: «Таўсылмас жигер бағышла,
жолға сал, ақылдан алжассам егер.
Жутпақшы қайнаған долы ағыслар.
Қырық қайыққа қырық Шилтен, мәлеклер жибер...»

Жасыл булт жарылып алтын нур түсти –
алтын пиялалы мәлеклер екен.
Тамсанып қырық қултым абыҳаят иштим.
Бу нәғметлер Аршы ағладан екен.

Тәспили Пийр ҳәзирет – нурлы, ҳасалы,
алыста ақ бултлы таўды нусқады.
Төрт тәрепим – қуяш, қубла мысалы.
Қайта туўылғанға уқсадым.

Шытнап сынып атыр айсберглер.
Ақ бултлы жасыл таў мазарым шығар. –
Ойладым. – Мазар емес, бул көринген жер:
Мүлкиме қардар мол базарым шығар...

Мәлеклер қанаты ақ желқом болды.
Шүкир, айдынласты шеккен сапарым.
Пийр ҳәзирет қол жайып, қуп дуўа қылды –
маған яр болғайсаң, Пәрўардигарым...

* * *

Түсимде жолбарыс шапты маған –
«Бисмиллаҳ!» деп қолға жай алдым,
жүректиң тусы еди нышанам,
атпадым бир мәўрит ойландым.

Айтпадым: «Айға шап, шерим!» деп –
өзимди алғанын тиледим.
«Бахыт – шерден келген өлим...» деп
жақсыға жорыды жүрегим.

Ҳәм тарттым жайымды аспанға –
нышанам шер емес, ай болды,

ыңыранып мен жаққа тасланған,
жолбарыс қаңсылап жығылды.

Изледим: «Бул не күш, не қарыў?!
Сыртынан жай тартқан қай батыр?!»
Пәнжеси астында бир арыў –
бизиң оқ қадалған Ай жатыр...

*1985*

* * *

Қылды қақ айырған қылышын жойтып,
ағалар яд етер пәрўардиғарын.
Ҳәм дузлы, ҳәм қумлы дүбелей уйтқыр.

Көк елес, көк думан – кәрўан сарайлар,
таяқ таслам жердей, бирақ жеткермес:
алдамшы, алдамшы, бәри алдамшы...

* * *

Еки ийнимдеги еки периште,
гүна, саўабымды жазып үлгермес.
Кеўлим мүддәҳәсин өзимнен басқа,
ҳешким түсире алмас аппақ қағазға.

Усы дүнья ушын жуўап беремен,
гидир - будыр тастай қосықлар менен.
Кимлерди жылаттым, ҳәм жәбирледим?!
Жер астына алып кеткеним – гүнә.

Доспыз деп ант ишкен омыраўлы беклер,
мени таслап кетти шөлдеги қудыққа –
қалай умытарман – мен - ҳәм бендемен,
кимниңдур обалы өзимниң мойнымда.

* * *

Қабыл еткил, жетиқат Аспан!
Мениң зилдей кеўлимди көтер ...
Гүңиренейин боз - боран болып,
қушағыңда бултлардан бетер.

Таўсылайын зер - зебилликте –
адақлансын тастың өмири.

*1988*

* * *

Кешир Аллам, кешир оларды!
зәҳәрли адамларды – зәҳәрли жыланларды.
Ялғаншы дүньядан бейиш излеп,
қуртыў-қумырсқадай қыбырлағанларды.

* * *

Қолларымды создым аспанға,
бултларға жетпеди бирақ.
Ҳәм минара қурдым таслардан –
бултты сүйген таўдан уллырақ.

Және, және бәлентлик аңсап,
қолларыма қанат байладым,
«Анал – Ҳақ!» деп кеўлим ҳалласлап,
айды қушақлаўды ойладым.

Денем қәпес сыяқлы маған –
дүнья тарлық етер кеўлиме.
Мен исенип жасадым мудам,
өлип қайттан тирилиўиме ...

## «АЛТЫН БОЛСАМ...» ДЕЙДИ ТОПЫРАҚ ТЕРИЛЕР...

Инсанның ҳайўаннан қандай парқы бар?:
Миллион жыл – әййемги гезиңе қара.
Нәпси – мисли аш ийт, үрип, қаңсылар.
Изиңнен шығып бир изиңе қара.

Қәлбиңде периште я шайтан бар ма?..
Тән, жан, руўҳ ҳәм де «безиңе» қара...
Дүньяны жутпақтың ғамында болған
көзиңнен шығып бир көзиңе қара.

Сөз – Алла аманаты, жанның жаны Ол.
Бийўақ үзилмесин, сесиңе қара.
Мәрт болып туўылдың, мәртлик пенен өл.
Гәпиңнен шығып бир сөзиңе қара.

Бахтыяр дер: Нәпси ада етерлер.
Мәпиңнен шығып бир тезиңе қара.
«Алтын болсам...» дейди топырақ терилер...
Кебиңнен шығып бир өзиңе қара...

# СЕН МЕНИҢ ТАЖЫМ–ТАХТЫМ

239060
MA'LİMLEME
RESURS
ORAYI

## ТИЛЕК

Ўатанды қосыққа сыйдырыў... Яқ! Яқ!
Сезимлер жайғаспас саздың ырғағына.
Ерсидур перзентине анасын мақтамақ,
ишкенин, кийгенин қосып жырларына...

Өмирим ағып атыр Күн, Түн арасы –
Сениң шапалағың... Сениң қушағың.
Мен сениң, сен мениң «көзимниң қарасы».
Анажан, өзиңе келер уқсағым...

## БИР АНАНЫҢ БАЛАЛАРЫНА

Өмир – биреў,
ал, әжел мыңсан.
Сүйиў – биреў,
сүйилиў – биреў.
Тәғдир – қыста
аязлап тоңсам,
жылындырар қуяшым – биреў.

Бахыт – биреў,
Муҳаббат – биреў.
Көксимдеги жүрегим – жалғыз.
Бул дүньяда Бахтыяр – биреў.
Мени туўған анам да – жалғыз.
Анам – биреў.
Ана – Жер биреў.
Айналады әлемде жалғыз.
Бул дүньяда шайыр да биреў,
қосық жазған қәлем-ҳәм жалғыз...

* * *

Күл төкпе, бирадар, аяғымның астына,
душпанымның аяғына шашпа тарыны.
Гүллер жарып шығады таўдағы тасты да,
Бәҳәр еритип жиберер қыстың қарыны.

Ҳадаллық, пәкликтиң тәрепдары болып қал.
Дәўлерден сескенбе сен! Нәмәртлик етпейик.

Исеним дәрбентинде уллы мәмлекет бар.
Дәў ҳәм нәмәртлерге журтты таслап кетпейик!
Кел, мениң қуяшым! Кел, мениң заманласым!
Ғайбар таўсымақтың балқытайық сеңлерин.
Муздан ада болған сур таслар самалласын,
ҳәм сезсин кең даланың Бүгинги демлерин!

## НӨКИС ЖУЎЫНЫП АТЫР...

Жуўындырып атыр бәҳәр жаңбыры
мрамор саўытлы имаратларды,
төрт қатар гәп яңлы панел жайларды,
аэропортты –
реактив темир қанатларды,
муңлы Талларды...

Руўҳым аспаны алағада булт:
наўрыз шақмағында гүңиренеди ол:
демиккен кеңликти азада қылып
муқаддес от пенен тебиренеди ол.

Жуўындырып атыр бәҳәр жаңбыры
КамАЗ, автобуслар...
қайқы ВАЗларды да.
Ҳәм дәртли, ҳәм шадлы сигналлары жаңғырып
қәлбимди мәнзиллерге сазлайды ма?! –
Поездлар шыңғырар.

Руўҳымды шомылдырып атыр бул Бәҳәр –
руўҳым қайтадан туўылып атыр:
нурлы селде жаўрап қайта оянған
Нөкис жуўынып атыр...

## ДҮР-ДҮР СИЛКИНБЕКТЕ ТЕМИР ҚАНАТЛАР

### I

Дүньяда туўры жол жоқ –
айналымлар көп.
Биреўлер – машынлы,биреўлер – пияда.
Бизди сескендирер КамАЗлар гүрлеп,

Қусలармыз! –
қанатлылар жолға сыяр ма?!

Әл-аспан қойнында пәрўаз әйлесек,
миллион парсаң жоллар – шубатылған сабақ.
Билдим: жоллар ушын аяқлар керек.
Жолға сыймағанға – кең қулаш, қанат!

II

Дүньяда туўры жол жоқ,
лекин, бағдар бар –
арзыў ҳәм әрманлар – ойлы, бәлентли ...
Не ушын шөллер бар, неге таўлар бар?!
Дүньяны топан суў басты... ғәлет пе?...

Қуяшқа бой созар ҳәтте ажырық.
Қуяшқа бой созар нәрўан дарақлар.
Апыл - тапыл қәдем басар асығып
нәресте.
Дүр - дүр силкинбекте темир қанатлар...

* * *

Бир қанат қағыўың... – жалғыз әрманың.
Көзиңе жайғасар пүткил бир әлем.
... ақлайсаң, қаралайсаң билип қалғанын,
көкиректен шыққанша ең соңғы демиң.

Бир қанат қағыўың... Алақанында
турған яңлы болар дүньялық тәшўиш.
Өзгеге уқсамаған атқан таңында,
үзилсең...
ҳәлсиреп сарқылма!..
Қулап түс!..

## ЖАҚСЫ АДАМЛАРДЫҢ ЖҮРЕГИ...

*(Шайыр Т. Мәтмуратовтың естелигине)*

Жақсының үйинде жаңласа сазлар,
Нөкис аспанында күндей күледи.
Шадлықтан пүткиллей жарыла жазлар,
Жақсы адамлардың жүреги...

Машынлар қағысса Төрткүл көшеде
Нәкас айтар күлип: «әне, кереги!»
Бирақ,
жараланып
қалар деседи
ыңыранып...
Жақсы адамлардың жүреги...

Турмыс
шадлық - ғамын теңдей әкелер...
Онда дос - яран көп, тез - тез келеди.
Саўлық болмаса да
қадақ көтерер,
Жақсы адамлардың жүреги...

Барлығы...
әлбетте,
аўырлық етер...
Шайыр усы жолдан бирақ жүреди!
Жулдыз қушағына ҳәм ушып кетер
тосаттан...
Жақсы адамлардың жүреги...

Өмир –
гүрес, оның тосықларында,
Душпанға атқан оқ, досқа гүл едиң.
Сени жерлеп атыр қосықларына
Жақсы адамлардың жүреги...

Соршада жайласқан еки вокзал бар...
Ал, үшинши вокзал халықта еди...
Аға!..
Мәңгиликке соңғысында қал!..
Ол – жақсы адамның жүреги...

*1984, 27-март*

## КЕШЕ

### I

Сизге ерип кеткенликтен
Жеккеликтиң күндеси,
жалғыз қалдым Жеккелик пенен
ғайры үнде тиллесип...

II

Сел, жамғырда қалған талдай
шомыламан ойларға:
«Бизиң бағдың айбатлары –
Гүжимлерим қайларда?!»

III

Тартпаны ашаман,
Темеки қутышасын ашаман,
Балконның терезелерин ашаман.
Қаншалық ашылыў болса – соншалық
жабылыў...

Сизиң белмеңиздиң есигин ашаман.
Бул жерде сахраның кеңлиги бар еди –
жаныма жақынларым.
Бүгин хеш ким жоқ.
Лекин, жабылмайды бул есик.
Әсте ыңыранады Жалғызлық –
қатал Жеккелик.

*Ташкент. Дүрмен.*
*1985, 12-сентябрь*

## ҚОСЫҚ

Иматарқа қаланған тастай
сөз хәм гәплер өрилер писик.
Туўған көлин сағынған қустай
әжеп сезим киятыр ушып.

Бул имарат аспаннан – жерге;
Жоқарыдан пәске өрилер!!!
Ақ қағазға – бул аппақ көлге
Аққуўлардың дәрти берилер...

Ең соңында ирге тас қалап
бул сарайды қулплап таслаймыз...
Жаслар – ғарры, ғарры жас болып
Аққуў дәртин уға баслаймыз...

*1986, 15-июль*

* * *

«Саҳра! –
Тентекликтиң анасы...
Пахта –
Сол саҳраның өгей баласы...»
Сол саҳраны «Анам!» – деп
сол пахтаны «Балам!» – деп
еки ортаға дәнекер болған,
жуўырып - жортқан жансебил Дийхан,
айнанайын дәртлериңнен, мен!

Кеўилин табыў қыйын
ғайбар саҳраның.
Бабын табыў қыйын
кемкеўил пахтаның...
Бирисин мақтадың,
бирисин жақладың,
бириниң ғайбарлығын
бириниң мөҳминлигин
ақладың!

Айнанайын, жансебил Дийхан!
Айнанайын дәртлериңнен, мен...
Айтып бер маған...
саҳраның кимисең,
пахтаның кимисең?!..

Саҳра –
анаң екенлигин,
Пахта –
балаң екенлигин
мойынлайды.
Бирақ, неликтен
еки ортадағы
өгейлик қойылмайды?!..
«Өгей ана!» – деген...
«Өгей бала!» – деген...

Гәсинде шайырсаң,
гейде делбесең...
Ырысқы – дәстүрхансаң
билсең
елге сен.
Сахраны «Анам!» – деген
Пахтаны «Балам!» – деген
анаңның кимисең?!..
балаңның кимисең?!..
Жансебил Дийхан?..
Дәртиңнен айналайын, ҳәзиретим Дийхан?!..

*1981, 20-сентябрь*

## ШАРҚЫПӘЛЕК КӨШКИДЕГИ ОЙЛАР

Бийикликке аўзын ашып
үйренгенлер таңланып,
мине, ҳәзир пәске қарап
таңлай қағар жанланып.
Лашынның өз аспаны бар
қанатын жазыў ушын.
Шайырдың өз дәстаны бар
бирнеңе жазыў ушын.
Сен мениң аспанымсаң!
Сен мениң дәстанымсаң! –
Нөкисим!

Ҳәр кимниң ақылыў - ойы
өзи минген минбер болар.
Елдеги шадлық, ғамы
бахытлы күнлер болар.
Сезимниң бийигинен
мен саған қарап турман.
Не аўыр исиң болса
жүрегиме сорап турман.
Сен маған таж ҳәм тахтсаң!
Сен маған қуяш, бахытсаң! –
Нөкисим!

## ЖҮРЕГИМДЕ ҒӘЛЕТИЙ ШАНШЫЎ

Жүрегимде
ғәлетий шаншыў.
Сол шаншыўдың өз ләззети бар.
Күйиниш, сүйинишим,
жаслық - мәслигим,
қайғым да, қуўанышым да соннан басланар.

Гейде жаңа атылған отлы лавадай,
сезимлер көкирегиңе сыймай кетеди.
Ең ағла мәсликте тебиренген гезде
бул жүрек
мийдиң ҳәмирине қаратпай
Ақылға
тентекшилик те етеди.

«Себеп пенен себет арбаға...» –
Алған жазам артып баратыр...
Өз анаңның шыбығы шийрин!
Өз атаңның қамшысы шийрин!
Қарақалпағым,
сениң мазаң артып баратыр...

Тийсе тийсин сениң шыбығың,
тилкимлесин қамшың жүректи.
Бәлким, бир улыңның тентек қылығын
қанжар яңлы қайраў керекти –
қәлбин,
сезимлерин,
пикириў - ойларын...

Еле мен сениң
қушағыңа сыймағанлықтан
сени ҳеш кимге қыймағанлықтан
күлип турып жылап беремен,
жылап турып күлип беремен
Анам – Қарақалпақстан!
Анам – Қарақалпақстан!

Жүрегимде ғәлетий шаншыў...

*1983, апрель*

* * *

«Жудырықтан қорыққанлар мушласа алмайды!»
«Қорқақлық бар жерде – сатқынлық ҳүкимдар!»
«Сатқынлық бар жерде ҳийлекерлик қалмайды!»
«Ғәрремликтиң үстинен ҳадал ҳүким бар!»

Даласы жоқ жерде кеңлик болмайды –
Тулпарлар тар жерде дойнақтан майырылар.
Данасы жоқ жерде теңлик болмайды –
Ўатан шайырынан айырылар!..

М.С.

Бир әжеп умманның руўҳый ҳалаты
Тастың дәртлеринде жанады.
Онда Жапырақлардың тәшўиш, ғамы бар,
Онда қылышлардың қосығы жаңлар!
Мыңлар сезинбейди... Жанған сезинер,
Тастың ыңыранғанын, Тастың қанатын...

## ДӘРЎАЗА АЛДЫНДА

Сыпайы қосықлар – костюм - шалбарлы,
Сыпайы қосықлар – сақалсыз, муртсыз,
Сыпайы қосықлар – қулы абырайдың,
Сыпайы қосықлар – күйиксиз, өртсиз,
«Саламат» болың!

Әссалам, қәлбимниң отлы аспаны,
Әссалам сезимниң отлы умманы,
Әссалам, дәртимниң отлы дәстаны,
Әссалам, сөзимниң өртли думаны,
Әссалам, Сизлерге әссалам...

* * *

Ҳүр қызы шәмшилдур, гүнакар, бенде, қопаллық қай жерге сыяды?!
Үнсиз ҳүр жылап кетти. Ол ықлас пенен енди гелленди қыяды.
«Рәҳим еткил» деп, бул қабақ басыңды урарсаң сен қәдемлерине,

Лекин ол кек қанжарын өшпенли қайраған, қаныңды
шашып сояды.
Ийттиң өмириндей қылмайды бирақ. Инсабы бар усы
нашардың,
Мыйық тартып күлип, ҳасыл денеңнен геллеңди бир
шетке қояды.
Арыўлап тәниңди Гүллерге бөлер, ал жерде жатырған
басыңды,
«Нәмәрт, надан!» дейип топ қылып тебер, суп-сулыў,
кишкентай аяғы...
*1990 ж.*

## ЗӘМИН ТАЎДАҒЫ ӘЗИМ СҮЙИН АЙТЫМЛАРЫ

Шөплерде шапшып шалқайған,
тасларды түртип талтайған,
ништери нарды қулатқан,
асаў атларды сулайтқан,
түби жоқ түнниң тилсими,
қуяшлы күнниң зер сымы –
Шаянларым!
Бул – мен:
Әзим Сүйин...
Таў бөрисимен.
Бул – шөл бөриси:
Бахтыяр Генжемурат!
Бизлерге тиймең...
Бизлерге тиймең...

Қынынан шыққан қылыштай,
қыз белин буўған қайыстай,
азыўы– алтын пуўлымсаң,
тиллери – тилла суўлымсаң,
султаннан қалған салтанат,
қағаннан қалған қағанат,
дәўлетлимисең – туўлымысаң,
аманат қалған сулыўымсаң –
Жыланларым!
Бул – мен:
Әзим Сүйин...

Тау̌ бүркитимен.
Бул – шөл бүркити:

Бахтыяр Генжемурат!

Бизлерге тиймең...
Бизлерге тиймең...

Шаянларым..,
Жыланларым...
Туу̌ысқанбыз – бизлер.
Бир қәу̌им, руу̌данбыз – бизлер.
Бул – сениң үйиң,
бул – мениң үйим, –
деди де, қара тасты дастанып,
уйқыға шүмди шийрин
тау̌ бөриси – тау̌ бүркити –
шайыр –

Әзим Сүйин...

* * *

Жүрегимде қабат - қабат таслар бар;
Қыртысында мың қубылған алмаз бар.
Ғәним атқан оқтың сақ етип тийген
шыңылдаған намасы бар – бир саз бар.

Жүрегимде аппақ қар ҳәм музлар бар.
Душшысы бар, ашшысы бар – дузлар бар.
Қыс қәлбимди меҳри менен ысытқан
Ләйли, Сәнем, Баршын, Сәру̌иназлар бар.

Жүрегимде ақ ҳәм қара тау̌лар бар,
езегинде – тас балқытқан лау̌лау̌лар.
Шыңларына жау̌ын, буршақ, қар сырлас
ҳәм зилзила – тогыз баллық тау̌лау̌лар...

* * *

Қус болып қанаты қайрылмаған бир
ат болып туяғын тас қақпаған бир
пешанасы жерге урылмаған бир
бар екен Пирлери ярлар.

Думанлы түнлерде жулдызлары бар
қуласа сүйенер дийўаллары бар
топан суўлар тасса ушанлары бар
бар екен Тирилери ярлар.

Пүтин өмири өткен бәҳәр, жаз бенен
айшы - әшрет, бәзим – қыз ҳәм саз бенен
өткен ҳәр мәўрити жәннет – ҳәз бенен
бар екен Бахытлылар...

Саҳрада Пирлери жоқлар қәйтеди?
Топанда Тирилери жоқлар қәйтеди?
Шоққа жақын турған оқлар қәйтеди
Сөйлеңлер, Бахытлылар!..

* * *

Умманлар қырларды жутпақшы болар,
қырлар... Умманларды көмбекши – олар.
Зилзилалы Таўлар, сирескен Музлар
қәлбимди силкиндирер.

Аспан қара Жерге көшки таслайжақ,
Жер Жулдызларды Күнге таплап, шажлайжақ.
Дүньяның тутқасын инсан услайжақ –
бармақлары толы тилла жүзикли.

Мың әсир әўўели Мәкан деп өлди,
қәўимим – Анам ҳәм Атам деп өлди,
жүз әсир, он әсир Ўатан деп өлди,
Ўатан деп өлип кетти бабамлар.

Еки тили барлар Тилбилге болды,
еки ели барлар Елбилге болды,
тири өли жанлар Шербилге болды,
Ўатан деп жасайжақ, ўаҳ, бул адамлар?!.

* * *

Ҳайранман:.. Тастөбем – қызыл булт!..
Жаўған қар ақ емес – күл ирең.
Жийекте қара булт – қара қулып...
Августта муз қатқан – қыс, сең.

Бәлентте шынжырлар пәрўазы.
Түсим – оң, оңым – түс. Сен исен.
Бәддуўа – көк темир ҳаўазы.
Мисли тас Шәрьярсаң, Август сен..

Әўметли металлар, қанатлы!..
Заманның полатзибан қусы – сен.
Мен сеннен қашаман ақ атлы...
Қайда қонбақшысаң, көк қус, сен?!

## БУЛ ТҮН ШАРАПХОРЛЫҚ ЕТЕЙИК, АҒА...

Жол ортасын өттик, ат бели талды,
бул таўлар қыснағы – жолдың дәрбенти.
Кеше ғәниймм ийти балақтан алды,
үзип – жулған жерин жамайық енди.

Боз думан қойнында бар кәрўан сарай,
онда бәзим қурар жәҳәнгезерлер.
Мәс сақый сапырар гүл - гүл рәң мәй,
лала ләб кесеге липлетип берер.

Саўытларды шешип, арқанлап атты,
бул түн шарапхорлық етейик, аға.
Қадалған оқ орны жаныма батты,
мәй симирсек мәлҳәм болар жараға...

Таў артында – таўлар, шөллер, көллер бар,
ертең және атқа ырғып минермиз.
Бизди күтип турған қандай күнлер бар?..
Пешанада барын бирге көрермиз...

## ҚАРЫЗЫМ КӨП

*Устаз Ибрайым Юсупов Жерге берилген күни жазылған қосық ямаса достым Қуўанышбай Оразымбетов пенен сырласыў*

Бир Алладан бийжуўап жақсы қосық жазылмайды.
Деми таўсылмағанша бендеге Жай қазылмайды.
Жүректен жақсы қосық жан менен бирге шығады.
Ол – тәнге жанды жетелеген Тәңримниң сазындайды...

Бахтыярда қосық жоқ. Қарақалпақтан жыр кетти...
«Тирилер»ден түңилип, бул дүньядан Тири кетти.
Енди ғана ер жеткен Поэзия жетим қалды.
Шайырларды жылатып Уллы Ибрайым пийрим кетти...

Ўаҳ!.. Жоражан, қәйтейин жүрегим музлап атыр.
Әлле нәрсе сызлатып ҳәм тилкимлеп дузлап атыр...
Өзим ғана аңлайтуғын, өзим ғана түсинген,
Асқар таўын жоғалтқан бир әлем бозлап атыр...

Сум әжел, бул қара жер жақсыларға тоймады бир.
Адамлар Сорша көксин ойғанын ҳеш қоймады бир.
Жүреклердиң төрлеринен орын алған Ағамлар,
Ўаҳ!.. Жоражан! Кең дүньяға неге, неге сыймады бир?!.

Мен бүгин бул Соршада бир кәрамат – Сезим көрдим.
Ағамның Жер Жайында Ҳақыйқаттың Көзин көрдим.
Аршы Әлем Ағласына Периштелер алып ушты,
Пийримди қушағына қолым менен өзим бердим...

Бул дүньяға, жоражан, айтатуғын арызым көп.
Өзим билген ҳәм билмеген өтеўим шәрт парызым көп.
Пүткил өмирим даўамы желкемде қылыш турар:
Уллы Ибрайым шайырға жақсы қосық қарызым көп...

*Нөкис. Сорша.*
*2008-жыл, 27-июль*

## ШЫҒЫСТА ОЯНБАҚТА ДӘЎ УҒЛАН – ТУРАН

Гүбелек, пал ҳәрре, бүлбүл болмаса,
Шөлистанға мегзер Гүл аралары.
Қуяш, ай, жулдыздың нуры толмаса,
Зимистанға дөнер Күн аралары...

Аңыз бар: «Аспанды көтерип турған,
Батыста Атланттың бели талады».
Шығыста оянбақта дәў уғлан – Туран,
Ол пәлектиң жүгин ийнине алады...

Аўа, оянбақта ғәплеттен Туран,
Ол Атлант тәшўишин өзине алады.

Оған мәдет болар дуўалар қылған
Хорезмниң палўан минаралары.

## ҚАҲАН* ҲӘР ШАЙЫР...

Сениң дәртлериңди түсинбес Айлар,
сениң дәртлериңди түсинбес қуяш.
Досқа да, жаўға да суў берер Сайлар,
устасы гүл ойса, қул оған ҳәр тас...

Заманлар айланар, айланар дәўран:
бул Жер аспан болар, Аспан жер болар.
Ерке тентек қосық ағып келер таўдан,
қосыққа садық журт саҳра, шөл болар.

Таўлар дала болар, шөллер көл болар.
Бәлентлик, тереңлик, кеңликте – қайыр.
Сөз қәдирин билген аламан ел болар –
қәдири бар елде қаҳан ҳәр шайыр...

## МЕНДЕ ШАШ АҒАРДЫ

*Өзбекстан халқ шайыры, достым Сражатдин Сайдқа*

Шайыр бир бәлелер қылмаса болмас:
кимге мәй, кимге қыз, кимге нас түсти.
Кимге шылым түсти – көк түтин жолдас,
сол төртеўине бизден көп ықлас түсти.

Усы төрт бәлениң бәҳәр, жазынан
жүзикке қас қонды, гейде қас түсти.
Жақсы қосық себепшидур жазылған –
көзден жас, көктен қар, таўдан тас түсти...

«Түнлер жапырақ яңлы жуқаласқан пайт»
айлар бәлент шықты, гейде пәс түсти.
Сөзле Сурхандәрья – Сражатдин Сайд!
Шайырлар көңлине қандай саз түсти?!.

«Үстимизден өткен айлар...» биледи:
яр деп, басымыздан алтын таж түсти.

---

*қаҳан — күтә әййемги замаларда қарақалпақлар патшаны «қаҳан» деп атаған.

Елиў жаста гүз самалы гүўледи,
менде шаш ағарды, сеннен шаш түсти...

*Термиз қаласы*
*2008-жыл, 7-ноябрь*

## СЫРЛАСЫЎ

Бир жүз беске шыққан мама кемпирге,
Ақыл тиси шыққан дана кемпирге,
Үш - төрт саўал берди ақлық келини,
Ақлықлы - шаўлықлы ана кемпирге:

– Мама - ана, дүньяда жақты жулдыз ким?
Мама - ана дүньяда шадлы ол қыз – ким?
Бар дейди дүньяда ышқы - муҳаббат,
Дүньяда бахытлы болған ол қыз – ким?!

– Жигитлер көз салса – сол қыз бахытлы,
Жүреги жаз болса – сол қыз бахытлы.
«Бир алтын шаңарақ тиклейик биз», – деп
Жигитлер сөз салса сол қыз бахытлы.

– Мама - ана, дүньядан кеўлим қалады,
Бир нәрсени билмей ишим жанады.
Бахытлы қыз болып жасаппан, бирақ,
Бахытлы келиншек қандай болады?..

– Келиншек – гүл, күйеў – бүлбил болады,
Гүлге бүлбил қонса кеўил толады.
Күйеўи келиншектиң шашларын өрсе,
Бахытлы келиншек сондай болады...

– Мама - ана, шад болдым. Және бир саўал:
Ҳәммеден, ҳәммеден, ҳәммеден гөззал,
Ҳәммеден бахытлы,ҳәммеден сулыў,
Ҳәммеден бахытлы ол қандай ҳаял?!

– Ҳәммеден, ҳәммеден, ҳәммеден абзал,
Қуяштан, жулдыздан ҳәм айдан гөззал.
Ҳәммеден бахытлы, ҳәммеден сулыў –
Баласын емизип отырған ҳаял!

Бир жүз беске шыққан Мама - анадай,
Ақыл тиси шыққан дана мамадай,
Ақлық, шаўлық ҳәм де қуўлық көргейсиз.
Бир әсир жасаған Ана - мамадай.

## МАҢҒЫСТАЎ ТОЛҒАЎЫ

Маң-маң басқан, маң басқан,
шуўдаларын шаң басқан,
ботасын излеп бозлаған,
көзлерин жас, муң басқан,
боз инген бе едиң, Маңғыстаў?..
Тамыры – алаў қан тасқан,
аўзынан көбик буркыған
қара буўра ма едиң, Маңғыстаў?..

Каспийден келсе таў толқын,
жоңғардан келди жаў толқын,
адайдың еркин, асаў халқын
қанатлыға қақтырмаған,
туяқлыға тептирмеген,
азыўлыға алдырмаған
Ақ Орда ма едиң, Маңғыстаў...

Көклем, жаз жасыл жайлаўлы,
төрт түлик малы – сайлаўлы,
жылқы, түйе, қой сыйыр
адай алдында айдаўлы.
Қысында қары уйыған,
нәҳән қыслаў – Нәнқыстаў;
мың бай қыслаған Мың қыслаў,
Мыңқыстаў ма едиң, Маңғыстаў?..

Ойлары – дуздың базары,
айдыны – қустың базары.
Арқадан келген бес жүз қус,
түсликтен келген бес жүз қус,
палапанлап өршиген
мың қус атаў – мың қус таў –
Мыңқустаў ма едиң, Маңғыстаў?!..

Арқадан – «аўзы жүнлилер»,
қапталдан – қалмақ сүңгилер.

Жаў жағадан алғанда,
ийт балақтан алғанын
булт қаўсырған күн билер,
ай, жулдызсыз түн билер.
Ат басына күн туўып,
суўлықлы суў ишкенин,
ер басына күн туўып,
етикли суў кешкенин,
батырдан басқа ким билер?!..
Шайырдан басқа ким билер?!..
Қалың елди муң қысты –
қайғы қысты, муң қысты-аў.
Муң қысты-аў, Маңғыстаў...

Тәй-тәй басқан, тәй басқан,
ат туяғын тай басқан.
Адай, Қосай урпағы
бабалар өткен жол менен
азатлық деп айқасқан.
жаў менен көп шайқасқан.
Ҳәр заманға – бир заман:
ер аманда – ел аман,
ел аманда – жер аман,
ел, жер аман – ер аман.
Үш жүздиң алтын сақасы,
көп ауданның ағасы,
өзиң деп көңлим тасып тур,
Қазақстанның Дарасы,
батырлық, ерлик, жомартлық,
бәрининң де сағасы –
ассалаўма - әлейкум,
мәңги аман бол, Маңғыстаў!..

## ТЕРЕҢ СУЎЛЫ ДӘРЬЯ ТЫП-ТЫНЫҚ АҒАДЫ

*Қ. Ж...ке*

Тереӊ суўлы дәрья тып-тынық ағады,
онда аспан, океан мазмунлары жәм.
Мийўалы дарақ елге «сынып» жағады,
жемисли алымға мақсымзадалық тән.

Сапалы сабақлар ҳәм пискен илимниң,
нурлы аурасы, биомайданы – Сиз!
Ал бирақ, бийталантқа қылыш көтерген,
дәҳшетли Тимуджини, Шыңғысханы – Сиз!

Сиз дойнағында бар тайларды көрсеңиз,
устазлық нур менен «гипнозлай аласыз».
Магистр, аспирант,докторлық иске – Сиз,
сейислеп, уллы жолға «сазлай аласыз».

Ҳәр кәсиптиң бардур өз генераллары.
Оннан да бәлентке умтылар көбиси.
Бирақ та ол тауға шыға алмас бәри,
илимниң болғайсыз генералиссимусы.

## БИЗЛЕР — БЕС ТУЎЫСҚАН

Әййемги Түркистанның Уллы Шынары –
тамыры мың әсирлик тарыйх – Терекпиз.
Шежирениң қар көмген Алтай шыңлары –
Бизлер – алтын мийраспыз, алтын дерекпиз...

Өзбек, қазақ, түркмен ҳәм ақ қалпақ қырғыз,
қарақалпақ – бизлер жумыры билекпиз.
Түркийлер дүньясында жанған бес жулдыз.
Дослық, туўысқанлыққа бақан - тирекпиз...

Тайғақ кешиўлерде ағайин – сүйенген,
тойда да, азада да мәңги шерикпиз.
Ширеге қарылған – сүтке ийленген,
қәлбимиз – ақ бийдай, шырмай шөрекпиз.

Бизлер – бес туўысқан тулпарлар желдирип,
бул алтын заманға ат басын тиреппиз.
Қуяш, Ай ҳәм Жулдызлар аспанға керек.
Аспаныў - зәминге де Бизлер керекпиз!..

Бир тән, бир жан – бир дил ҳәм қанларымыз бир:
бир баўыр, бир өкпе, бизлер – бир жүрекпиз.
Бул еркин заманда, дос, дәўранларды сүр,
биз Йапас әўладлары – Уллы Түрикпиз!..

# ӨГИЗ
# ДӘРЬЯ БИТИКЛЕРИ

## ҚЫРЫҚ ӘСИР КӨМИП КЕТКЕН

Көз алдымда
қуўырмаштай қуўырылған қумлар
шашылып кетеди –
қәлбимде пикирлер шашылар:
қарақалпақтың өтмиши деп үйренилген жыллар
усталарсыз қаланған гербишлер яңлы,
қыялымда... жығыла баслар...
Ғәлетий тынышлық...
ғәлетий толқынлар...
Жазыўсыз, сызыўсыз, жалғыз ноқатсыз,
тарийхтың жазылмаған бети ашылар...

Думанланған елес –
ысытпа... сандырақ...
Нәресте гезимде көрген шала түс яңлы,
рәззел дийўалларының арғы жағында
әжеп нур таўланар жарқырап...
Ол – тарийх ғәзийне. Ол – қуяш жанған.
Созсам қолым жетпес,
әрманлыман мен.
Ол меннен жырақ...
Нурлы сағымды
қуйынлар көмип өтер... қуйынлар...

Сахраның өмири –
жантақ тамырының ушынан басланар,
қырық қулаш тереңликти
қасарысып бойлаған.
Қушағы кең далада – тентек сахрада
халықлар жайлаған
бир ўақлар ел болды көп,
шәҳәр болды көп.
Қырық әсир көмип кеткен
қырық әсир тереңликке...

Зар еңиреп жуўырар қуйынлар...
Ақылы зайыл ана яңлы қуйынлар...

* * *

Мың өркешли түйелер – сарғыш қумлар
шөгип жатыр. Мың әсир...
Ўақыт – мың сандық.
Шатраш ойынындай шуп - шубар жыллар:
Жүрислер – соңы муң,
аза...
жаңғырық...

Жаңғырық... жаңғырық...
Усы жаңғырықта –
қайшылап қулағын атлар оқыранар,
бунда:
садақлар парылдап, қылышлар жыңылдар...
«Сахраның улларын, қуяшым, сақлап қал!..»

Саратан ыңылдар.
Қуйынлар ыңылдар.

Аўзынан
қан көбик буркырап
қара нар
ийесиз, әменгерсиз қаңғырып баратыр.
Қара нар жер дизерлеп
қулаған мәҳәл
ыңыранды бул дүнья –
жаңғырып баратыр
жаңғырып баратыр...
Усы жаңғырықта –
бийгүна лаплар.
Усы жаңғырықта – дүньяның дәрти.
Усы жаңғырықтың өзи де
жа-ар-ты!..

Халқымның тәғдири шатраш тасындай
Талай Ғайыпханның қолында кеткен...
Шөлдиң тарийх атлы кең тахтасында
Ақ таслар қара тасқа айналып кеткен...

Баўырым Оразан!..
Баўырым Маман!..

Сахрам,
мениң сахрам – көңлим қумлағы
қуўырылып баратыр мисли қуўырмаш...
Әсирдиң қызғыны – қуяш ондағы.
Мениң де жаслығым – тутылған қуяш!..

## ҚУМ АСТЫНДА МЫҢ САНДЫҚ

Мың өркешли түйедей сарғыш қумлар,
Мың әсирлик гәплетти силкип тасла!
Мың әсирлик көмкеўил мөхмин қумлар,
Мың әсирлик хәсиретти силкип тасла!!!

Қум астында мың сандық – ашып тасла!
Муң астында муң сандық – ашып тасла!
Мың әсирлик гәплетти айтып сөйле...
Мың әсирлик хәсиретти айтып сөйле...

## ДЕБДИЎ

Миллион жыл көкирегинде сақлаған дәртин
таўлар жарылып шығарар, жанып шығарар.
Бултлар хешкимге айтпаған дәртин
гүркиреп шығарар, жылап шығарар.
Дүнья бунша шерли болғаны неси?!
Мен қәйтип жарылайын, қәйтип жанайын?!

* * *

Өзге бир қудайларға,
өзге пирлерге
мүтәж емес мениң руўхым.
Китабый сөзлер –
«сак», «массагет»тиң
излеймен
жети бабасын,
дәрьяның әййемги аңғарларындай
тарийхтың әййемги
аңғарларынан,
шылпәрше гүзениң
сынығы яңлы

халқымның тарийхын излеп делбемен...
мәнзилим алыс...
Маған яр болың...
Маған яр болың...
әййемги Жайҳунның
әййемги руўҳы...

## ЖЕТИ БАБАМНЫҢ ИСМИН АЙТ, ЖАЙҲУН!

*«Гөне Үргеништен минген пышық Мары тамларынан түсер еди».*

*(Халық аўзынан)*

Жети атасының исми-шәрийпин
билип қойған парыз дермишлер.
Сенде
жети ата
болды ма, Жайҳун?
Тасып айт
сахраның тарийхын...
Тасып айт
кенарыңнан.
үш жүз алпыс әўлийе-әнбийедей
үш жүз алпыс шәҳәрдиң
тәрийпин.
Жети атаңның исмин айт, Жайҳун...
«Гөне Үргеништен минген пышықтың
Мары тамларынан түскенлигин» айт.
Қумлар көмигинде
қалған сайлардай
бәлким,
көмилип қалғандур
сениң тарийхың.
Унырап жоқ болған
таўлардай
унырап кеткендур
сениң тәрийпиң...

Үнсизсең...
Сол үнсизлик делбе қылады,
Жайҳунға айланған

жүрегим,
қанымды.
Сексенинши жылларда
ағып атырман...
әсир бетонларына урып тәнимди...
Ҳәм отлы тәшўишлер өртер жисмимди...
себеби Окс деп, Жайҳун,
Әмиў деп,
өзгелер
тарийх деген бир бет қағазға
жазып кеткен сениң исмиңди...
Жети атаңның исмин айт, Жайҳун...
Жети бабамның исмин айт, Жайҳун...

## ШӨЛЛЕГЕНМЕН ПҮТИН ДИЙДАРЫҢА

***«...Сынық гүзе... Сениң сынықларыңда халқымның өтмиши – тарийхы жайласқан. Қәнекей, сени оқый алсам...»***

*(Дәптердеги жазыўлар)*

Сениң өмириң Жайҳунның суўынан,
сениң өмириң Жайҳунның қумынан.
Лекин, сениң сынық тәғдийриң
кимлердиң ҳәмири менен?
кимлердиң буйрығынан?!
Оссуарийлер – сынық гүзелер.
Еплеп желимленген сынықларыңда
бир умман,
бир аспан
тарийхың жатыр.
Шөллегенмен пүтин дийдарыңа
жүрегим шөллеп атыр
жети бабамның
руўҳый дийдарына...
руўҳый дийдарына...

Өтмиштиң ашылмаған
Аўыр Дәрўазасы!
Ашылың маған!

* * *

«Тай-қулындай тебискен,
таласып емшек емискен...»
Нуў пайғамбардан қалган журт,
жети жәҳәнди алған журт –

Өгиз дәрьяның шақында,
Жети қарақшыдай жанған журт,
аўзы бир – алтаў, төртеў – түўел:
алты аға, төрт ини,
«Қутадғу билиг» қонған журт.

Қыйыры – Шығыс, Қаракөрим,
арқасы – қарлы Сәўирия,
шыйыры – Пәрәң жерлери,
қаҳаны – Аттулға, Уллы Түрк.

Түркән ойда тайлары,
шурқырап айға киснеген,
беллеўдеги гүмис суўлықты,
жулдызым деп тислеген,
Нуў пайғамбардың шуўлығы
Уллы Түрк атқа минген журт.

Қарда туўылған қара қулын,
қара айғыр болып қарғыса,
қырық жигит қарда қанжарлап,
қыз шашындай қап - қара
қуйрық - жалды бир қушақ,
туў көтерип күлген журт...

* * *

... алты аға кетип алысқа,
төрт ини таңда тарысқан,
кеше төс төске қағысса,
бирин - бири бүгин шабысқан,

қаҳанлық иске қул келип,
қул менен алтын, пул келип,
ҳасылзада қыз ҳәм ул өлип,
бул журттан қуттың қусы ушқан,

төрт туўысқанның даўынан,
пайдаланып билген жаўы да,
жай тартып үлкен алтаўы да,
ханаласлар болған душпан,

«Тәңиримниң келди қәҳәри...» –
бул Түркәнниң посты бәри,
несийбеси шашылған тары,
яңлы берекети қашқан...

* * *

Түркән ойда «Жети қарақшы»ға телмирип,
журтымды ойлайман:
Уллы Түрктиң бүгинги жуўлықлары
Өгиз дәрьяны ноқталап, еки шақын балталап сындырған.
Тирилей терисин сыйырып,
Қызыл қум ҳәм Қара қумға,
шашып атыр қанын Өгиз дәрьяның.

Бул қумлар қанға ҳеш қанған емес...

Түркән ойда «Жети қарақшы»ға телмирип,
уўайымлайман журтымды:
Топан суўды умытқан, Нуў пайғамбарды умытқан,
енди топан қум басатуғынынан бийхабар,
Журтымды уўайымлайман.

Алты аға алаланып аўзындағыны алдырған журтым,
төрт ини дараланып, қағанатын жаўға қалдырған журтым!
Қайық жасап, топан суўдан сақлап еди Нуў пайғамбар,
топан қумда жаныңа араша түсер кимиң бар?!

«Қутадғу билиг»тиң қәдирин билмей,
кесапатына гириптар болған журтым.

*1988*

## ТҮРК БАБАНЫҢ ҚӘҲӘРИ

«Ел болармыз...» деп едик –
асқар таўлардай әрманлы.
Қызыл алтын – ҳасылзадалар,
(ийт емес) тегимиз бөри едик.
Алты ағамның аўызы алаланды.

«Биз халық боламыз!» деп едик...
Қылышлар қынында татланды,
найзаларының сабы қамыстан,
шуғыллар жолға атланды.
Қарағай саплылар сынып едик.

«Журтым – журт болсын!» деп едик.
Қуллыққа қашан көнип едик?!
Өлдик – бирақ, еркин жүрип едик!
Усы ҳалға да келип едик...

Аўызлары ала алты аға,
қулларға тартып тахтыңды –
қулларға бердиң бахтыңды.

Ат болған тайларды билмеген – бәтшағарлар!
Тулпарларға қамшы сермеген – бәтшағарлар!

* * *

«Қардың басын қар алар,
ханның басын хан алар».
Руўҳы қул бенделер,
теги шийки, қам болар.

«Қардың басын қар алар,
ханның басын хан алар».
Ашлықта қол жаймайды,
Беглик аттан түспейди,
теги – ҳасылзадалар.

«Қардың басын қар алар,
ханның басын хан алар»,
ҳасыл қустың баласы,
бәлентликке ғамланар
қанатларын қомланар.

«Қардың басын қар алар,
ханның басын хан алар».
Шығысы пәс жигитлер
мәккар болар, сум болар...
қарны тойса қул болар.

«Қардың басын қар алар,
ханның басын хан алар».
Теги ҳасыл жигитлер
Жулдызы мол Түн болар,
бултлары жоқ Күн болар.

* * *

Баданакөз ақсаўыттан тәниң көринсе,
жүрегиңди байлап атады Алшағыр,
тоғыз қабат полат тордай сөтиледи,
кеўлиңдеги аппақ қустың қанатына қадалар.

Жәҳиллер жаныңды жәҳәннемге жиберер,
қанжары қайралған нәмәртликтиң қайрағына.
Күнтийдиң қанжарының еки жүзи бар –
сермелсө қанжоса қылады руўҳыңды.

Шаўып түспек ушын геллеңди – руўҳыңды
жетибас жәҳиллер жолға ғамланар.
Жүрегиңди сақла темир қорғанда,
қәлбиңди көрсетсең Көбикли дәўге,
жетпис батпан гүрзи урып жент қылар,
мың жыллап әлпешлеген лала гүлиңди.

* * *

Балхан таўда бозладым –
үзик-үзик кәрўанлар,
шығалмас шың басына.
Қанаты қыйық куслардың,
ҳәсиретли көз жасында –
булдыр-булдыр әрманлар...
«Балхан таўдың басында,
Балық ойнар тусында...»
қарлығып ушар қаршыға:
Әдира ғана қалғанлар!..
Әдира қалған әрманлар...

Көптен қалса боталар,
естен танды аталар.
«Қайыңның түбин суў алып» –
қолларға семсер, туў алып,

қурсанып көк темирден,
«я өлим, я өмир» деп,
қалың жаўды қыйратып,
билеклери талғанлар...

Балхан таўда бозладым:
«Қара қылды қақ жарған,
Булғар журтты сораған,
қәне, ҳасыл пәрманлар?!

Үзик-жулық кәрўанлар –
үзик-жулық шежире:
бабам сүрген дәўранлар» –
дейип кеўлим елжирер.

Қанаты қыйық қуслардың
тасқа қурбы жүрмейди.
Жутып көзде жасларын,
түлки жүрмес түнекте,
шеңгелликте түнейди.
Түслерине енеди,
Азаўдың ақ айдыны.

Балхан таўда бозладым,
Қафта – кеўлим қапалы.
Алыс жолларға сазладым,
руўҳымды жапалы.
Қарағай саплы найзалар,
қалтырар Аққерменде –
әрманым мың шақалы:
мың әндийше бар менде...

* * *

Әййемги Түркистанның бүгинги баллары,
таңлап мингендейин арғымақ аз үйирде,
керилип жай тарталмас – иленәзик қоллары,
балықкөз ақсаўытты толтырмас ийинлери.

Әййемги Түркистанның бүгинги баллары,
исфаҳаны қылыштың қосықларын умытқан,

умытқан бабамның журтын – Балхан тауларын,
Едилде қалған елин, жайлаў – Жайықты - ҳәм.

Әййемги Түркистанның ертеңги балларын,
алып етип туўғандай алып Ана жоқ,
шердиң жүрек - бауырына жерийтуғын көкирек,
шерге сарыжай тартар билек – шама жоқ.

Әййемги Түркистан – қашқашшы ғаррыдай,
бул әййемги топырақ – қаны аз Ана.
Тайлар ат болалмас уўызында жарымай –
Алпамыс болалмайды зәҳәрленген бала.

* * *

Тайлар ат болдық деп киснескен шөлде,
Алпамыс, Қобланлар туўылған елде,
камар табылмаса буўыўға белди,
Байшубар шылбыры аўыспады ма?!

Атлардың басына күн туўса егер,
етикли суў кешер «Ел!» деген ерлер.
Дәуир салмағынан таслар езилер.
Ағалар, қәддиңиз қайыспады ма?!

Заманлар изинен – заман кәрўаны.
Патшалар соңынан – патша пәрманы .
Маман ҳәм Айдостың тилек - әрманын,
Ағалар, Бабамлар айтыспады ма?!

Шайырлар айныса жүрек сөзинен,
Батырлар айныса мәртлик сезимнен,
Кәтқудалар қашса жанның ҳәзине,
Ағалар, бекликти жойтысқаны ма?!

* * *

Түсиме енеди Байсын таўлары –
басына күн туўған арғымақлар киснер.
Ағасыз қалған журттың басы ғаўғалы:
ат болған тайлардың дәртин ким түсинер?!

Өз журтын таслап көшсе Байсарылары,
мәмилеге келмесе Байбөрилери,
бул елат мың рет және шабылады,
етикли суў кешер мың рет ерлери...

* * *

Ата журттан айырылып
баўыры қан болған халқым.
қанаты Түркистанда қайырылып,
кеўлине ғам толған халқым.

Ат белине мингендей,
Оразан батырдың қостары жоқ –
атадан жалғыз сорлының,
қәдемин қағар таслары көп...

Қубладан келген қуба қус:
«Ата журт – Уллы журт!» дейди.
Мың жыллық ғәплеттен оятар қобыз,
ата тилимде сөйлейди...

Сөйлейди ата тилимде –
ыңыранып атыр далалар.
Буйыққан Ана хәййиўине,
оянармекен балалар?!

*1989-жыл*

* * *

Шөллер қозғалады, көллер қозғалады,
Аспан сағынған қус Шыңға көз салады.
«Қанатың сынбасын...» – Гүллер қозғалады:
Мениң әрманларым – Аспан әрманларым.

Таўлар қозғалады, таллар қозғалады,
дәртли жүрегимде жанған қоз қалады.
Бир үйир ат болған тайлар қозғалады.
Мениң әрманларым – Дәстан әрманларым...

Дәрбент қозғалады, жоллар қозғалады,
қәлем, бел услаған қоллар қозғалады.

Уйқылап жатқан Қоблан – баллар қозғалады,
ояў әрманларым – тасқын әрманларым...

Шыңлар қозғалады, суўлар қозғалады,
Бабам сақлап келген туўлар қозғалады.
Ата журтым сенде Бәҳәр, Жаз болады,
Дәстан әрманларым, Аспан әрманларым...

*1989*

## БЕРДАҚ ШАЙЫРДЫҢ ТОЛҒАЎЫ

***Ханлардың ҳийле-шырмаўыгының себебинен қарақалпақ батырлары Бегис пенен Мыржық әрманда көз жумды. Өкиниш өзегин өртеген Айдос бий де көп узамай гелле қылынды...***

***Ерназар алакөз де шейит өлди...***

***Халықты изине ертеди-аў деген бийлери ҳәр жаққа тартқанлықтан, батырлары ҳәр жаққа сүйрегенликтен, байлары өз билдигин ислегенликтен, оларды сөзине турғызатуғын, төрелик, кәтқудалық ететуғын кимсе шықпағанлықтан болды буның бәри...***

***Барлығын кеўил тәрезисине салып, көкиреги танып, күйинип жүрген Бердақ былай деп ыңыранған екен:***

Болар елдиң баллары
бирин бири «батыр!» дер.
Болмас елдиң баллары
бирин бири «қатын!»дер.
Жаў қуйылса елине
туўысқанын «жатым!»дер.
Нәмəртте намыс болмайды –
үш күн ашқа шыдамас.
Қан майданда киснеген,
ғарш-ғурш суўлық тислеген,
батырдың минген атын жер.
Елдиң кәтқудалары
даналық етсе басынан,
ел кетпейди қасынан,

жолынан тайса егер де
жұрттың ұры-саяғы
шыбын жанның ғамында
батырын атып сыртынан
жигитлик арды сатып жер.
Булт болмай жел болмас,
жаўын жаўмай көл болмас.
Мыңсан бийден не қайыр,
санмың мәрттен не қайыр,
қәтқуда болмай ел болмас!..
Халқым-аў, саған не болды?!
Намысың жаўға жем болды...
Мың қыялдың дәрбенти,
қайда жүрерин билмей
Бердақ муңға батып жүр...
Бердақ муңға батып жүр...

## БУЛ ЖУРТТЫҢ БАТЫРЛАРЫ ҚАЙДА?!

Безигип сыбыр-сыбыр Гәплерден,
безигип нәўбетши Мәплерден,
көкирек керип турған,
саўлат, көрик болған,
қарақалпаққа айбат берип туған,
кеттим Шылпық қорғанына –
пайыў-пияда.

Силкинип қонған қырандай, уяға
силкинип жеттим.
Қәлбимде саўал,
санмың дәрт:
«Бул жұрттың батырлары қайда?!
Бул жұрттың шайырлары қайда?!»

Силкинип оянар бир елес.
Руўҳымды силкилер сол елес:
«Батырлар мың жыллық ғәплетте.

Шайырлар бир әсирлик уйқыда...
Оятыңлар!
Алпамысты...
Шәрьярды оятыңлар...
Жалалатдин Мангубердини оятыңлар!
Ерназар Алакөзди...»

Қәлбимдеги саўал,
санмың дәртлерим
санмиллион жапырақларай сылдырласады,
шексиз тәшўишлердиң дәрўазасын ашады:
– Мынаў Әмиўдәрья тасып турмаса,
анаў жетим Арал толқып турмаса,
Батырлар мың жыллық ғәплеттен оянбайды –
Шайырлар бир әсирлик уйқыдан...
Оянбайды...

## АТАМ ГЕНЖЕМУРАТ НӘҲӘН ҚУРАШТЫҢ АЙТҚАНЛАРЫ

Боласынлы балларға
ханлар:
«Таўларға атлан –
жаўларға атлан...» – дейди.
Бес жасынан белли
Қоблан, Алпамысларды
дәўлерге айдап салады.
(Кеўлинде мәккарлық жанады)
Себеби: боласынлы баллар,
батырлар
буўыны қатып, билеги толысса,
«Елим!» – деп ер жигитлерди изине ертиўи
мүмкин,
Кисенлерди, шынжырларды үзип - сөтиўи
мүмкин –
ханлардың түбине жетиўи мүмкин...

* * *

Адастырды мени думандағы Ай,
бир жасыл атаўға тасладым көшки.
Сырлы сыңқ - сыңқ күлер гүмис суўлы сай,
сақлықтың саўытын ийнимнен шештим.

Қуяш ләблеринде – денем аманат,
жаным жатыр мисли жәннет төринде.
Бир ул, бир қыз келди қырмызы янақ,
периштелер ойнап кекиллеринде...

Жалаңаш жаўрыныма сызды сыр - нағыс,
бояўы – қуяштан, көктен, гүллерден.
Шанқақ ҳүжиўдиме тасқын бир ағыс
синди шымбыр-шымбыр иреңлер менен.

Оң ийнимде мөр бар Орда Семсери,
шеп ийнимде жайнар Хризантема...
Ғулпағын өрген Ер жапты еңсеме
зер шапан. Кәмары – сақа алтыннан.

Бул әжен тарийхтың гириптарыман,
Атаў – Әлем – Көңлим тып-тыныш еди.
Еки нәрестениң айдарларының
ҳәр талшығы тилла ҳәм гүмис еди...

* * *

Лолылар көшип кетти «Бақша сарайдан» –
саз-сәўбетсиз қалды пинҳамы булағым.
Думанлы соқпаққа телмирип қарайман.
Думанлы тәғдирдиң жоқдур турағы.

Сел – нөсер жуўып өтер қәдем излериң.
Сел – нөсер өширмекши: ядымда не бар.
Аҳ, сениң Қаракөлдей туңғыйық көзлериң!
Қызыл-жасыл шатыр, киснескен атлар...

Атлар тепсинеди... тастан от шашырар.
Тасларға изи түснес жалаң аяқтың...
Лолылар бәрқулла қайдадур асығар?!
Лолылар отырықшы журты қаяқтың?

Сайўалға жуўап жоқ. Қафа таўларының
айбаты, саўлаты, уллылығы – тикжар.
Таста сийнең силкинген жилўаларының
жалаң аяқларыңның жыллылығы бар...

* * *

Қаталлық, нәзикликтиң бул дәрғаҳында
аязға, әптапқа итибар бердим мен.
Апрельдиң ықласын соншалық сағынған
қырмызы лала гүллердиң
көкирегин керип,
қара граниттиң жылап турғанын,
көрдим мен.

* * *

Теңизде адасқан жәҳиўдийлерге
түнлерде жол көрсеткен
үмитин алыстырып
Қырым шыралары.
Қутырынған
он еки балл толқыннан гөре
айбатлырақ, суслырақ ҳәм жумбағырақ
тисин тисине қойған
таўдың жыралары.

Теңизде адасқанлар тапты жолларын
толқынлар серпилип, дәрбент ашылар.
Таўда адасқанлардың мүшкил ҳаллары –
Теңизде шырашы жоқ.
Руўҳым қамсығар.

* * *

Жигиттиң баҳадыры
аўзы қанға толса да

жаў алдында түпирмес –
зәҳәрин ишине жутады.

Миллиард күнлер батып еди,
миллиард таңлар атады.

Сол миллиард түнлерди жүрекке сыйдырып
қара түндей тасларға
айналған екен қырық батыр.
Тарийх – Бүлбүлгөя қустың дәстинде
Мың әрман менен қырық Шәрьяр
Әнжим қарындасын күтип жатыр ...

* * *

Әййемги уллы Алан имаратларының
Мың жыллық тамыры мрамордан ибарат.
Толстованың[1] маңғыт, қыпшақ, қоңыратларының
өтмишин сорағлап
аяғын сүйдим
Бақшасарайдың
«Дәрегин айтыңлар жети бабамның!»

Тил-зибансыз сазырайған Қырық ор
жартасларының
үңгирлеринде
аян берди жети бабамның руўҳы –
қәлбим қамасты.
Жети қат жер астының зилзиласындай
ыңыранады
Қарайым аспанының гүлдирмамасы.

* * *

– Әсирлер соңынан – әсирлер кәрўаны.
Заманлар соңынан – заманлар дәўраны.
Бақшасарай тахтында дәўлет қалмады.
Неге ада болмас көз жаслар?!

[1] Толстова Л. С. – алым, «Жоқарғы қарақалпақлар» китабының авторы (Б.Г.)

– Дәрт деген маған да, саған да бағынбас.
Ҳәсирет ҳәўири заманға бағынбас.
Дүньяның мың иси – ялғанға бағынбас.
Сонлықтан ада болмас көз жаслар ...

# БИР ТҮСИНИККЕ СЫЙМАЙДЫ ДҮНЬЯ

* * *

Батысқа қарасам – Арқа оңымда.
Шығысқа қарасам – Қубла оңымда.
Демек, бул дүньяның мәнисин уғыў –
өзимниң қолымда!

## АТ ЭЛЕГИЯСЫ

Шабысқа қумартқан ғарры арғымақ,
желигип шылбырын үзди де кетти.
Дойнағы қызғанда аршыл жәниўардың,
қушағы кең дала дүбирлеп кетти.

...таплап өскен жердиң лала гүллерин,
ғапылда сүрникти бир қыяқ тасқа.
Жәниўар, сезди ме соңғы демлерин ...
телмире оқыранды батқан қуяшқа.

Ҳәм муңлы көзлери сонда мөлтилдеп,
қулыншақ гезлерин ойлай баслады.
«Атты ҳадаллайық тирисинде», – деп
жолаўшы қанжарын қайрай баслады ...

## САЎАЛ

Ҳайранман. Көздиң тәғдири – күлмек, жыламақ.
Ал, ләблер бийопадай туйылады маған.
Өмирим – ағып атырған дәрьядан ибарат.
Сезимниң шыңларынан басланар сағам.

Бизлер – айтылмаған дәртли жырдаймыз.
Делбемен бир нәрсени, бирақ, билмеге:
«Көзде жас қалмағанша неге жылаймыз?!
Көзден жас аққанша күлемиз неге?!»

* * *

Қамқа тон, зер шапан, шегирме менен
сүңгиген кимселерди Тереңлик жутады.

Ал, жаңа туўылғандай Ҳаўа енеден
Жалаңаш сүңгигишлер бәрин де утады.
Батырлық шешиндирер – кийиндирер Батырлық.
Иш кийим...
Диз кийим...-
Оны да шешип таслаң!!!
Жалаңаш тәнińизди уқшатып, «қатырып»,
Тереңлик жасырар!
Тартынбаң!

* * *

Сел, буршақта қалған қәлбиме
февральдың аязы – ҳөктем.
Музғалақлы ҳарғын таңды мен
еслеп жүремен мәңгиге.

Сәл жибискен кеўлим бостанын
февраль қары тоңлатып кетти.
Алғаў-далғаў түсиник аспаным
мың әндийше аңлатып кетти.

Бир түсиникке сыймайды дүнья:
Мың әндийше – миллион қубылар.
Бир басыма – мың дәртти қыйған
жаўын, буршақ, қарлар қуйылар...

Қула дүзде жаўрап, жабығып
силкинемен, алда нәзерим.
Марттың қоламтасын сағынып
алысар ғәзебим...

* * *

Ислетип атырмыз тасты, темирди.
Таслар – имаратың, темир – көлигиң.
Топырақтан ийленген гөззал өмирдиң
сездиң бе, анасы Жер екенлигин?!

Таста – Адам турқы, темирде – зибан.
Ўақыттың алдында бәри де жемирилер.

Мына гүл дүньяның турмағы гүман
балқытылмаса егер
жүреги темирлер.

## ЗӘҢГИЛЕСЛЕР

Зәңгилер зәңгиге қағысқан мәҳәл
атлар
тар соқпаққа тарысар екен.
«Баршыннан дәмели» шабандоз балалар
ғыйт-ғыйтын жеткизип барысар екен
қамшысын былғап...

Қырық арғымақтың қызса дойнағы
алыс қапырымлар –
таяқ таслам жер.
Олар дүбирлетип сайды, саланы,
зымырап қалып барар – мәнзил – аспан – жер!

Сонда есирискен қалың аламан
қыйқыўласып турар толқыған сеңдей.
Алыс ат қашырымын сынап қараған
тәшўиш бар менде...

Зәңгилер зәңгиге қағысқан мәҳәл
шабандозда намыс жанады екен.
Жүзинде қуўаныш аралас қәҳәр...
Бир-бирин
қамшыласып алады екен...

## ТҮСИМДЕ

...«Қабақлы ата» дағы ақ шашлы гүжим,
аспанда өсип тур, тамырында – бултлар.
Күн әлле нәрселерден шоршынып, безип,
сәскеде нәрестедей тоңып қалтырар.

Ҳәм бултлар қатып қалды жартаслар яңлы,
ҳаўа – муз, самаллар – муз, даўыллар да – муз.

Ошақтағы жалынлар муз болып қалды.
Сөзлер – муз, гәплер – муз, қосықлар да – муз.

Шашымның талшықлары жарылып кетти.
Қарлығашлар илинип қалды аспанда...
Даўыссыз бир саза жаңғырып кетти,
Дәрьяларда, көллерде, елат, тасларда...

## НУЎ ПАЙҒАМБАРДЫҢ АЙТҚАНЫ

Дүньяны топан суў басқан пайытта,
ҳәмме жан сақлаған дейди қайықта,
қурт ҳәм қумырсқадан жыланға дейин,
ушқан қус, жуўырған қуланға дейин.

Басына күн туўып ҳәмдам болыпты.
Аға-ини, жаны бир, бир тән болыпты.
Нуў айтты: «Жер ҳәм суў, қуяшлы аспан –
балық, қус, тоғайда аң, инсан – туўысқан».

Айтты: «Тиришилик тийкары биреў –
ол тийкар... – бир-биреўге жақсылық тилеў».

* * *

Таллардай мүлгиген саратандағы,
тыныш өмириңниң жапырағын шашып,
Жасыл Жаслығыңа кеўип аңқасы,
ҳарғын Гүз киятыр қушағын ашып.

Шашылып атырған сарғыш нурлардай
сағынышың сел болып қуйған гезлери,
көз жасын жасырған түнги дилбардай
ойшаң күлимлейди Гүздиң көзлери.

*1986, 1-август*

## ӨТКЕН КҮНЛЕР

Қайта келмес бул өткен күнлер...
Сағынышың менен муңларың,

шер сирескен әрманлы түнлер,
жылжый берер ғамлы жылларың.

Мәжнүн талдай ғамгүн өмириң,
жасыл жапырақ жайса да әўел,
бул ўақыттың изей, кебири,
ғаррылықтың дузларын себер.

Ҳәм жапырағың сарғая баслар.
Бурынғыдай толқымас жүрек.
Сағыныштан ағарар шашлар.
Бар сымбаттан айрылар терек...

Қыйқыўлаған қустай, мысалы –
пүткил өмири дәртин жасырып,
бизди таслап жыллар ушады...
Қайларғадур барар асығып...

*1986, 19-июль*

* * *

Қустай силкиниўге димар қалмаған,
бенлениң кеўилин жубатсам дейип,
бәлент-бәлент шыңлар ўәде етемен.

Түнниң көкирегин қарса айырған
наўрыз жасынлары қорқытар оны.

Шақмаққа бир қәдем жақын болыўдан,
атлы қашады ол, көзи – жумыўлы,
«басыма түсер» деп сескенгенликтен,
әрманы – қырық қулаш ин қазып жасаў.

Оған бәлент шыңды умытыў – бахыт.

* * *

Зағарасы пүтин емес бенлениң,
қалай пүтинлерсең ақылыў-идрәкин?! –
Қунарсыз топырақта өскен дарақтың,
несийбеси жарты – мийўасы дәмсиз.

Пүтин гербишлерден тикленер сарай.
Сынық гербишлерден баспана қурған,
бенде зағарасын пүтинлеймен деп,
сезбеди өткенин жарты өмириниң.

* * *

Дәрьялардың терис аққанын көрдим.
Көрдим булақлардың тасқа айналғанын,
аспанда бултлардың лаўлап жанғанын.

Оңымнан шоршынып уйқыға қашаман –
түсимде шоршытар қара айдарҳа,
аппақ айдарҳаны шайнап атырған.

Аяқ-қолым тасқа айланғанлықтан
қара айдарҳаны қылышлай алмай,
өлип ОЯНАМАН мың әрман менен.

Өлип оянғанның күни қурысын –
өлип ТИРИЛГЕННИҢ күни қурысын,
дәрьялар ақпаса өз жолы менен,
булақлар зер-зебил болып жыламаса ...

* * *

Телпегиңе теңге тасланбайды, бирадар,
кәрўанлар өтеди, мың-мың кәрўанлар.
Тилланың қәдирин билмеген, бирадар,
«үмит ет» зәҳәрди, запыранды жутып –
ушанлар алыслар, мың-мың ушанлар.
Телпегиңе теңге түспейди, енди,
аспанға қол созып зарлансаңдағы,
бес ўақ намаз оқып жығылсаңдағы.
Поездлар зымырар, санмың поездлар,
телпегиңе теңге түспейди.
Кәрўанларға керек күшли аяқларың,
ушанларға дәркар күшли қолларың,
поездларға зәрүр илимиң, ақылың.
Телпегиңе теңге түспейди, енди,
сатарсаң күш - қарыў, парасатыңды,

тәниңди, жаныңды пуллайсаң, енди,
қарабақыр толы тилласыз телпегиңди...

* * *

Бул дүнья сарайдур – жаңылтпаш яңлы,
мың да бир исинен ақылың жаңылар,
гүмис дийўалында саза бар ғамлы,
сол гүмис дийўалда күлки жаңғырар.

Тахтта Тәғдийр отыр – уллы ҳүкимдар,
бендесин сынамақ – кәспи - талабы:
бир күниң патшалық, ал бир күниң дар,
төбеңде салбырар, арқан, шубалып.

Тилиң жаңылысар – пикириң сүрнигер.
Ўақ-әй, яндырады дүньяның ислери!
Келмей бир келиппиз дүньяға бизлер,
енди кетиў – әрман. Жүрмиз тисленип...

*1987*

* * *

Түсинбеймен өзиме өзим –
айсыз түнлеримде қардың үргини
бораса ҳәм таслар талайыма мениң,
пешанамнан аққан қанды сүртинип,
мен және бийикке – аспанға өрледим.

Шөлде ҳешкимсесиз жалғыз қалғанда,
семсерди услаған билегим талғанда,
бул опасыз дүнья – мына ялғанда,
алтынлар мыс екен, соны серледим.

Суймурық ушып кетти аспанларына,
мәртлер бәдер кетти дәстанларына,
елеслерин ғана жүрекке жерледим...

* * *

Тас боран астында қаларман – бәлким,
муқаддес топыраққа шым-шым сиңермен,

Жаратқанның алдына ушарман нурдай,
тапсырмақлық ушын аманат мүлкин.

Топырақтан гүл болып шығарман – бәлким,
қара ҳәм де сурғылт тасларды аралап,
бул ғәрийп дүньяға нурдай таралып,
бәҳәрде сел болып жаўыўым мүмкин.

## ДОСТЫМНЫҢ МОНОЛОГЫ

*(ҳәзил)*

Прозада повесть анализленди.
Еркекке усайды роман деген.
Ретин таўып та-ак.., биз енди,
Давай, шуғыллансақ лирика менен.
Ерке есер қыздай поэзияның
Барлық мүшелерин, сыйпасаң тәнин...
Аҳа! Абсолютно тиймес зыяным,
Йаша, блондинкам, қасыма кел, жаным...

## ДОС ЖАҚСЫСЫ

Душпаны көп, жалғыз досты бар жигиттиң,
Ай, Қуяштан бәлентирек намысы болар.
Мыңнан озған арғымақтың – тулпар аттың,
яки шубар, яки қасқа белгиси болар.

Аппақ гилем таңландырмас дуў әлемди –
гүл ғалының әлўан ireң нағысы болар.
Байшубардың ҳөнерине көз сал енди:
таўда, қумда, музда түрли шабысы болар.

Тәңирим берген, ғәзийне – дәрьялардың
оң тәреп ҳәм шеп тәрепи – жағысы болар.
Гейде тасқын, гейде йошлы, гейде ҳарғын,
гейде дана, ғейде жинли ағысы болар...

Отта, дузда, бурыш-пыязда писken тамақ.
дым мазалы, дәртке даўа – мағызы болар.

Достың ушын жүрек-баўрың болса кабап,
бул өмирдиң мағанасы – мақызы болар.

Бул дүньяда дос түри көп, жетпес ақылым,
ең садығы, опадары қайсысы олар?!
«Ер шекиспей бекиспейди!» - Халқ нақылы:
«Жәнжеллесип жарасқан дос жақсысы болар!..»

# ЛИМОННЫҢ, АЛМАНЫҢ ҲӘМ ҚАРДЫҢ ИЙИСИ

* * *

**Басы жоқ.., соңы жоқ... – шексиз бул умман...
жүрегим сызлайды. Жойттым кимлерди?..
Таң атар, созылып жатар ақ думан,
өзим тилеп алдым усы күнлерди.**

**Толқынлар.., толқынлар.., және толқынлар
тасқамал көксиме урар өзлерин.
«Мениң жүрегимде жойтқан кимиң бар?
Мениң теңизимнен кимди изледиң?..»**

**Ай өтти.., жыл өтти.., өтти мың әсир,
бул умман қойнында ушан көринбес.
Күн-түн жүрегимди сызлатқан сол сыр,
сени де, сени де ҳеш таслап кетпес...**

* * *

**Кеше шашларыңды сыйпаған самал –
бүгин айбықәддем. Тартып жулқылар.
Қайттым өз шатпама, қайығыңда қал.
Мейли, желқомларын көтерсин қуллар.**

**Тәғдирдиң таяўын таян, Ақ қуўым.
Мен турған жартастан алыслағанша.
Сени умытайын... Сен меннен суўын,
ескеклерин ессин қуллар барынша.**

**Исен, сени күтип алар ақ сарай,
тиллалар, ҳасыл тас, дәўлет ҳәм иззет.
Аспанда – жалғыз, ай, жерде – өзиң ай,
пайыңа бас урар қаҳанлар жүзлеп...**

**Кет енди!.. қайрылма кейниңе ҳәргиз,
қәлбиңде не болса, өрте ҳәм өшир.
Миллиард дәрт – алдымда. Өтинишим жалғыз:
Сен мени кешир... Сен мени кешир!..**

## ЖОҒАЛТТЫМ

*(муўашшах)*

Қалы бар гүлди көрип, сабыр-қарарды жоғалттым,
Аз-маз уятым бар еди, уят-арды жоғалттым.
Ләбинде күлки көрип, қам сүт емген бенде болдым,
Лал болдым ҳүсн-көркиңе, үйге сапарды жоғалттым.
Ышқыңда дәрўиш болдым «Черемушка» арасында,
Гәп айттым алжы-булжы, өзимде барды жоғалттым.
Үйиңниң қапысын мезгилли-мезгилсиз қаққым келер,
Лап емес, шын сезим, Мәжнүн Бахтыярды жоғалттым...

## ЕНДИ ҚАЛАЙ БОЛАР?..

Арқада – аяқ жоқ... Түсликте – бас жоқ.
Түн гирдабы жутар жулдызымызды.
Миллиард эра жойттық күндизимизди.
Айым, жоғалтпайық бир-биримизди.

Түнниң арбасына қуяш – дөңгелек.
Ўақытқа қайралып қызғанға мегзер.
Ол да қартайған ба – тозғанға мегзер.
Музлар жыламақта.., не ушын, сездир?..

«Өзиң яр болғайсаң, Тәңрим, сақла!..» деп,
қашып киятырман қараңғылықтан,
ушып киятырман нурға – жарыққа.
Мисли айдарҳадан қорққан балықпан.

Айым.., көзлериңде гәўҳар мөлтилдер...
Енди қалай болар Сениң тәғдийриң?.
Енди қалай болар Мениң тәғдийрим?..
Желқомлы қайықты жутпақшы ийрим.

* * *

Билип-билмей аппақ қарға қуладың:
қарға саўлап түсти қызыл алмалар...
Поса тилер, еркем, қаншийе ләбиң...

Себеттеги коньяк ҳәм де лимонлар
ақ мамыққа – қарға атты өзлерин.
Еки бетиң лаплап лаладай жанар...

Алтын шашлым, опа тилер көзлериң.
Гүмис күлкиң ҳәм де муҳаббат жыры,
ушырасыў, айралық, ләбиң.., ҳәммеси –
тилимде, қәлбимде сақлаған сырым...

Мәс минез, тентек наз – ерке нәпеслим,
посаларға сақый сени сағындым –
лимонның, алманың ҳәм қардың ийисин...

## «ЖӘНЕ ЖАЎЫН ЖАЎДЫ...»
*(сонет)*

Және жаўын жаўды... Жүрегим – бәҳәр,
қәлбимди сөтеди гүлдирмамасы.
Тәғдирдиң тәбиятқа уқсаслығы бар;
айбықәддем еди Гүлдиң анасы.

Шийелер гүлледи, мисли аппақ қар.
Бүлбил сайрар еди ышқы намасын.
Аппақ шийе бағда бир муңлы дилбар.
сыңсып қойған еди диземе басын...

Думанлар серпилип, бултлар тарқайды.
Негедур сонда да қәлбим сызлайды –
шийеден алынған шарап сырласым...

Биз және отырмыз шийе бағында,
ышқы-муҳаббаттың алтын тағында.
Қадақ сынсын, бирақ, ықлас сынбасын...

* * *

Гидир-будыр қара мәрмердиң
салқынлығын сезбейди тәниң.

Ақ қулындай солқылдақлығың
жолбарыстың ышқын лаўлатар.

Бунша шире, бунша мазаны
пал ҳәрре де татып «өлежақ»...

Бул дүньяның барлығы қумар –
қушағына алмақшы теңиз.

Ал сен, ал сен – бийғам қалғыйсаң,
билетура жаўызлығымды...

* * *

Лэбиңди сағынтар дэми жүзимниң,
«басым дуўаланған» шабдал ийисинен.
Қолым жетпес еди, өзиң үзилдиң –
шайтанның, яки бул пери иси ме?!

Билмедим, билмедим. Тойымсыз – бенде:
Аллаға гүналы Адам Атадай,
«беглик – бейишимнен қуўылдым мен де,
қәлбимди «сағыныш – қылыш» сөтеди-ай!..

Сенлик мүлк ийеси ҳәм де мәкемең,
Мағрыпқа, Машрыққа таслап бизлерди,
бул «Аллаталаның жүргизер ҳүкимин» –
пешанама жазған сени излеўди.

«Баяғы бағлардан» изледим сени –
солқым-солқым жүзим, сырғыған шабдал,
уўылжыған жаз ҳәм гүздейсең енди,
сийнеңде гүл және сүттиң ийиси бар ...

* * *

Миллиард-миллиард аппақ гүбелеклердиң,
сениң тал бойыңа жәмленгенине,
сүйсинип, ақ думан болып жығылдым,
аяғыңды қуштым сәнленгениңе.

Бул ақшам – ләззетли, бул ақшам – татлы,
қолдан кетти ерким – дуўаландым ба?!
Аспаный екеним шығарып ядтан,
сезбеппен, сезбеппиз нурлы таңның да

атқанын, ҳәм сениң жупар ийисиңди
тәниме, жаныма сиңдиргенликтен,

қәлбиме илаҳий, сырлы күш енип,
жасыл шақмақланып күле бердим мен,
аспанда, аспанда пәрўаз әйлеп мен.

Миллиард-миллард аппақ гүбелеклердиң,
миллиард-миллиарды да аппақ гүл екен...

Усы миллиард-миллиард аппақ гүллердиң
ушып кетери бар гүбелеклердей...
Коньяк, шоколадлы шийрин түнлердиң,
мийўасын ақтақыр өмириңе бергей ...

* * *

«Баяғы бағлардың» гүллери – өзге,
«баяғы бағларда» – өзге шийелер,
солқым-солқым жүзим, әнарлар «үз» деп
шашларын тарқатып, ўаҳ-ҳей ийилер.

Мен таза бағлардың гүлин тергенмен,
таза әнар дәмин татып көргенмен –
таза шийе яки жүзим дәмине.
сенлик маза менен баҳа бергенмен...

«Баяғы бағлардан» изледим сени,
«баяғы бағларда» – өзге шабдаллар,
мийўасы сырғысып «келсең кел!» деген,
ширеси сирескен писик алмалар,

ақылдан аздырып, тандырар естен,
сени әсте-әсте умыттырады.
Қарсымда ақ жипек көйлегин шешкен,
ширели, қып-қызыл шийе турады...

«Алла инам еткен бул несийбениң,
дәмин татпай өтсең, ол – гүллий гүна».
«Баяғы бағлардан» таппадым сени,
сени сағындырар жас шийе, мына...

* * *

Зер-зебил жаўында адасқым келер
қутлы сезим менен.

Гүллеўди сағынған жаўандай – Бәҳәр –
усы гезиң менен.

Жабыққан кеўилин жубатар мыңлар
шарабы – жүзим менен.
Мен шөллеп қарайман солқымларыңа
еле үзилмеген!

Өткен бир күнинди қайтармас ўақыт,
сынар төзим деген.
Ышқы нөсеринде адасыў бахыт
жалғыз өзиң менен!..

## ӨМИРДИҢ МАЗАСЫ

Өмирдиң мазасы ҳаққында
шайырлар бәрқулла қосық жазады.
Тәшўишсиз нәресте ўақтында
бәршеге музқаймақ мазалы.

Ишилген шарап та мазалы,
жигит – жигитлик,
қыз – қызлық тахтында...
Жуўапсыз хатлардың азабы –
мазалы...
гөдек муҳаббаттың ўақтында...

Жабайы қуўаныш...
есерсоқ мәслик...,
Вальс.., рокк– н– ролл... –
тәниң қызады.
Келсең - кел қызлардың
белине асылып...
өткерген ақшамлар мазалы...

Есимнен шықпайды сол өжет көзлер...
қандай шийрин еди шапалақ – жазасы!
Жаўлап алған шыңым – дәслепки поса...
нашардың ийиси мазалы...

* * *

Жәнe муң, сағыныш... жәнe ески дәрт.
Лаўлап өртенбекте қәлбим гүллери.
Тентек сезимлерим жатқан уйқылап,
ол жәнe оянды. Неге?! Билмедим...

Ол жәнe оянды. Қәлбимде – даўыл.
Жәнe жалғызлығым – ески жолларым.
Ҳәм бултсыз аспаннан күтемен жаўын.
Мени кешириңлер, сәрўи талларым...

Сизди елестирмей – сезбеген қусап,
өтип кетким келер тусларыңыздан.
Бирақ, аязларда кеўлиңизди хошлап,
жылытқым келеди қысларыңызда.

Ҳәм сырлы, ҳәм ғамлы, ҳәм сәл еркелеп,
ҳәр бир қәдемимди турарсыз сынап.
Сени шаршатты ма жаным, жеккелик?!.
Мени адастыр сен бағманы жоқ Бағ...

* * *

Сонша балталардан, сонша пышқылардан,
сонша қалталардан, сонша ышқылардан,
сен қалай аман қалдың?!.
Тикенеклим мениң...
Ширелим мениң...

* * *

Қырық мың жилўасы қырық нашардың,
қозғаў салалмаған мийтин жүрегим,
тас бола турып сен неликтен жандың?!
Енди тутанбаспан, деп мен жүр едим...

Жулдызлы түнлерди сағынтар жәнe –
бул ийесиз Бағдың сырлары – жумбақ.
Кеўлиме пинҳамы бир шийрин тәме,
ҳәм ашкөз қасқырдай жаўызлық сыйлап,
мени ҳәўлиртеди бул ийесиз Бағ.

## ЖУЎАП БЕР
(ҳәзил)

Гүлләби қаўындай ширең тамып тур,
Уҳ! ерниң, көзлериң не деп жанып тур?!
«Лаўлап өртенбеске қоймаспан!» дей ме,
Исен, күлим қалды... бул шын – анықдур.
Сәтең муртлы, муртсыз ҳәм сақаллылар,
Толы ғой әтирапың, олар нағып жүр?!
Арсыз сағал яңлы жалаңқая бир зат,
Нәйлейин, қәлбимде қаңсылап шаўып жүр...

## ТИТАНИК ҚОСЫҒЫН ЖӘНЕ БИР АЙТТЫР

Титаник қосығын және бир айттыр,
Ийримге уқсайды муҳаббат дәрти.
Түн – жалғыз, мен – жалғыз... Аспанда ай тур,
Айралық, сағыныш – сүйиметиң арты...
Неге усы қосық маған унайды?!
Интизар қәлбимди муңларға бөлеп...
Кешеги тәғдириме күтә усайды –
Қосық ҳәм музыка. Толқыйды жүрек.
Ой, қыял – океан. Түним уйқысыз,
Сезимлер өртейди. Айға қарайман.
Ышқы-муҳаббат не?! Билесиз бе сиз?!
Ғамлы сағынышыма даўа сорайман...
Ышқы-муҳаббат бар усы қосықта,
Наз бар ҳәм меҳир бар, мәртлик бар онда,
Жаным қурбан болсын еки ашыққа,
Әйнек алдындаман, атыпты таң да!..
Нәйлейин, жаслықта мени де бир қыз,
Еслеймен гүбелек болып сүйгенин.
Бизге сырлас еди Түн, Аспан, Жулдыз.
Исен, бир мәрте де оған тиймедим...
Роза гүллери тикенли болар,
Анығы – ол маған мамықтай еди.
Йошлы жүрегиме бүгин дәрт толар,
Түнимди жақтыртқан жанық Ай еди!..
Титаник қосығын және бир айттыр...
Ылағып кетейин – ғәриптики жоллар.
Рас бир жылайын, және бир жойттыр...

* * *

Гүл кетер Нөкистен Бостанға. Жүректен кетпес екен.
Үмит етер инсан, лекин, нийетине жетпес екен.
Ләблери лала гүлдей – посаларға сақый. Бирақ та,
Шалар айралық тарын, ушырасыўды шертпес екен.
Инжиў аппақ тислерин көрсетип, назлы күледи ол,
«Йақ!» деп «Йақшы,» «Йақшы» деп «Йақ...»-дер.
Жүректи тиледи ол.
«Ретин тап. Бостанға бар, мийман бол...» деп шоколад
берди,
Ақыйры дозақ па, бейиш пе... бир бәлени биледи ол...

# ЖАЛҒЫЗДЫ ЖАРАТПА, ТАСЛАРДЫ ЖАРАТ!..

* * *

Жалғызбан, жалғызбан бийпаян далада,
гүзе-гүзе шарап кеўлимди жубатпас,
өзимди тапсырдым бир ҳаққа – Аллаға,
зилдей-зилдей, бирақ, ийнимде еки тас.

Қара, қара бири – түнлердей қап-қара,
аппақ-аппақ бири – түнлерим жылыйды.
Аспанға, аспанға – жулдызларға қарап,
кеўлимде – бөрилер, бөрилер улыйды!..

* * *

Кеўил тәбиятыма бултлар жат емес,
жасыл шахмақларды жатырқамайман;
қәлбиме нур қуйып пәтия берген елес,
Күнди инәм етти, Түнди, Айды - ҳәм.

Өмиримдеги азап ҳәм тәшўишлерим,
қәлбиме бир әжеп ҳәзлик сыйлайды –
Бахытлы мәўритлер ҳәм жеңислерим,
негедур кеўлимди өртеп қыйнайды...

Тири екенимди түсинген сайын,
алыс-алысларға кетким келеди –
Мени дым сағынып қушағын жайып,
пәтия берген елес түсиме енеди ...

* * *

Төсегим – қара тас, көрпем – гүл, жапырақ,
нурлар оятады ғәплет уйқымнан:
я Аллаҳ! қарсымда жуп қуяш жарқырап,
қутқардылар мени жалғызлық – қайғымнан.

Бир қуяш – Алланың шарапатыдур,
бир қуяш – шашлары дөкилген өзиң.
Мениң периштедей өмириме нур,
шашырап оянды түсиниксиз сезим.

Негедур қабырғам қайысып сенсиз,
баўырым елжиреп, шаншар жүрегим.

Өзим – хан, өзим – шаҳ, ҳүкимдар Өзиңсиз,
усы пайытқа шекем жасап жүр едим.

Қуданың меҳири – қабырғамнан жуп,
жаратқан бауыр ҳәм жүрек етимнен.
Еле ғәплет түнлер басланады, уқ:
сен менсиз – жетимсең, сенсиз – жетиммен...

* * *

Жансақ – нәпсимизден жанамыз бизлер.
Биздеги әззилик – бендешилигимиз.
Дауыл жулған жапырақ сыяқлы гүзги,
туңғыйық қойнында епелеклеймиз.

Барар мәнзилимиз – тәғдиримиз гүңгирт,
ийниме бас қойып өксийсең дүзде.
Аспаннан илаҳий саза жаңғырып,
мың да бир азапты сызды тәғдиримизге.

Кетейик, дилбарым, алып басымызды,
бир мәурит гүнаның жазасы – санмың,
бәлким, периштелер сүртип көз жасымызды,
бултларын тарқатар қайғының, ғамның.

* * *

Жулдызлары сөник түнге жайғаспай,
өз отымды өзим алыстыраман,
қыздың бедениндей ақ мәрмер тасқа,
сексеуилдиң қозын қаластыраман.

Билемен, кимлердур жылыныу ушын,
асығар тауланған мына жалынға,
билемен, кимлердур тәғдиримди усы,
ғау көрип тас атар ғәрип ҳалыма.

Билемен, кимлердур жулдызы сөник,
бул ақшам мен жаққан отқа таңланар,
билемен, кимниңдур қылышы сермелип,
отымды сөндирмек ушын ғамланар...

* * *

«Жақсыдан – шарапат, жаманнан – апат» –
биреў пүтинлейди, биреў бузады.
Кешеги ҳүр дүнья – бүгин аласат,
ертең бултты сүйген таўлар тозады.

Атаның алдында перзент гүналы –
таўлардан сайларға жумалайды тас.
Қылмыскер дүньяның бәри думанлы.
Себепшиси Шайтан – ҳәргиз табылмас.

Бенде – бендемиз ғой. Жинлер, перилер,
алжасты, Аллаға «Дад!» деп жылады.
Досты жаўластырып, сыртта кеңкилдеп,
қызыл көзли мүррик Шайтан турады.

Адам Ата ҳәм де Нуў алайҳиссалам,
Сулайман, Муҳаммед журтты сорады,
ақ сүтке түлкиниң тезегин салған,
сол мүррик Шайтанды кимлер урады?!

* * *

Бул дәрьялар терис аққалы,
кеўилимде мазмун қалмады...
Жүрек атлы салтанатымда
Жалғызлықтың тахты орнады.

Бийпәрўалық аязларынан
Илҳам булақларым тоңлады.
Бул қәлбимди музға айналған,
той, бәзимлер жубата алмады.

Қадақ толы шараптан басқа
мениң ушын сырлас қалмады...
Жүрегимди езип баратыр
бир түсиниксиз дәрттиң салмағы.

Бул қубылысты, ҳәтте муҳаббат –
қыздың ләби ысыта алмады...

* * *

Исенемен,
қашанлардур гүжимлер,
шынарлар, шийелер ҳәм де жүзимлер,
ақшарбы бултлардың әтирапында,
жасыл қанатларын жаяды кеңнен.

Исенемен,
қашанлардур таўыслар,
аққуўлар, бүлбиллер ҳәм басқа қуслар,
сайлар жағасында тереңге тамыр
байлап, жапырақлап,
гүллейди еле.

* * *

«Жалғызды жаратпа, тасларды жарат...»
Ағасы жоқлардың өмири не кешер?..
Тәғдийри не болар иниси жоқтың?..

Көк бөри улыйды жулдызға қарап:
Аспан периштеси – Айға не болған?
Күнниң қабағынан қар жаўар неге?..

Жайғаспайды жақты жәҳәнге Жалғыз,
Жәннетке – бейишке сыймайды Жалғыз.
Жүректиң төринде қылыш қылшылдар.

«Жалғызды жаратпа, тасларды жарат...»
Жарат, тастан қатты басларды жарат!
Жалғызлық жарасар өзиңе, Тәңирим...

## СУЙМУРЫҚ ҚУСТЫҢ СОРАЎЫ

Милон-милон әсир қанат қақтым мен,
талып қонған шыңым – найзаның ушы.
Жулдызлар суў янлы қулайды екен –
Мәңги тереңликке баратыр ушып...

Жулдызлар – әлемниң сарқырамасы,
булақ – сағасына тик қарап турдым.

Туўылыўын көрдим, көзим қамасып,
оларды жутпақта Түн – қара қурдым...

Найза қолында тур Жәбирайылдың,
жулдызлар ақпақта шар тәрепимде.
Және бәлентликти қумсап умтылдым,
Меҳир-нурын тиледим мен Тәңирден...

Ҳәм саўал тасладым өзиме-өзим:
«Анаў қара қурдым «Жутаман!» десе,
Қуяш перзентлери – сонша жулдыздың
Түнди нурландырмақ мағанасы не?!

## ТОЛҒАЎ

Жалғыз шапқан ат жүйрик,
өзгелер жүйрик болмаса.
өз үйирин үйирип,
ат боларлық тайларды
қулынында шайнаса,
жалаў жалын сыйырып...
Жалғыз шапқан ат жүйрик.
(Жалғызлықтан сақласын!)
Үйирде өскен қулынды
үйири асырап - сақласын.
Тәғдирдиң қара таслары
дойнағынан қақпасын.
Ашшы-душшыны көрмеген,
еркелеп өскен жел менен,
желге де жол бермеген,
атасының қулынын,
анасының қулынын,
жылқыманның бузаў тил
қамшысынан сақласын...
қамшысынан сақласын...

* * *

Ўақ-ҳей, қырық жигитиңе исенген Қоблан,
басыңа күн түсип қайысқанында
жеккелик бағрыңды тилкимлеп атыр.

Лашым қалмасын деп қула дүзлерде,
қан жутып, қан жутып иштен йығлайсаң,
«қырық баҳадыр» дан бүгин дәрек жоқ.

Еле көп қыйнайды Аллаҳым сени –
жаўдың ортасында қылыш, қалқанын
таслап қашқанларға сарпай жаўарсаң...

* * *

«Еле көп отларға түсерсең, улым»,
тамшылап суў сепкен қарлығашлардың
өртти өшире алмай күйер қанаты.

Тасларды жандырған ақырет - жалыннан
бир шымшым жипектиң ҳасыл мамығын
суўмурық қус аман алып шығармыш:

көзиңди жумғаның – жүримиң барлығы.
Отта жанып кеткен қарлығашлардың
күйиги баўырыңды кәбап қылады.

«Еле көп отларға түсерсең улым...»

* * *

Бул санмың аламан – ессиз аламан,
етеги толы тас, көзлеринде қан,
миллион әрманлардың қысқартты жасын,
санаўлы пайғамбарды тасборан қылып.

(«Патшалар айныған, заман айныған!
бул халық бузылған, яман айныған!»)

Будыр-будыр таслар, сур қара таслар
тағалы туяқлардай сатырлап атыр...

*1987*

* * *

Алтын таж, алтын тахт – салтанатымнан,
ҳүрмет, иззет, барлық мириўбетлерден,
қаҳанлық, патшалық – ханлық ҳалымнан,
безиндим.

Жубата алмады қырық мың жилўалы
қырық нәзәлимниң тутқан шарабы,
кеўлим патшалығы әбден жаўрады –
сезиндим.

Сарайым ақ мәрмәр еди қашалған,
өрт алды, жалынын қәйтип басарман?!
Өзим – өзлигимнен дүзге қашарман –
езилдим...

*1989*

* * *

Ялғаншының бәрин тәрк етип,
даўыл қуўған қара бултлардай,
өксип-өксип жылағым келер.

Жайғасайын қайсы дүньяға?!
Қанатымның қүдирети – ҳәлсиз,
гүжим яңлы руўҳым мына,
топыраққа жайған тамырын.

Ушып кете алмайман ҳәргиз,
ялғаншыдан тойындым, Аспан!
Көкирегимде – зилдей қаратас...

* * *

Қырық күншилик жолдың азабы,
отыз тоққыз күннен ибарат –
тентиредим тебиренгенликтен.

Жалғыз ғана бир күним нурлы,
буғандағы шүкир етермен.
Күншығысқа жүзимди бурып,
алты айшылық жолға кетермен...

*1989*

# СЫЗЫҚЛАРҒА ЖАЙҒАСПАЙДЫ СЕС

## СӨЗ ШАҚАПЛАРЫНА

Биринши орынға қойып Атлықты,
Санлық, сен Сапаға қыянет етпе.
Баслаўыш екенин айтып шаплықты–
Ол
Көп мәнили, мазмунлы Гәпке.

Тәкаббыр Атлықты өзгерт, Алмасық,
әсиримиз ҳүжданы – Рәўишине!
Сын Пысықлаўыштан көзи қамасып
Бас ийсин ҳәр Сөздиң мәнисине!

Қанатлы сөзлерге өзимшиллик жат.
Жаңа форма ҳәм мазмун аңсар кеўиллер.
Данқ саған, образлы Гәпке депутат–
Келбетлик жасаўшы искер Фейиллер!

## КИРЕЙГЕ ТУРҒАН БӨЛМЕМ ҲАҚҚЫНДА

Бул бөлмеде: қай жақта шығыс,
батыс қайда? – мүшкил аңламақ.
Я даўыл жоқ... я жаўын... Тыныш.
Терезе жоқ,
қапыда саңлақ...

Мен безиндим гүңгирт бөлмеден.
Дым ҳарытты мына төрт мүйеш...
Парқы неде күнниң түнлерден?!
Билмек мүшкил: сәҳәр ме, я кеш?..

Уқсаслық бар –
Төрт мүйешли жай
мегзеп кетер төрт мүйеш гәпке.
қосықларда Терезе болмай
шашырамайды нур киби Гәплер ...

Бирадарлар, мен былай деймен:
– Шығыс, Батыс бәршеге дерек.
Бөлмелерге қуяшты сүйген
шар тақлетли төрт әйнек керек!

* * *

«Жумылсам жудырықпан!» деген пәнжелер
суўды қысымында езе алмай ҳәлек.
«Ашылсам алақанман!» дейди, ҳәм және:
«Бес бармақ тең емес...» дегени ғәлет...

Өзлерин аспанда сезген кимселер
суўдың нур екенин мың жыл уқпайды.
Түйилген мушларға енди ким исенер?! –
(Түйилмеген бес жылға уқсайды...)

*1986, 20-ноябрь*

## ФУТБОЛ ТОБЫ ТУЎРАЛЫ ТӨРТЛИКЛЕР

* * *

– Ҳеш кимге паянсыз топ, «ала екенсең!» –
десем, жүрек-баўры жара екенсең.
Қырық төрт аяқтан күнде тепки жеп
сорлаған маңлайы шор ғана екенсең!

* * *

Пәленше тепти ме – Ушып баратырсаң.
Төленше тепти ме – Ушып баратырсаң.
Және ким тебеди – Тәғдириң гүңгирт.
Өзи искен ғәрип – Исип баратырсаң!..

* * *

Ойыншы бөлинер еки таманға.
Жанашыр бөлинер еки таманға.
Бул дүнья екиге бөлинип уў-шуў.
Үнсиз пүтинлигиң бәринен яман-дә!

* * *

Миллионлар шад болар өзиң арқалы.
Миллионлар изиңнен жуўырып-жортады.
Бәршеге қуўаныш сыйлайсаң, лекин,
Еки дәрўазаман өзиңнен қорқады...

* * *

Епшиллик, Күш, Ақыл – майданда ҳүкимдар,
Үш бирлик бар жерде жеңис – утым бар.

Бәрше ойыншының сәрдары Сезим,
Топ ушты дәрўазаға, қәне, тутыңлар!

* * *

Егер таўлар сақыйлығын көпсинсе,
не болады дәрьялардың ҳаллары?!
Қуўрап қалар бул әтирaптың таллары,
егер дәрья сақыйлығын көпсинсе...

Егер таллар жапырақларын көпсинсе,
не болады бүлбиллердиң ҳаллары?!
Ярсыз қыздай муңлы атар таңлары,
егер бүлбил хош ҳаўазын көпсинсе.

Ярсыз қыздай муңлы атар таңлары,
қуўрап қалар сәрўи бойлы талларың,
көмиледи Гүзар – Соқпақ – Жолларың –
егер саҳра сақыйлығын көпсинсе...

*1986, 26-сентябрь*

## НУРЛАРҒА

(Түсинбеслик – қараңғы, ғәплет.
қармаланып қаларсаң базда).
Поэзия – қус жолы тақлет,
санмың жулдыз тәғдирлес Аспан!

Алға қәдем таслай алмаған
көкке қолын соза алмайды...
Өз өмирин өзине арнаған
өзи өзинен оза алмайды!..

Сезимлерде ең ағла тезлик! –
секундына үш жүз мың парсаң! –
нур сыяқлы Түнди өширип
Шайыр! Қуяш яңлы парларсаң!

Есиңде тут! Нурға зәңгилес,
Нурға теңлес қарсы тезлик бар.
Бир пайытқа қылышыңды шеш –
бас салады қараңғылықлар!..

Топаслықтың иплас тәнине
ғурыжланып сермеп семсерди,
қуяш киби жанып мәңгиге
қанға боя бултлы кешлерди!

*1986, 23-апрель*

* * *

Кеңисликти бир сызық пенен
бөлиў мүмкин еки әлемге.
Сол әлемди «кел!» ҳәм «кет!» пенен
айқуш-уйқыш етер қәдемлер.

Кеңисликте бояў қубылар –
әлўан реň, бул – Шынлық емес.
Мөлдирлигим ғана уғынар:
Жалтырақлар – барлығы елес.

Кеңисликте кимдур сыбырлар:
«Бул Кеңликке жайғасар бәри...»
Кеңисликте санмың әлем бар –
«Кел!» ҳәм «Кет!»тиң мың «сызықлары»!

Сызықларға жайғаспайды Сес.
Сызықларға сыймайды Бояў.
Реň, Саза – егиз, тәғдирлес.
Тымықлықта ҳәрекет ояў!

Сезим – аяз, сезим – саратан.
Сезимлерден басланар жоллар...
Кеңисликти бөлип баратқан
сызықлардан Гүл соғар қоллар!..

*1986, 9-10 апрель*

* * *

Бийикликти өлшеп атырмыз.
Тереңликти өлшеп атырмыз.
Өлшеў мүшкил екен Кеңликти.
Аўыр затты өлшеп атырмыз.
Жеңил затты өлшеп атырмыз.
Сақлай алмай тепе-теңликти...

Бийиклик ҳәм Тереңликлерде
инақ екен рең ҳәм сазың.
Усы төртеў дусласқан жерде
былай деди Форма ҳәм Мазмун:
«Аўыр затлар шүмер тереңге,
жеңил затлар аспанлап кетер.
Бул Кеңликти менсинбегенлер
кең етикте ақсаңлап өтер!..»

## ЗООПАРКТЕ

Темир тордың ишинде – айыў.
Темир тордың ишинде – қасқыр.
Маймылдики – бәрҳә қол жайыў.
Кийиклердиң көзинде жас тур...

Темир торда ыңыранады шер.
Темир торда – дәртли арыслан.
Ушыў бахты талақ бүркитлер.
Темир торда – муңлы барыслар.

Жатса – темир, сүйенсе – темир...
Муш көрсетер «батыр маймыллар»...
Темир менен қоршалған өмир.
Төрт мүйешли темирдей жыллар.

Ерип кеткен төрт мүйеш усы –
Төрт мүйешлик руўҳын сындырған.
Енди – бәҳәр, жаз, гүзи, қысы
Төрт мүйешли темир шынжырдай...

* * *

Көңил дәптеримде сораў белгиси (?)
Көкирек сарайымда зарлы жаңғырық.
Тәрк әйледи бәдер,
дәрўиштей қаңғырып,
қәлбимниң
дослық периштеси...

Аласат шоқмарын алып жуўырдың
баўырым елжиреп турған пайытта
қылышыңды қыннан суўырдың.

Көңил дәптеримде сам-саз үш ноқат (...)
Көкирек сарайымда ыңыранар қәлбим.
Қалқан қылған едим жүрегимди ҳақ,
бир жумбақ ой менен қылышлап тындың.

Мейли...
Арттырғаным бир достым еди...
Өзиң жазым еттиң дослық перисин –
арттырғаным бир душпан енди...

Көңил дәптеримде қәҳәрли үндеў (!)
Кеўил сарайымда муңлы Фәйласуп...

*1984*

## ӨЗИНИҢ КИМ ЕКЕНИН УМЫТА БАСЛАҒАНЛАР

Ол сирә сезбейди үйретилгенин...
Сыйқырлы таяқлар секиртер, жатқарар ...
Ҳәтте күш атасы анаў пил дегениң
масқарапаздың ойынын атқарар.

Жолбарыс ыңыранар... Тоғайын сағынар.
Бирақ, ой дегенниң шыға алмас шегине...
Ол кимге дәртин айтар, кимге шағынар?!
Қашшан-ақ айналған
маймылдың ешегине...

## ҲҮЖДАН ЭЛЕГИЯСЫ

Шеп қалтаңнан жайылған зәҳәр
дәслеп бууынынды алады.
Соң бармақлар сиресип қалар,
шеп табаның музлап қалады

Бул зәҳәрли изейдиң зарпы
шорландырар қан тамырыңды,
әсте-ақырын жүректи қарпып,
кисенлейди Жан – жапырағыңды.

Ҳәм жүректиң дүрсилдилери
тат теңгениң сестине уқсар...

Мыңлар сезбес, кимдур биледи...
Шеп көксинде кимдур қысылар...

Ол – periште. Мәңги қысылар.
(Зәҳәр жайған сарғыш запыран,
нәпси, иштей – изей усылар!
Гүл қәлбиңе кебир шақырған).

Батпақлыққа айналған Тәнде
Аққуў узақ жасай алмайды... –
(Периштеси хошласар мәңги)
әлўидағ деп қанат қомлайды.

* * *

Мен билген шайырлардың ҳәммесинде де
еки-екиден ҳаял бар.
Шайырдың айшы-әшрет бөлмесинде
бири – Муң,
екиншиси Шадлық аталар.

Мен билген шайырлардың бәршесиниң де
сан-санақсыз ойнаслары бар.
Муң, Шадлық толғатар
ҳәр бир түнинде,
ал бедеў қәлпинде қалар ойнаслар ...

Шайырға жат емес, барлығы ҳәмдам –
шайыр жүрегинде дастықлас олар.
Мәңгиге күндеслик отында жанған
жасасын Сезимлер –
ҳәмиледар...

* * *

Исеним жоқ асқар таўларға.
Тастан бина болған имарат
Зилзиладан ўайран болады...

Зилзилалы асқар таўлардың
қыйрап қалған әлўан таслары
бул саҳраның Кеңликлеринде

жалаң аяғына басылады
жайдары, мийзамкеш
Кәрўан Сарайлардың...

## НӨКИС. ҲӘПТЕ БАЗАР. ТҮСКИ ПАЙЫТ

Нөкис.
Ҳәпте базар.
Түски пайыт.
Инлеўдеги тынымсыз қумырсқа яңлы
қағысып, шаўқымласып халық ағылар.
Саўдагерлер дүньясын жайып,
пуллап атыр тартынбайды ҳеш.
Бул жерден, ҳәттеки,
қоянның да сүти табылар.

– Баҳа шығып кеткен қаншаға?!
– Әкесиниң қунын айтар енеғар!..
– Бир көкбет екен өзи, дүкәншы да!
– Ҳә заңғар! қурттай басынан...
– Япырмай, бала?!
Ашшы даўыслар...

Тар жерге тығылып усындайда,
«Волга»ның хожейини зарлатар сигналын,
...кимдур шалқасына жығылды шалшық ылайға,
...жүзликлерди шытырлатар месқарын.

Раймонд Паулс намасын жазған,
«Маэстро» жаңлайды магнитофоннан.
Көзи мөлтилдеген сулыўшық қызға
қумалақ шашып,
пал ашып атыр яшүлкен –
оранған тонға:
– Бир достың, бир душпаның бар екен қызым...
қуда қәлесе – жанар жулдызың...

Жабанлы бир ҳаял «пулын алдырып»,
ғарғанып-силенер, «Жүўернемек!»леп:

– Илайым өспегейсең!
Шыққай тандырың!
Ҳә, ғарғысым урғыр!
Қан қусқыр-ай! – деп.

Ҳәр кимниң басында өзинше тәшўиш.
Ҳәр кимниң өзинше ғалма-ғалы бар.
Балық қуўырдақшы тас пенен урып,
ана қаншық қаңсылап, зымырап баратыр...

Бир кемпир дәлбиреклер ғаррысы менен:
«Жасаған, Жан ийем ақлықлы етти...»
Жигирма бес манатлық бесикке олар,
қуўанғаннан отыз сом берди де кетти...

Бул – Нөкис!
Ҳәпте базар...
Түски пайыт...

*1985*

## ЖАРЫЛЫС

Сам - саз әтирап –
Зал үнсиз...
Сам - саз жапырақ –
Тал үнсиз...
қабағынан қар жаўар,
әлип қәўмет Дарақлар.

Тисленеди гербишлер,
жинкөзленер шараплар:
«Шайыр, ғәлет еттиң», – дөр,
«Шайыр, қатты кеттиң», – дер.

Сам-саз ҳәрип...
Сан үнсиз.
Дәстүрханда нан үнсиз.
Муш көрсетер Үндеўлер.
Мысқыллайды Күнлеўлер...
Паңқылдаўық Одалар,
жеп қоярдай қадалар:

– Ақ сақаллы Ўақыттың
уллы тойын буздың, – дер, –
«Бөлингенди бөри жер»,
Жүрегиңди қузғын жер...

Сам-саз қосық,
Сөз үнсиз,
өзмәмбетлер –
«өз» үнсиз...
Жылаў ушын жаралған,
күлиў ушын жаралған
неликтен де көз үнсиз.
Жыламайсыз, неге сиз?
Күлмейсизлер, неге сиз?!

Ах, бийшара ҳәриплер –
Санның қулы – ғәриплер.
«Ышқыр бажа» шайырлар,
қатыныңыз бир –
Тәриплеў...
Жүкли болмас Арнаўлар,
Бала туўмас Тәриплер...

Сам-саз әтирап... –
Зал үнсиз..,
Сам - саз жапырақ...
Тал үнсиз.
Сам - саз ҳәрип...
Сан үнсиз.
Дәстүрханда нан үнсиз.
Муш көрсетпес үндеўлер (...)
Мысқылламас Күнлеўлер (?..)
(Ҳақыйқатлық – семсердур)
қылышладым оларды
Жым отырар селт етпей...
Келисимпаз (?..)
Ертектей...

Ҳақыйқатлық семсердур,
қында жатса татланар.

Жүрек – батыр. Тил – батыр.
Қосық жаўға атланар... –
Лек-лек ләшкер, лек ләшкер,
қәҳәрленген көп әскер,
сыймай кетер буўынға,
сыймай кетер ырғаққа.
Сынып кетер қатарлар...
Қылыш, қалқан – Гәплерим
қан майданда сатырлар.

Қосық жаўға атланады,
Сәркардасы – темасы,
Идеясы – анасы.
Семсер тилим – өрт тилим,
Алпамысым, мәрт тилим,
қаракөңниң дәрти көп...
Жан аўырыўы – дәрти көп...
Жанып-жанып айт тилим.
Шайыр – қанжар,
қайралсын,
өткирлессин – шәрт еткей...
Ҳақыйқатлық – сарыжай.
Тийсин жебе, мүлт кетпей...

...Тилин тыйған шайырлар
қында сынған қылыштай,
ахта болған еркектей...

### ӨЗИҢ! СЕН!

Қосықтың сырларын халыққа уқтырған,
Уқтырыўшы алым жалғыз өзиңсең!
Ўадўасыл шайырларды Атқа қақтырған,
Аршыл Алпамыссаң Сөзде – сезин сен!
Нағысын келтирип Түсиник дегениң,
Ыс басқан Алтынды артқан өзиңсең.
Шайыр қосығы атлы Сырлы Кемениң,
Батыр Боцманысаң – образлы сезинсем...
Асқар Поэзияның аязлы гезин сен,
Йошлы Саратанға айналдырар өзиң! Сен!

# СЕНТЯБРЬ САМАЛЛАРЫ

* * *

Тарағыңның сынар тислери –
айтқаныңа көнбейди шашлар.
Дүньяның бул яман ислери –
гедир-будыр соқпаққа баслар...

Аш белиңде тауланған бурым
мегзер тәғдир ийримлерине,
тап-туйнақтай өрилсе бурын,
бүгинлиги ийинлериңде

уйпа-жуйпа – түндей дауыллы,
ҳәм тарқалған – булттай тозғыған.
«Мениң бахтым неге жауынлы –
Елеберин бул да аз маған!..» –

деп сыңсыйсаң қарап айнаға.
Тарқатылған шашың ерилмес.
«Шүкир.., – дейсең, – дақ бар айда да...
Муңлы нашар жалғыз мен емес...»

Өмирдеги алжасыўлардың
шырматылған шаштай түйинин
бүгин көзсиз жанайбат пенен
жаздырмақшы болдың күйинип...

Тарақ сынса – шаш та жулынар...
Күн менен Түн иси тәғдирдиң.
Ҳәр тал шашың үзилген ығбал
сәдебинде кетер ҳәркимниң...

## ТАЛ ҲАҚҚЫНДА РОМАНС

Ыңылдайды жалаңаш тал,
самалларға алданған,
нәрўан еди сәҳибжамал
қыз сыяқлы салланған.

Ғошшақ Гүздиң рууҳы бәлент,
тамсандырып саўлаты,

бул жас талдың еркин бийлеп,
жапырақларын саўлатты.

Ғәлет – Гүздиң ҳәрекети!
Талды муңлы етти ол.
Жалаңашлап еркелетип,
кийиндирмей кетти ол...

## ЖАЛЫННЫҢ ФӘЛСАФАСЫ

Бәлким, ессизликдур, бәлким, көзсизлик...
Отқа тасландың сен. Қаҳарманлық па?!
«Нашардың кеўлин таппаў – руўхый ҳәлсизлик...
Нәмәртлик аша алмаў алтын сандықты!..»

Жалынға не турыс – өртейди жандырып.
Нам-нышан қалмайды гүбелеклерден...
Сандықлар жабылса еситилер жаңғырып...
Енди ашылғанша гүңелеклердей...

* * *

Егил-тегил келер жылағың,
дым кешиккен бәҳәр бултындай.
Жүректеги ҳәсирет булағың
узақ сыңсыр бул ақшам тынбай.

Бул дүньядан күткениң қайда?!
Алдың думан. Әтирапың тик жар...
Әрманларың алыста – айдай.
Ойланасаң: «Өмир бунша тар?!»

Қайталмайсаң. Кейинге жол жоқ.
Қәпестесең. Палапаның бар.
Қәлбиң қыйнар: сенде муң, дәрт көп.
Жүрегиңде пинҳам нама бар.

Сол наманың сазын шалғандай
булдыр-булдыр тилейсең Тәғдир.

Бул дүньяда жалғыз қалғандай
қамығасаң. Оған бәрибир...

* * *

– Алло... Бул ким?.. 24 – 14!
Үнсиз тыңлайсаң сен.
Трубканы жаўасаң.
Себеби телефон сымындағы өрт
жандырмастан әўел бәне таўасаң:

«Анам шақырып атыр... Мийманлар келди...»
Соң узақ «гөк-гөк» леп телефон тутлығар.
Қәпестеги қустай тыпырлап мен де,
сағыныш қурсаўында қәлбим қыслығар...

Жолымыз өзге екен. Тәғдиримиз езге...
Сол өзге соқпақлар аралығы өрт.
Дилбарым, жүрегиңнен айналдым сезген
«Алло... Бул мен!
24 – 14!»

* * *

Сарғыш жапырақлардың самаллары
мийзанын салып кетти жүрегиме,
қыраўлатып кетти қәлбимди...
Бәлким,
сәл тоңдырып
кеткендур
сениң де
жүрегиңди
соңғы ушырасыўдың самаллары...
Сентябрь самаллары...
Есимде –
гәрдишли басылған қәдемлер...
Жапырақлар тас жолларға шашылар еди.
Гүз пасылындай
ҳүўлеп
қалды кеўлимде
сол демлер.
Таллар арасынан асығар еди,

саған ҳәм маған
соңғы хошласыўдың самаллары...
Сентябрь самаллары...

Ўақыт ессизлерди дана қылады:
Тырналар қыйқыўлаған
өмиримниң
айлы аспанынан
муңлы ақыл менен қарап турады
бир дәртли нашардың жанарлары.
Сентябрь самаллары ...
Сентябрь самаллары...

* * *

Думанлы әрманның айдынларында
пәрийшан кеўлиңе ҳеш селтең бермей,
қыял қайғысында – сениң жанында
бир мәўрит иркилдим жулдызлы түндей.

Солқым жүзим яңлы күткен қардарын
ширең тамсандырар ўақыт шақасында.
Он жыл гүңиренбеген дуўтар тарларын
тебирендирежақпан қасында...

Боздуман қәлбиңе ақ желқом керек –
Аппақ қайғыңа аппақ даўылларда,
жартаслар арасында күшли қол керек,
ҳәм дәркар бир
сезимтал Дарға!..

* * *

Сен, шарап, меңзейсең,
жилўалы арыўға жипек шалғышлы,
мисли көз алдымда назлы ойнаған.
Ақлыў-сезимиме мәслик бағышлап,
сабыр, тақатымды қылдың ўайрана...

Ақылым – думанда. Сен болдың бәне,
гүл – қадақ услаған қолым қалтырар.

Кеўил қурығырдики мудам қам тәме.
Дилбар көзлери – муң, сенде жалтырар...

Безиндим. Қайт болдым... тәме ғой мәзи.
Бүгин кешегилер ялған туйылар.
«Не болса – тәғдийрден, ишейик, – деп, –
басып», –
пәрўайы-пәнсери достым қыйылар.

Сен неге таўланып жанасаң, шарап?
Өкпе-гийнемисең, я ғәзепписең?
Сол ғамлы көзлерди умытпадым бирақ.
Сени ишсем бе екен, ишпесем бе екен..?

## НАЗЛЫ КҮЛКИҢ ҚАЛСЫН

Гүлге жарасады ашылыў, жайнаў –
Еркем, күлки-шадлық Сизге жарасар!
Нәйлейин, мүмкин емес Айды жасырыў...
Жигитлер «ўаҳ!» десип Сизге қарасар!...
Еркем, бир күл қәне, қуяш нурындай!
Ханаң таңғы Гүлдей жаўдырап турсын!
Ақ марал сыяқлы керил бурынғыдай...
Назлы күлкиң қалсын, басқасы қурысын!

## СИЗ МАҒАН ИСЕНБЕҢ...

Сиз маған исенбең, жаныл-күймедим,
Исенбең... Есимнен таныл сүймедим.
«Зерикпейин, ўақтым хош болсын» дедим –
Дон Жуан маскасы мениң кийгеним...
Еркекке ермек керек, сизди алдадым.
«Назлы гөззалым» деп тилди жалладым,
«Қәйтсем де бағыңа киремен» дедим.
Алдыңа қосықлар гүлин жолладым...
Шынында артистлик ролин ойнадым,
Пәкизе кеўлиңди наҳақ қыйнадым.
Анығы – мен сизди ийелесем деп,
Сөздиң ширелисин, гүлин сайладым...
Ақмақ дең, нәмәрт дең, жалатай деңиз,

Мийримсиз, еки жүзли, бул қалай дениз.
Бәрин айт дүньяда зәҳәр сөз болса,
Опасыз, шайтан руўх молладай дениз...
Лекин, бәри өтер, буған күймеңиз,
Муҳаббат бар... бирақ жигит сүймеңиз...
Азы-кем сөтилген жүрек етимди,
Сездирип шанышпақта алтын ийнеңиз...

## ЎӘЙ, ТАМАШАСАҢ!

Әп-әнедей, әлпайым, минези – әтир.
Бир гөззал тәбият – жигитсең палўан.
Дүзде - дүр жүкленген өзиңсең Кәтир;
Ийримлетип қылық шығарасаң әлўан...
Қайық киятырса Ақ желқом егер
Әтир фонтанларын оған шашасаң.
Дон Жуан әрўағы «Берекет тап!» десер.
Изиң толы қыйқыў, қайда қашасаң?!
Разы қыл оларды, ўәй тамашасаң!..

## БАКТЕРИАЛОГИЯ

Шәкиртим сораў берди: – Ақылым лал, устаз...
Не деген мағанадур – филология?..
Мен оған жуўап бердим ойланып азмаз:

– Ол –
әдебийлогия
плюс (+)
тилология...

Бул дүнья жаралған «логия»лардан.
Сонлықтан өмир бар – Биология.
Сен бир сорап көргил ағаң Қуралдан,
Гүлара ол ушын – Гулялогия.

Өмиримниң мазмуны – Улялогия!
Мен ушын символизм, романтизм.
Қуўанышбайда факт көп – Гуўалогия.
«Логия»лардан көп терледим өзим...

**Пәтийма апаң ол – Пәтийлогия,**
**Дәметкен апаңыз – детерминизм.**
**Инжайым апаң ол – Инжалогия,**
**Модернизмге мен кетерменизм...**

**Шәкиртим шад болды: – Бахтыяр аға!**
**Демек, Сиз боласыз – Бахтыярлогия?!**
**Дедим: – Муҳаббат ҳәм ышқы бағында**
**Биз елге пайдалы бактериалогия !..**

# ӘЛӮИДАҲ, ПЕРИШТЕМ, ӘЛӮИДАҲ...

* * *

Пууўы бурқып турған суў менен
аяғымды жуўасаң жаным.
Аппақ-аппақ нәзик саўсағың,
Ай-Петриниң таслары тилген,
табанымды сылап-сыйпайды.

Сонша меҳир, сонша ышқыға,
шөллеп келген саҳрайы кеўлим,
мәс болады бармақларыңның,
оҳ, илаҳий еркелигине...

* * *

Шашларың...
жайылған шашларың,
дөкилип оралар аяңларыма –
диземе бас қойып көзиңди жасладың;
«Таслап кетпе, султаным,
түнниң ярымында...»

Шашларың ...
дөкилген шашларың
тусап атыр қәдемлеримди
шырмап атыр тентеклигимди,
диземди өртеген көзиңниң жаслары,
қәлбиме қуяды бенделигимди,
гүбелеклигиңди...

* * *

Жерден излегениң Аспаннан табылады.
Аспаный руўҳ Жерликти не қылады?!
Жулдыздан үмит үзген «көзсиз гүбелеклер»
«көзсиз гүбелеклер»
лаўлаған жалынға түнлерде ағылады..,
Оҳ, онжети жаслым мениң!..
оҳ, онжети жаслым мениң!..

* * *

Әлўидаҳ, периштем, әлўидаҳ!
Мен бийгүна бола алмадым...
Геллемди шап ықласың менен.

Бул дүньяда қәйтип жасайын?! –
бар гүнамды кешип атырсаң
сап ышқың ҳәм көз жасың менен.

Мен қорқаман бундай пәкликтен.
Жарылмастан бурын жүрегим,
өлтир буўып өз шашың менен!

Әлўидаҳ, периштем, әлўидаҳ!
Мен бийгуна бола алмадым...

* * *

Гүз, саған усамайман.
Сениң салтанатлы қәдемлеринде,
айралық, айралық, айралық...

Кеўиллер жаўрайды дебдиў селинен –
қолшатырсыз қызлар аңсар қуяшты,
қыраўға алдырып нәзик гүлди сен,
темирлендиресең қара тасты.

Гүз, саған усамайман.
Бирақ жүрегимде –
сағыныш, сағыныш, сағыныш..

* * *

Түнги нөсер.
Таллар қалтырайды.
Дүньяның кеңлигин уғарман түннен,
уғарман өзимниң ҳәлсизлигимди –
бул қара бултлардың алдында киммен?!
жеңиллетип атыр жүгимди...
Буншама зерзебил, буншама пидә,
елжиреп жылаўдың недур мәниси?!
Бул Түнниң көз жасы болмады ада...
мениң де жылағым келер, не ушын?..

* * *

Бунша шөллегенсең бәҳәрге, жаным,
сонша сағыныштың ҳәўирлерине,
қалай күйип қалмай сақланды тәниң,
аязға алдырмай ирeңлериңди?!

Шөлдиң ортасында – ақтақырлықта,
қалай сынып кетпей сақланды қәддиң?!
Сол нәўше ҳалатты солқылдақлықты,
қуўратпай, солдырмай қалайынша бақтың?!

Мен бир өткинши булт. Нөсерлеримди,
қуйып-қуйып және бәдер кетермен,
сонша сағынышыңды, сонша шөлиңди,
бир мәўритке ғана қандырып өтермен.

Сен және қаларсаң ақтақырлықта;
мениң жаўынларым түсиңе енер,
жалғыз баслы тәғдир – саҳра – қапырықта,
шөллесең бултлар көп, және бири келер...

Ҳәм бири жаўады, ал, жаўмас бири,
талай саратан бар, мийзан, ақырып бар.
Тәғдир – гүлдирмама талай гүркиреп,
шақаңда жалтылдар жасыл шахмақлар...

Аспанға қол созып жасайсаң, жаным,
сақлағыл ҳүсниңди – жапырақларыңды,
сол нәўше ҳалатта солқылдап тәниң,
шөллеп сағынғайсаң жаўынларымды...

* * *

Көзлериңде думан...
Барар мәнзилимнен – ақылымнан адастырар...
Толықсып турарсаң! Толықсып...
Шарап толтырылған гүлқадақ яңлы.
Шайпалып-шайпалып кетер сезимлер.
Сен өзиң шарапсаң... дилбарым...
Жүрегимдеги бәҳәр...
Ал, қәлбим жаўыннан соңғы думан.

Кеўил қанаатсыз (ишип жибердим).
Бас айналса – кеўил де тентек:
«Бүгиниң ушын дәркар бул қадақ!
Ертеңиң ушын және бир қадақ!!!»
Бәлким мәсликтендур
бәлким жаслықтан...
қолымнан сыпқанап баратыр қадақ...

Тәғдирдиң тасында шыл-пәрше болды,
кеше мәс қылған мына гүлқадақ.
Шаңлар умыттырыў ушын мәңгиге
әсте қона баслар жүзине.
Бирақ,
сынған қадақ
сынған ықласың яңлы
жүрегимди де кетти жаралап...

Мәсликтен әсте-әсте айыққан киби,
даўыллы жаслығым тынышлана баслар.
Кешеги үзилген муҳаббат жиби,
тас түйин шийе болып байлана баслар...
Сеники – ләззетли көз жаслар...
Меники – ҳүждан азабы...

*1983, март*

## ӨЗИҢНЕН АЙЫРЫЛҒАЛЫ

Қайысқан мәжнүн таллар
жапырақтан айырылғалы,
бул шерли айдынларға
аққуўлар қайырылмады.

Қонар деп қыйқыўлайман...
Ушқанлар қайырылмады.
Мен гүзги қыйқыўдайман
өзиңнен айырылғалы...

*1986, 22- октябрь*

* * *

Қайлардадур сыңсыған аққуў
еслетеди көлди, айдынды,
желпип ески муңым, қайғымды
лаўлатады сыңсыған аққуў.

Қайлардадур сыңсыған аққуў
шымылдықта нала етеди,
жүрегимди сорап нетеди?!
Көпшиги жуп, жүреги тақ қуў...

Қанатларын қағады аққуў
ақ фатада әрман желбирер,

мен бир байғус – баўырым елжирер:
«Жолың болсын, кеширдим, аққуў...»

Өзге көлде сыңсыйды аққуў,
шайпалып тур қәлбим умманы,
қойыўласар қәлбим думаны.
Келермекен сыңсыған аққуў...

* * *

Жаным-аў... қәлбиңдеги ҳәсирет, шадлық
не ушын мөлт-мөлт етип көзиңе урады?..
Сол пайыт жүрегимнен жалын ағылып,
тамағымда тас түйин тығылып турады.

Жаным-аў... қаншалық қатты болмайын.
Бундайда өзимди тутыўым қыйын.
Айралық қосығын айтсаң ҳәрдайым
қараң қалғыр «тасты жутыўым» қыйын...

## ӨЗИҢЕ

### I

Хош бол!.. – деген менен кеўлиң хош болмас,
жапырағы төгилген талдай әрманлым.
Гүзги дүбелейге исенип болмас,
миййўасын саўлатар писик әрманның...

### II

Енди шақаларда айралық ҳүўлеп,
енди шақаларда сыңсыр ҳәсирет.
Әрманлы жапырақтың өмирин сөйлеп,
әйнектен сығалар бир муңлы сүўрет.

### III

Аспанласаң бултқа мегзейсең:
Несериңди күтемен, жаным.
Бездирмейсең, яки безбейсең...
Өксип, өксип жылап ал, жаным...

### IV

Тас диййўалдан нәзер таслар ол –
Тас диййўалдың жүреги шығар.
Өзге менен қәдем таслар ол –
Тас диййўалдың тилеги шығар...

V

Биреўлер қол созар, биреўде сырық.
Бар ҳүсниң, мазаңды қағып алажақ.
Самаллар аймалар көзлерин жумып...
Сеннен бул дүньяға кимлер қалажақ?!

* * *

Мен енди қайтпайман кейниме,
түңилдирди мынаў бассыз аламан.
Дилбарым, сени де аямайман...

Даргасыз, ескексиз, әменгери жоқ,
аппақ желқомлары жанған ушандай.
бийдәрек жоқ болыў – мениң әрманым.

* * *

Қара айғырларды – қара бултларды
аспанда Алып дәўлер қамшылады.

Аўлаўға арыў Айды шаўып кетти,
тасыр-тусыр, Айралық аңшылары...

Шылпықтың дийўалына басын қойып,
Қара таўда Ай дилбар қамсығады.

Нөкис – Бостан тас жолын жуўған жаўын
жүрегиме тамшылады...

Муз қатқан жүрегиме тамшылады
ерте келген бәҳәрдиң тамшылары...

Гитараның сиреcкен сегиз сымы
бул қәлбимди аяўсыз қамшылады –

Шылпықтан Ай дилбарды алып кетти
тил-зибансыз Тәғдирдиң заңшылары.

Уры сайда көк тасқа баўырын берип
Айды жойтқан Бөрибасар қаңсылады...

* * *

Мен сени изледим таңнан. Таппадым...
Сентябрьдей салқын булақ көзлери.
Жасыра алмапты көшкен, ақпа қум
жалаң аяқларыңның излерин...

Тағасы сом темир атлар туяғы,
сындырып кетипти ийнағашыңды.
Бир билек толысқан қамыс қыяғы,
жасыра алмапты үш тал шашыңды...

Муңлы бир шелегиң суўдың ишинде.
Бир шелегиң өксир қумға көмилген.
Тисимди тисиме қойдым... Түсиндим:
«Усындай екен-дә мазмуны өмирдиң?!»

Қуяштың астынан көтерилди шаң.
Атлардың излери – қуяшқа кеткен.
«Ататуғын болсаң пәкленип ат, таң!»–
Деп мен дәрўишлердиң жолынан кеттим...

* * *

Сизиң үйде бир түп алма бар,
бизиң үйде бир түп алма бар.
Еки үйдиң алмаларының,
аяқларын сүйген салма бар.

Сизиң үйде гүллейди алма,
бизиң гүллейди алма.
Бәҳәр өтер, жаз өтер – бир дем,
гүз келерин билмейди алма...

Жасыл жапырақ жамылар алма,
мийўаларға малынар алма.
Түсинбейди тилин салманың
«Алма бер..!» деп жалынар салма.

Арқа жақтан есер самаллар,
алма бәнтин шешер самаллар.
Еки үйдиң аралығында
Жапырақ – әрман төсер Самаллар...

*1987*

# ҚӘЛБИМДЕ АЯЗ БАР АЛТЫН КЕЛБЕТЛИ

* * *

Бир елес... – көк елес, запыран далада,
түнги мәмелектей бул шаңқай түсте,
ақыл-ҳуўшымызды айналдырады.

Басына күн туўған ерлер етикли,
суў кешкен пайытлар, бүгин – ертекдур.
Қумлар толтырады қылышымыз қынабын.

Етикли қум кешкен ҳасылзадалар,
алға умтыламыз найза таянып,
елес жеткермейди – қәддимиз ийик,
адырнасы үзик сарыжай яңлы...

* * *

Мен басымды алып кетейин
қаным суўыйтуғын қарлы шыңларға,
тасларға қарысып өшейин –
биригейин алтын музларға!

* * *

Бул адамлар – залым, оғада залым...
Пүткил жаз бойына жанды жапырақлар,
қуяштың нурында ҳәм ада болды.

Қыраўлы аязда қалтырап олар
гүзде саўлап түсти – тас жоллар толды.

Жанып, күл болсын деп уқты адамлар,
сипсели сыпырып, және от берди,
қара күйиклеңип жанды жапырақлар

қара күйикленип сыбырлар еди:
«Бул адамлар – залым, оғада залым...»–
Дәртлерин жалғыз мен түсинген едим...

*1988*

* * *

Қандай бахытлысаң – еки қолың бар?!
Қандай бахытлысаң – Еки Аяқлым?!

Төрт тәрепиң қубла – гүзар жолың бар,
теңге сылдырласа – бәрҳә Сояқлым!..

Сени улығлайын мына ялғанда!!!
Сениң қул қудайың усы ялған-дә!!!
Ялғаншыға қосып және ялғанды,
қандай бахытлысаң – Еки Аяқлым?

* * *

Алтын ҳәм ҳинжили кеўил сарайым,
музлы тыныщлықтың салтанатында,
самсаз...

Мениң тәбиятыма жат бул салқынлық,
жаныма ғәлетий ҳәзлик бағышлар,
даўылсыз, самалсыз, шымылтыр аяз,
муз ҳәм қыраўлатып сызар нағыслар.

* * *

Қадақлар жыңғыры, ярдың күлкиси,
ҳәм отлы демлердиң шарпыўы менен,
елеспесиз жатқан әжеп патшалық,
өли тыныщлықта оянар екен!

Бул менмен салқынлық, гөззал салқынлық,
усы қағанаттың ийеси болған
қәлбимди қайрайды аязы менен.

Алтын ҳәм мәрўәрид – музға ирецлес.

Кешеги саратан – жанған кеўилим
бүгин салқынлықты сүйгени неси?!.
Жуўап табалмайман ҳеш өзлигимнен –
қәлбимде Аяз бар алтын келбетли.

* * *

Аязлы январьдың қарлы түнинде:
«Суўыққа қаттың сен – музлар жүрегиң,

жалғыз жибермеймен мына үргинде,
бәлким, жылынарсаң, үйге кир...» – дедиң,
ҳәм мениң темирдей қолымнан тутып,
пинҳамы басладың апрель – бөлмеңе...
Қыс ортасы жуўсан ийисин жутып,
сол ақшам жаўрадым – ышқың селге мен...

Сол ақшам жаўрадым ышқы селине,
жибисти қәлбимде тоңлар – ғалма-ғал,
бирақ, сени таслап уйқы елине,
ярым түнде кетип қалғанлығым бар...

Бул дүнья – аппақ қар, түн еди аппақ,
мениң Жалғызлығым, Пинҳамылығым,
ел ғезген дәриўиштей қол жайып, ҳақлап,
жолда сағыныштан үргин жамылды.

* * *

Аяғыма оралар Гүллер,
ал, Жулдызға қол жетпес бирақ.
Дәртимди тек ақ қағаз билер,
Бахтыярдан бул дәрт уллырақ.

Айды излеп Түнге қарайман –
Жүрегимде Бөри улыйды.
Гүзги сағыныш ызғарын жайған,
қәлбимде – Тоң. Қашан жылыйды?!

## ГҮЗДИҢ СОҢЫ

Аппақ думанлардың артында
муң бардай –
шымылдыққа кирмей тартынған
дилбардай –
туў сыртымнан кимдур гүзетип
турғандай...
Сағынышлы жыллардай

жумбақ сырлардай
бул аппақ думанлар қойыўласады.

Аппақ думанлардың артында
муңлар жоқ;
шымылдыққа кирмей тартынған
дилбар жоқ;
туў сыртымнан кимдур гүзетип
турған жоқ –
Сағынышлы жыллардай
жумбақ сырлардай
бул аппақ думанлар қарға айланар...

*1986, 12-ноябрь*

## Г...ге

Зыңылдысы мыс сымлардың
муз дуўтарға мегзейди –
қысқы суўық ушқынларды
қарлы қәлбиң сезбейди...

Саўсақларың қар әкелген
аппақ үргинге усар,
мың ысылған пернелерде
мың жыл қыслайды қуслар.

Асқар шыңдай қарлы қәлбиң,
суўық сазға бейим бе?
Мыс сымларда зыңлап қалдың
қайта алмай кейинге...

*1986, 12-ноябрь*

## ТАЎ БУЙРЫҒЫ

Көңилим нәзик еди,
ал сен тас едиң.
Шырайлы гүл едиң тикениң менен!
«Назың ат көтермес»...

өзиң мәс едиң.
Сен бир шарап едиң зәҳәриң менен!

Сол нәзик көңилимди тасқа мегзетип,
тәкаббыр минезиңе қайралғанман мен.
Меҳир ҳәм қаталлықты бәрҳә сөз етип,
таўдай көкирек пенен ойланаман мен...

Бүгин көңилим
әл-аспанда!
Жүрегимде муз!
Қәҳәрли аязын сыйлағансаң тек.
Мени тас еткен тас минезли қыз,
неге қосығыма балқып турыпсаң!
Кет!
Кет!
Кет!

* * *

Нышанаға алынды сыңсыған аққуў –
от бүркер темирден шойын жүрек мерген.
Аспаннан әжелге жулдыз яңлы ағыў
себеби: бәрқулла күл ирең жерден.

Бас, өкпе ҳәм баўыр тәшўишлеринен
силкинер зилзила яңлы жүреклер.
Мәс болып дүньяның пәс ислеринен,
ўарқылдап ушпақта пәмсиз үйреклер...

* * *

Күн батардың салқын жели
күн шығарға көшип атыр.
Жапырақлар сарғыш дөнип,
жасыл көрки өшип атыр.

Самал тербеп мәжнүн талды,
көкирегим ҳүўлеп қалды.

Салқынлатып атар таңды
сағынышлар есип атыр.

Пискен ҳәм де писпегени,
дауыллларда түспегени,
тыңламастан ҳештеңени –
алма саўлап түсип атыр.

Аппақ шашлы, ақ сақаллы,
мийримли ҳәм қатал ғарры,
қолларында өткир жарғы,
дарақларды кесип атыр.

Кейпи асқан нәзәлимлер,
сыңқылдасқан мәс келинлер:
«Бизге бир мийман болың!..» дер.
Шийрин шарап ишип атыр...

«Бахтыяр, сен бәрин умыт!..
Тилла кесаңды бизге тут...
Тамшы қалдырма бәрин жут, –
ўақ, әрманлым!» десип атыр...

* * *

Шөллерге қарайман... Кәрўан көринбес.
Тауларға қарайман... Қорған көринбес.
Жалғыз дәрўишпен – әрманларым ес,
Етикли суў кештим – қонышымда муз.

* * *

Шашларың буйра, Самал.
Бир талын қыйма, Самал...
Қырық өрим бурымыңды –
тарқатып ойна, Самал!

Қәдемиң жасыл, Самал,
нәпесиң ҳасыл, Самал,
яқыт, зер, ҳинжиўлердей,
жолымда шашыл, Самал.

**Мойныма асыл, Самал.**
**Гүллердей ашыл, Самал.**
**Айттым мен дәртлеримди,**
**қәлбиңе жасыр, Самал...**

# ЖҮРЕГИМДЕ САЙРАЎ БАСЛАНДЫ

## АБЫРЖЫ

Сеңлер қозғалады –
сеңлерге сеңлер қағысып.
МЕНлер аз қалады –
МЕНлерди МЕНлер шабысып.

Сеңлер қағысқанда ушқын шашырамас,
музлар әлўан дөнер қуяш нурында –
бул сууық сәўлелер, салқын күлкилер –
жарысы алдамшы – қәҳәр, ғәзеплер
Таўлардың тәкаббыр шыңларынан басланар.

МЕНлердиң қынаплардан суўырылған қылышлары
және бир МЕНлердиң қалқанларын қылышлады.
Бултларға жасырынып семсердей Сезимлер
гүнасыз қулынларды аяўсыз қамшылады:
Аспанда не гүна?! – Тәбиятта не гүна?!
Нөсерге айланар,
селге айланар
гүнасыз қулынлардың көзиниң тамшылары...

Сеңлер де
МЕНлер де,
суўық сәўлелер ҳәм салқын күлкилер,
қәҳәрли қылышлар, сынған қалқанлар,
семсердей Сезимлер,
аяўсыз қамшылар,
гүнасыз қулынның көзиндеги тамшылар
Таўлардың тәкаббырлығынан басланады.

Сеңлер қозғалады...
Қыстың сеңлери.
Дәрьяның ағысы –
Рууҳымның ағысы.
Соңғы аппақ қарға көмиледи
қәлбимниң март айы,
қәлбимниң апрели...
Ҳәм мениң муқаддес аспанымның,
тәбиятымның
исрапыл даўылында,

сел-сел жаўынында
уйқыдан оянар «жасыл шаўқымлар»!..

Сеңлер қозғалады...
Сапасыз китаптың сапасыз бетлериндей
сапасыз жапырақлардың үзилиўи шәрт,
бийсапа гүллерди аяз қарпыйды...–
Бәҳәрдиң де темирдей «нызамлылығы бар!..»
Бул көклем бийғәрез Аяўшылыққа –
Рууҳымызға ҳүкимдар жаңаланыўлар.
Геллекленген талдай тоқалақ үмитлер
тербетиле алмас баяғы жыллардағыдай...
Түслерине енер нарт шыбықшалар...

Сеңлер қозғалады...
Муэлар қурсаған
моторлы ушанлар майрылар,
желқомлы қайықлар – қайырда
қуяштан нур тилеп, аязды айыплар.
Шағала шаңқылдар:
«Ушанлар кимдики, кимдики қайықлар?!
Ийеси ким бунық?! Дарғасы ким бунық?!
Соларды айыплаң! Соларды айыплаң!!!»

Сеңлер қозғалады –
сеңлерге сеңлер қағысып.
«өзи болған өзмәмбетлер»
аз қалады –
МЕНлерди МЕНлер шабысып...
Аспаныў-зәминниң мыңсан гәрдиши
салмағын жәмлеген бе, жалғыз ноқатқа?!
Сеңлер езилип атыр,
Бултлар түтиледи:
Дүньяны уўықтырған қурсаў – саўытлар
Бәҳәрдиң семсери сермелип
сөтиледи!..
Гидрометцентр хабарлар:
«Түнде – қыраўлы аяз,
қуйынлы жаўын...
Ал, күндиз –
аспанымыз ашық, озонлы ҳаўа,
отыз - отыз бес градус
ыссылық күтиледи!..»

*1986, март*

* * *

Сен неге изимнен қалмайсаң, Гүман?!
Аңлыў пешемеди қәдемимди ҳәр бир!..
Көшени жүрип өттим – соңымда думан.
(Үҳ, қутылдым десем, тап қарсымда тур).

Ийтке мегзесең де түлкилигиң басым.
Азыўың қасқырды еслетеди, бирақ.
Жайдың мушларынан қылтыйып басың
Мәстан мама яңлы күлесең узақ...

Жети баслы жылан. Шапсаң – он төрти?!
Ҳүр ийман мәңгиге киятыр урысып.
Көзимди жумған дем – барлығы ертек?!
Ашсам – қолымда ҳүжданның қылышы!

## ТӨГИЛГЕН СҮТ ҲАҚҚЫНДА ЖУМБАҚ ҚОСЫҚ

Қолыма ушлаған бир лаўабы сүт
(гүнакар өзиммен) төгилип кетти.
Қамап қаңсыласқан, иштейлилер – ийт.

Сүтти уйытыў еди – ҳадал әрманым,
теберик гүзеге. Мойнымда – обал.
Сууда мантықтым мен, талды қармадым.

Тирилерден жәрдем болмады.
Бенденики – мудамы тәшўиш.
Ҳәзирети Әлийим – қәлем қолдағы...

## АСТАН ҚЫЛШЫҚ ИЗЛЕГЕН БИЙМЕЗГИЛ МИЙМАНҒА

Я тоба!
Топ та қыйсық болады ма екен?!
Дурыслап теппеген аяғында гәп бар... –
Табаққа түскен астан қылшық излеген
биймезгил қонақта қандайдур мәп бар?!

Бунша не көкирек?! Қаңырап қалған
әйнексиз, қапысыз тамға мегзейсең.
Бәлким, түн сеники, ал атар таңда
зилзила оянарын сезгейсең...

* * *

Ақпаң, көзимниң жаслары...
Сүйенген таўымның тасы тийди деп.
«Есерден ер шығар» – Елдиң баллары
журтының таяғын жейди көп.

Мушласып ер жетер елдиң есери,
жудырықлар шыңлайды жүрегин, қәлбин.
«Шайырлар – тебиренген тентек»
деседи,
ҳәм жылап, ҳәм күлип жырлайтуғын халқын.

Ақпаң, көзимниң жаслары...
«Тас пенен урғанды тас пенен урмақ...»
Жоқ... Жоқ...
Тентекликти қой енди, Қәлбим.
Жылап ҳәм күлип турған бир қосық арнап,
сүйенген таўыңа әлўидағ айтқыл...

«Есерден ер шығар». Елдиң тентеги,
таўлардың тасы тийип айланар шыңға.
Тас пенен урғанды ас пенен урып,
пәрўана болады талай санмыңға.

Ақпаң, көзимниң жаслары...

Семсер өткирлесер қайралған сайын.
Жудырық көп жеген мушласқыш келер.
Мәккарлық, менменликтиң ол алып айын,
әдалат таўына ғана сүйенер.

Тәрк еттим, сизлерди, мени атқанлар.
Мың талақ, алдамшы гөдек исеним...
Бүгин асаў қәлбим муңға батқанда,
Таўлар ким, Дала ким, бәрин түсиндим...

Кеттим Далаларға... әлўидағ, Таслар...
Гөдек үмитлерим – «лалалар»
талақ.
Өзимде қалыңлар ашшы көз жаслар.
Өзимде қалыңлар ыссы көз жаслар.

Ақпаң, көзимниң жаслары...

* * *

Қалай өтемен
өркеш-өркеш қумлардан?!
Мыс қайнаған саратанда
әрман етемен
сыңғырлаған булақ суўларын.
Бирақ, бул әтираптың еспе қумлары
булақлардың нәзик жырларын
мың әсирден бери көмип киятыр.
Қуптандағы қуяштың нурларындай
бул үлкениң
жасыл реңлери семип баратыр –
тырнакөз булақлардың мөлдир жыллары,
жаслық жыллары...

Қалай өтемен
адам жутқан шорлы батпақтан?!
Өз зәҳәри өзине жайылып,
өзгелерди де зәҳәрлеп жатқан
«Барса келмес» лерден қалай өтемен?

*1982*

* * *

Нәзәлимлердиң
«ат көтермес жылўа-назларын»
көтерип турғанына қайылман,
сынып кетпей,
анаў биз өкшелердиң.

* * *

Ағалар, бес күнлик пәний дүньяның,
төртеўин өткерип, бири қалғанда,
неге басыңызды шайқайсыз ғамлы?!

Ағалар, бес күнлик пәний дүньяның,
үшеўин өткерген инилериңиз,
қәддиңиз қайысқанын көрип егленер...

* * *

Ҳақ кеўлиңди көрсеттиң, қуяш, неге,
булт жамылып қалмадың мәңгиге?!

Қуллар енди басларды жаўдырар,
сениң мүбәрек нураный меҳриңе.

* * *

Айтсам ада болмас әрманым мениң,
перинин жүреги айды гөзлейди,
ҳәм пери тилинде ғана сөзлейди,
пүткил пидә болып жанганым менен.

* * *

Гүналысаң сүйгениң ушын –
пүткил өмириң жанды жолларда.
Атар таңың – күл ҳәм түтиндур.

* * *

Ўақыт қайрағында тас саўсақларым,
полат пәнжелерге айланды бүгин –
қара мәрмер сынар сығымларымда.
Гүллерге қоныўға қорқаман, енди.

* * *

Бир қус сыңсып айланды, дослар,
жүрегиме мийман болмаққа.
Кеўлим мениң – түсиниксиз аспан,
оған сағыныш, сағыныш толмақта.

* * *

Бул айлы ақшамның сырлы нигаҳы
мени шақырады бәлентликлерге,
қәлбимди түсиниксиз отларда жағып,
алысламас яки жеткермейди де.

* * *

Кеўилиң – қап-қара түн.
Пешанама урған шоқмардан.
басым емес аспан жарылды.

Кеўилиң – қап-қара түн.
Ал, аспанда шақмақ жалтылдар.

Сур таслардың сурғылт музында,
қушағымды жайып жатырман.

«Мениң қаным урады сени!..»

* * *

Ишти, жеди, кийди гүнакар бенде –
шаҳларша жасады, ал нени утты?
Инсапты жоғалтты, бирақ кейнинде,
қаракөк айдарҳа дүньяны жутты.

* * *

Ақ қой бар, қара қой бар...
Неге жоқ аппақ түйе?!
Ҳақ ой бар, қара ой бар,
неге жоқ аппақ күйе?!

* * *

Дәрьялар ағып турсын,
толқынлар тасларды урсын,
урмағай бизди шахмақ,
урса – ярдың ықласы урсын!

## ЕСИТ, ШАЙЫР

Көп ўақ болды бизиң бағларға
ғарға-зағлар мәкан басқалы.
Соннан бери бәлент шақаларда
қуўраў аламаты басланды.

Ерик, алма гүллеген пайыт,
аяз келер зәҳәрин жайып,
шийезарлар тоңар муңайып,
жүзимлердиң көзлери жасланды.

Гүл мийўеге отырған ўақта,
долы даўыл минеди атқа,
қыршынынан қыйып шаппақта –
қылыш алып бағқа тасланды...

Ал, ғарғалар айшы-әшретте,
бири – Машрық, бири – Мағриптен.

Ким ҳал сорар бағдан – ғәриптен?
Алмаларды зағлар дастанды.

Есит, шайыр – шеңгелзарлықта,
бағ дәртинде – интизарлықта,
шырлай-шырлай үни қарлыққан
сайраў жүрегимде басланды...

## ОЛ...

Соншама ишмерез, соншама иплас –
жүзине теўип тур кеўил қарасы.
Көплерди сорлатты ол зыңғытқан тас,
бир өмир жазылмас салған жарасы.

Соншама даңқпараз, сонша иши тар,
күншиллик запраны солдырған тәнин.
Даўысына шыққан иштеги зәҳәр,
билмейсең күлгенин – ўаңқылдағанын.

Соншама қылымсыр, сонша жағымпаз,
керек жерде түлки – «қуйрығын былғар».
Ҳамалдар – зормысаң, саған етер «наз»,
«басқа шаршы тартып болады дилбар...»

Мың шүкир.., мың шүкир... эстаўпираллаҳ!
Бунның қыз жынысылы емеслигин айт...
Онда ким зор болса, бәдрепке былғап
қушағынан шықпас еди бул бәдбахт!..

## КҮНТИЙДИ СӨГИЎ

Өз үйимде – өзим биймен, өзим төремен,
саған емес, ҳүжданыма есап беремен.

Жақсылық күттим адамнан – уттым жаманлық.
Не жазса – сол! Барлығын қудайдан көремен!

Қой ақылды, ийелик ет шаңарағыңа.
Шарбағыма шырша, ҳәтте, пальма егемен.

Мәй ишемен, мәңги турғай шарапханалар,
қәлесем, Нас, Марлборро, Палл Малл шегемен.

Жол олай деп, жол былай деп, мыяўлама, мүррик,
Симсиклерди шымбайшалап турып сөгемен.

Былшыраған аўзыңды арт, ҳей, ақлы даныш!
Гежең қайнап турған жерди ҳәп-бир тебермен!..

## ҚОЙДЫҢ ШАҒЫМЫ

Ешки артын мудам ашып жүреди,
бирақ елестирмес оны ҳеш бир жан.
Меники ийт қуўса бир ирет түриледи,
неге гәп-сөз қылар соны дуў жәҳән?!.

## ИСЕНБЕ

Жалаң аяғыңа исен, ол сени
от-суў бәлесинен алып шығады.
Минген тулпарыңа қой исенгенди,
бир күн жаў алдында үркип, жығады.

Исен, өз геллеңе, ийинлериңе,
зил-зил жүклериңди көтерер күн-түн.
Сүйенген таўыңа, жора, исенбе,
қуласа – сен ўайран болыўың мүмкин...

## ҚӘЙТЕР ЕДИҢ СЕН?..

Не шара, Асан қайғы, өтер өмириң
үй түңлигин тепкен мәслер арасында.
Мың жыллық байтерек бәлентлик жырын
жырлар ойпатлықта – пәслер арасында.

Арыўдың бармағында шоқ – лалап тилла
жарасар гүл гәўҳар қаслар арасында.
Қаҳанның мәрўәрит жүзиги жойтылса,
балшыққа былғанар таслар арасында.

Тәғдириң солай екен – ат белиндесең...
Күн ҳәм түниң душпан – қаслар арасында.
Бирадар, қәйтер едиң өз елиңде сен
наның жарты болса дослар арасында?..

## БИЙКАРЛАЎ

Саатқа уқсағанның
барлығы саат емес.
Қанатқа уқсағанның
барлығы қанат емес...

* * *

Кеўилинде ийт жоқ қабаған,
дәрўазасы бәрқулла ашық.
Лекин, күтип алар қаңсылап,
тоқсан тоққыз қуллық әйлеген
ҳешкимге ҳазарсыз
әжайып түлки.

## ГҮРЖИ ИЙТ

Сеннен қорықпайман.
Ашшы даўысыңнан шоршыйды мың адам.

* * *

Я, тоба!
Пушкинниң қанатында пәрўаз еткенлер
Пушкинниң пәрўазын үйретер емиш...

## Ә.Б.

Бул ғамлы түнлерден қутылмақ дәркар,
гүңгирт думанларды серпип жиберип.
Нурлы пайытлардың өз жумбағы бар –
Жулдызға жарасар (сырлы) жеккелик...

* * *

Сулыў сыйпаламай Сөзлердиң,
Паңқылдақ Одалардың
ушырып жиберди ҳүрейин
жүреклерин жарып жиберди
қанжардай қайралған қосықлар.

* * *

Егер сен болмағанда,
ийисиң мурынына бармағанда,

жеп қояжақ еди ийтиңиз
бизлерди...

* * *

Мий, Бастың ғамын ойлап
малақай сатып әперди
мың манатқа.
Сол ақыллы Мийди көтерип жүрген,
Сол мың манатлық Басты көтерип жүрген
Аяқлар
Шығыпты ядтан.

Я тоба!
Жүректики ҳәмийше Азап...

* * *

Қараңғылық жасырынар қуяштан.
Оның сарқытлары –
Саясы қалар.
Сизлер де жасырынып атырсызлар нурлы
Санадан,
Думанлы,
Батпақлы Топаслықлар!

* * *

*Профессор Қурбанбай Жәримбетовтың*
*шәкиртине тәселлеси*

«Үш» алған студент далада қалмас.
Ол директор болар, муғаллим болмас...

## ТУЙЫҚ

Той тағамы – май ҳәм сөк.
Майсөк былғаў – май, сөк ис.
Достың сөксе, гүна жоқ.
Дос сөгиси – мәй сөгис.

# АЙЛЫ ТҮНГЕ ҚАЙТАМАН ЕНДИ

* * *

Ҳәр назлы қәдемиңе,
тас жоллар таңланар,
таңлайын қағып:
«Пах, пах, пах!..»

Анаў биз өкшеңниң қадалған орны,
қыдығын келтирер көгис таслардың:
«Аҳ, Аҳ...»

Тас қылып жаратса бизди қудайым,
жүрген жолларыңа төселер едим,
өкшелериңди сүйип:
«Ўаҳ...»

* * *

Кеше ақшам бир сақый қыз:
«Дүнья әлўан гүл... – деди. –
Қуяш батып, шықса жулдыз,
тикенлисин жул...» – деди.

«Бизиң үйде шийе бағ бар,
барыўға жоқ жол, – деди. –
Қыздың жолы қылдан да тар –
бағқа уры бол,» – деди.

Сыңқ-сыңқ күлди: «Мен бир гүлмен.
Бағды қыйнар шөл... – деди. –
Қорқсаң уры болыўдан сен,
жигит болмай өл...» – деди.

* * *

Нәзик бармақларың ийирген сабақ,
пүткил өмиримди мүмкин шырмаўы.
Думанлы, дуўайы көзлериң ҳәр ўақ,
муз ҳәм тас сыяқлы тәғдиримниң «жаўы»...

Пинҳамы сақлайсаң мийўаларыңды,
ашкөз сезимлерден, отлы нәзерден.
Пискен алмалардың саўлаўларында,
маған түсиниксиз сыр бар әзелден.

Пәклигиң – қараўыл. Мылтығы – оқлы.
Сениң шарбағыңа өте алмайман.
Мени қутырындырып атырған шоқты,
я Алла..! сақлағыл..! өшире алғайман!

Я Алла... кеширгил биздей қулыңды...
Гүнаға баслайды бул ийесиз Бағ,
қәлбимде, санамда, дәли тәғдиримде,
кестеленип лаўлар бир алтын сабақ...

* * *

Күнбатыстан келген бултлар,
жийде ағашын «жинли» етти,
сағыныштан гүлин сарғайтып,
жапырақларын күл еттти.

Түсинбейди дәртин ҳешким –
қара булттың ақлы лал.
Егил-тегил ҳәркүн кеште,
бултлар негедур жылар?!

Бүгин таңда гүл ийсинен,
бас айнытан мәҳәлде,
уўдыр-шуўдыр липас кийген.
бир дилбар маған келди...

Таңғы гүлдиң демлериндей,
нәпеси ҳәм сөзлери,
ийнин жапқан шашы өрилмей,
қәлбимди, ўаҳ! езер еди...

Кирпигинде гәўҳар тамшы –
гүналарымды дизер еди,
нәрестедей пәк нәзери
және меҳир излер еди!..

Оҳ, қәйтейин, бүгин түнде
және жылайды аспан –
Дәртлеримди уғар кимлер?!
мен – бултпан, шыдамаспан...

* * *

Дуўтарың ыңыранды, дәртин мен сездим.
Ол муңлы гүмбирлеп баслады сөзин:

«Мени ҳәмме мақтар, етеди тәрийп.
Бирақ, ҳаслында мен муңлыман – ғәрийп.

Шайырлар мақтайды «Сыңғырлайды...» деп.
«Сестинен тән ҳәм жан жымбырлайды» деп.

«Сырлас, муңласым» деп сүйер қыз бақсы.
Әлбетте... булардың бәри де жақсы.

Бирақ көкирегим толы әрманға.
Кеўилим тоқ емес, дүнья – ялғанға.

Не ушын дуўтар қып жараттың, Алла?!
Ада болмас дәртке сен шаттың, Алла!

Мени жигит етип жаратқанында,
Йошлы қумарлықлар жанып қанымда,

Мынаў қолларынан шарап ишер-ем...
Неге жигит қылып жаратпадың сен!..

Гүлдей ләблеринен сүйер едим мен!
Пүткил өмирим жанып-күйер едим мен!..»

Дуўтар сөйлеп болды. Түсинген едим:
«Сен күтә бахытлы дуўтарсаң» дедим.

«Сен жигит болыўға қызықпа ҳасла!
Жигитлик буйырсын таўдағы тасқа!

Жигитлик азабын бизлер татқанбыз.
Мың түрли бәлеге басты шатқанбыз.

Ийттиң өмириндей – жуўыр-ха, жуўыр,
Жыйған-тергениңди суўыр-ха, суўыр...

Егер де мен дуўтар болғанда бар ма,
Салтанат ҳәм заўық бағышлап ярға,

Басымды дизесиниң үстине қойып,
Гүлдей сийнесиниң ийсине тойып,

Жүрек дүрсилдисин тыңлар едим мен,
Қандай дәртлер өртер аңлар едим мен.

Төрине илиўли турар едим мен,
Жатса көрпесине қулар едим мен...

Оны сағынышлар өртеген ўақта,
Мени шертер еди ақшам қушақлап...

Сылап-сыйпап мени аймалар еди,
Бул басым бахыттан айналар еди...

Сен жигит болыўға қызықпа ҳасла!
Жигитлик буйырсын таўдағы тасқа...»

Бул ўақыт мийримсиз, дым қатал ўақыт.
Мен дуўтар болайын, қабыл ет, Бахыт...

* * *

Дүбир... дүбир... – дүбирлер...
Байлаўдағы ақ байтал,
айлы түнде дирилдер,

ай нәзерлеп киснейди,
дәртин уғар бенде жоқ –
жылқыман түсинбейди,

дөкилген қуйрық-жалы,
айғырдай қара бултлар,
қутырмас оқыранып...

темирдей гүрек тислер...
жинленген долы күшлер..,
шақырар ақ байталды.

* * *

«Сүйемен!»деп айтпа қызға, сен,
қасақана исле барлығын.
Беглигинди сирә бузба, сен,
лаўласа да интизарлығың.

Қәддиң қанша тик болған сайын,
ыңғайыңа сонша берилер.

Түндей болсаң қушағын жайып,
тәғдириңе тәғдири өрилер.

Жаны нәзик гүлдей, ал бирақ,
«урныққыр» ды сүйеди олар,
тас минезли жигитке қулап,
пинҳамы бас ийеди олар...

Ҳәм киноға мирәт етпе көп,
ал, көбирек қыдырт тоғайды.
Төсегиңиз жасыл гилем – шөп,
жамылыңлар жулдызды, айды...

Ийттей жалтақ жигитти олар,
жек көреди жини тырысып,
ҳә дегеннен бултыйып қалар,
ҳә дегеннен қалар урысып.

Сағынады қасқырдай алғыр,
жигитлерди – лашын қанатлы.
«Мәрт еркекти ушырастыр Тәғдир –
мәрт жигитти омыраўлы, пәтли...» –

деп тилейди Алладан жалғыз,
йошлыларды сүйеди олар,
бул дүньяда әрманлы ҳәр қыз –
мәртке кеўлин ийеди олар.

«Сүйемен!» деп айтпа қызларға,
ҳәм салқынлаў сақла өзиңди.
Булттан бәлент ушқан қуслардай,
бәлентлеў тут ышқың – сезимди...

*1988-жыл*

* * *

Ўаҳ.., мен! отыз бәҳәр өмирим лаўлап,
парықсыз жаныпты әзийз күнлерим.
Аспаннан шашыраған буршақтай саўлап –
отыз қыс төгилдим... енди, билмедим,

және қанша бәҳәр лаўлар өмирим?!
және қанша қыстың исрапылы бар?!

«Ошақ басы» атлы тордың – темирдиң,
руўҳымды бәнтлеген қанша қулпы бар?!

Усы тар қәпеске отыз биринши
мәўсимниң шынжыры кепсерленеди...
Кимдидур сағындым, излеп өмиримше,
ол – сен едиң...

* * *

...пинҳамы ышқының сырлы шарабы,
яндырып ақ йүзиң қызылланады,
пикириме пикириңниң палы тамады,
Хийўаның жулдызлы, қарлы түнлери.

Дәрўаза беклеўли, қалғыйды қорған,
сен бир хан қызысаң мен – ғәрип, «қулман»,
бийкем, «қылышыңнан өлмеклик» – әрман.
Хийўаның жулдызлы, қарлы түнлери...

Арбасын туўарып қырық мың өсектиң
«қырық қәнизегиң балқыр төсекте».
Бул мәўрит – зыңылған алтын кесектей,
зуўлайды – дым қысқа Хийўа түнлери...

* * *

Бул – яки ертекдур, яки шийрин түс:
әлиме пәлпәллеп қонды қуба қус,
назы мыңдур, мисли қубылған таўыс –
көркин тәрийплеўге сөзим жетпейди.

Ол өзи – еркиндур, ол өзи – азат,
тентеклик, еркелик бар онда азлап,
ол күтә шәмшилдур – қанатын сазлап,
ушып кетпесине көзим жетпейди...

* * *

Жети жыл жасадым жердиң астында,
жети жыл жойыттым өзим өзимди,
ғазлар ғаңқылдасса гүзги аспанда,
қанаты қырқылған қустай сезиндим.

Салланған қырық мәстан – шарап қолында,
бизге түр-түринен мықлап иширди,
руўҳымды кисенлеп, бәнтлеп соңында,
қырық қулаш зинданға айдап түсирди.

Жети қат аспанға руўҳым созыўлы,
сыңсып жети тырна қәлбиме қонбас,
қырық қулаш арқанлар әззи – үзилди,
зилдей кеўилимди көтере алмас.

Жерленген руўҳымды аспанлатыўға –
(нурға шомылыўы ушын шартәреп)
мени бул зинданнан сырқа тартыўға,
қырық өрим, қырық қулаш шашларың керек!..

* * *

Шашларың дөкилип келесең сен,
ҳәўирли ышқың менен,
сахрайы сағынышың менен.
Ҳәўирли ләблериң менен
сыбырлай бересең сен
жүрегиме:
– Мен өзге пәрий болып келемен ертең...
Мен өзге сағыныш болып келемен...

Қулыңа ышқыдан басқа не дәркар?!
Лапылдап жүрегиме енесең сен.
Жалынлар умманына айналар Бахтыяр!
Қәлбимди думанлатып сыбырлайсаң сен:
– Мен еле даўыл болып келемен ертең...
Мен еле жаўын болып келемен...

Сен – ертексең. Мен бир нәресте.
Түнлерде қушағында буйықтырасаң.
«Ер жеттим, бир поса алайын», – десем,
өптирмейсең, ушып турасаң.
Және сыбырлайсаң жүрегиме:
– Сен бала, делбе болып кетесең ертең...
Сен бала, делбе болып кетесең...

## АВГУСТ

Таллардан үзилер жапырақлар – жыллар,
шаршадым күнлердиң бирдейлигинен,
жалықтым түнлердиң бирдейлигинен...
Саратан деминде тәғдир тас жолдай.

Таллардан үзилер жапырақлар – жыллар,
ҳарыдым күнлердиң бирдейлигинен,
безиндим түнлердиң бирдейлигинен...
Август қушағында жанбақта жоллар...

* * *

Ақылыма бағынбас жүрек.
Сезимлерим – лаўлаған жалын.
Шөлистанға бир булақ керек.
Түн қойнына – жулдызлы сағым.

Сен – жумбақсаң. Шешилмейсең ҳеш.
Бул бәҳәрдиң қүдиретимекен?!
Гүл болсаң сен қуяш ушын өс,
соқпақларда болмасын тикен.

Қупыялығың – сениң пәклигиң.
Жипсиз байлар сезим дегенди...
Тас жол тамам – тамам жақты күн,
Айлы түнге қайтаман енди...

* * *

Тырналардың сыңсыўы менен
көл оянар, айдын оянар.
Дәрт көлинде тербелер кемем.

Тырналардың сыңсыўы менен
жүрегимде бир қус оянар,
сағынышлы қыйқыўы менен...

Тырналардың сыңсыўы менен
көл шайқалар, айдын шайқалар.
Дәрт көлинде жалғыз қалдым мен.

Жүрегимде бир қус оянар
тырналардың қыйқыўы менен –
пүткил өмирим мени айналар,
пүткил өмирим мени аймалар...

* * *

Жүрегимди сақлап едим қол жетпес қарлы шыңларда,
Ай, сен перденнен сығалап, қәлбимди музсыз, қарсыз еттиң.

Тәкаббыр «бойцовый қораздай», Гүлди менсинбес едим,
Беклик қанатларымды жулып, қоразды пәрсиз еттиң.

«Ышқы перисине бенде болғаннан өлгеним жақсы»,
Десем, қайшың менен қыл арқанды кесип, дарсыз еттиң.

Жөниңе жүрмедиң сен. Үркиттиң менлик Ақ қуўларды,
Келсең-кел Сәнемлерди меннен бездирип, ярсыз еттиң.

Пәкизе, уялшақ суўпыдай мүсәпир Бахтыярдың
Қолларын, жолларын, көзлерин ҳәм өзин арсыз еттиң!..

* * *

Көргенсиз қолларым ардан, уяттан журдай болды,
Мешкей ҳәм тойымсыз – ол, есаўан бир қулдай болды.

Қайларғадур қыдырғысы келип өлип баратыр...
Мәңги дуўаланған, бетсиз, уры лолыдай болды.

Айдың пердесин жулып Айды сыйпалаў әрманы –
Он бармағым тәртипсиз, бийқәсийет он улдай болды.

Ышқы яман екен..! Нәпсимди мың шынжырласам да,
Ләғнәтий! үзип кетер – дүзге қашқан Жоллыдай болды...

# ПОЭМАЛАР

# МӨДЕ ХАН СӨЗИ
# ЯКИ ШИН ЖИПЕГИНДЕГИ БИТИК
*(поэма)*

Түркий халықлардың әййемги бабалары болған хун қәўимлериниң көсеми Мөде хан бизиң әрамызға шекемги 209 - 174 – жылларда ҳүкимдарлық еткен. Мөде хан хун қәўимлериниң ғәрезсизлиги ушын Қытай патшалары менен жемисли сиясий сөйлесиўлер жүргизген, саўашларда жеңислерге ерискен. Мөде ханның «Жер дегенимиз мәмлекетшиликтиң тийкары» деген пикирин дүнья жәмийетшилиги бүгинги күни де жоқары баҳалайды.

Бул поэманы түркий халықлардың ғәрезсизлик байрамларына бағышладым.

I

Күндиз Қуяш,
түнде Айға табындым.
Бабалардың
тири бөри руўҳына бағындым.
Қылыш қайрап,
оқ жайыма оқ жондым.
Қулынлардың батыр минер
ат болғанын сағындым.

Тайлар тулпар болып жулдыз гөзледи.
Баллар жигит болып мәртлик изледи.

Әкем – Түмен.
Ол қартайды – ириди.
Ақыл-ойын изей алып, пикирлери шириди.

Он мың улан әтирапыма топладым,
Он мың қасқыр – гүртлерим деп сақладым.
Оттан алып суўға салдым мың рет.
Мен бирликтиң балғасының соққысында тапладым...

II

Оқ жайымның өзгелерден артық еди «қылығы» –
қәҳәрленип атсам оғы бөри болып улыды.

Ушар еди түнек дүнья елшисиндей ысқырып,
душпанларға шашар еди әжелистан урығын...

Он мың қолға буйырдым мен:
«Орынлаңлар сөзимди!
Қасқыр болып улыйтуғын оқты атқан гезимде,
мен нышанға алған затты сол заматта атыңлар!
Жүреклерди босатыңлар аяў деген сезимнен!»

Арғымақ ат болды менде арыў қыздай толқыған.
Кең далада айдай жүзди кең аспанда қалқыған.
Батырларды сынаў ушын өз атыма жай тарттым.
Қаңсылап оқ ушып кетти.
Оқлар ушты артынан...

Тулпарыма Көкжал садақ – сегиз мың оқ қадалды.
Еки мың ер жай тартпады – атылмастан оқ қалды...

Хан буйрығы – Тәңирдики: «Еки мың ер – гүналы!»
Еки мың ер өлтирилди,
бирлик ушын.
Сегиз мыңға унады!

## III

Сайлап сүйдим сулыўларды тай-қулындай мүшели.
Бир ҳаялым қыз ақ қуўы,
назы таўыс қус еди.
Тәңирим – жалғыз.
Аспан – жалғыз.
Қуяш – жалғыз.
Ай – жалғыз...
Көңилим және батырларды сынаўды бир күседи...

Садақ тарттым арыўыма.
Жылап-сыңсып ушты оқ.
Ай тәнине, жүрегине әжел болып түсти оқ.
Жети мың Алп – жети мың Гүрт,
қалтырамас қоллары.
Гөззалымның пәк қанында – жети мың оқ – писти оқ.

Атылмаған мың оқ қалды...
Қалтыраған мың ердиң

жанларын мен Көк – Тәңирime
сауға етип жибердим...

## IV

Тасты сүзсе қайралады қара буғаның шақы.
Елдиң мәпи – мениң мәпим!
Мениң мәпим – ел мәпи!

Ел-журт ушын аямадым арғымағым – тулпарды!
Ел журт ушын қурбан еттим қойнымдағы гүл – ярды!

Ел-журт ушын тажым-тахтым,
тулпар меннен – садақа!
Ел-журт ушын үйим, бахтым,
дилбар меннен – садақа!

Зимистан түн қушағында жети жулдыз – қарақшы.
Шөл қойнында жети мың Гүрт – елин қорғар қорықшы.

Май айныса дуз салады.
Ер айныса не болар?!
Шын бөрилер айнымайды.
Айнығанлар ийт болар,
сағал болар, түлки болар қуйрық былғап қаңсылар.
Мәртлер елдиң дузы болар – айнымайды жақсылар!

Әкем Түмен айнып еди – Шынмашынға қол берди.
Ғайры динге, ғайры тилге қушақ ашып, жол берди...

Қаҳәрленген бөри оғым улып ушты Түменге,
жети мың оқ нақ шаншылды... Жазаладым әкемди!

Халқым айтса – Көк айтқаны:
«Жанды пидә етермиз!
Ер айныса биз геллесин
тәннен жуда етермиз!»

## V

Семсер сермеп, найза урдым,
Ел бирлигин дүзеттим.

Кирпигиме қанжар қадап, ким дос, душпан?! Гүзеттим.
Көк аспанда Бүркит – патша, кең далада – қасқырлар!
Ерлик, мәртлик, батырлықты улығладым – сөз еттим!

Та әзелден душпан еди Шынмашынның патшасы.
Ол буйырған елши келди. Хат әкелди хатшысы:
«Әй, Хан Мөде, пияда жүр! Жараспас ат мингениң!
Шыбын жаның аман болса – сол ат ҳәм тахт мингениң!
Астыңдағы Желсуў тулпар, маған сауға ет бүгин!
Егер сауға етпесеңиз Түнге айланар Күниң!»

Үш мың батыр өрре турды қабағынан қар жаўып.
Денесинде, қан тамырда намыс пенен ар шаўып:
«Шынмашынның қаласына басла бизди, Мөде хан!
Намыс өртеп өлтиргенше, өлейик биз қылыштан!
Сиз минген ат, Желсуў тулпар – бул ханлықтың нышаны.
Патшалықтың, ел болыўдың ҳәм халықтың нышаны!»

Мен буйырдым: «Ат бир мақлуқ!
Ат туяғын тай бассын!
қоңсым тыныш – биз де тыныш...
Булттың орнын – Ай бассын!
Шынмашынның айдарҳасы алсын атты, бериңлер!
От бүрккенин қойсын бизге,
буўырқанбай жайлассын!»

Хан ҳәмири – Тәңирдики. Ҳәмме мақул деп тапты.
Шынмашынға сауға еттик ханлық нышан – сол атты...

## VI

Елши келди Шынмашыннан бир жыл салып араға.
Айдарҳасы пәнже урып, жүрегимди жаралап...

Хат жазыпты: «Он бес жасар генжетайың, қызыңды –
аппақ қозың, аппақ ылақ – еркетай Күндизиңди,
жетпистеги ғарры деме, ҳаяллыққа бер маған!
Түйе өркеш алтын жибер! Еки етпе сөзимди!»

Алты мың ер қылышларын қынаплардан суўырды.
Шынмашынға атланбаққа атларына жуўырды.

Көз жасларын ишке жутты...
Кирпиклери муз еди...
Найзаларын тасқа шанышты.
Лаўлап, жанып сөзледи:
«Нағыз бөри уясында емес, дүзде өледи!
Нағыз улан өткир қылыш, өткир сөзден өледи!
Қызды, Сизди бассынғаны – бассынғаны ханлықты.
Душпанларға қанжар урып, биз өлгимиз келеди!..»

Ҳәмир еттим: «Қыз – жат елге кететуғын нашар ол!
Тәңирим айтса сахралардан ҳәм таўлардан асар ол!
Ал, дүнья-мал – қолдың кири,
кетсе және жыйналар.
Қоңсы патша тыныш болса,
журтым тыныш жасар, бил!
Шынмашынның патшасына жөнетиңлер айтқанын!»
Айтқан сөзим – атылған оқ!
Пикиримнен қайтпадым.

Ханның сөзи – Тәңир сөзи,
буйрық бәржай етилди.
Ел-халқымды қайғы басты,
қабырғасы сөтилди...

Қызым минген алтыны бар узын кәрўан қозғалды.
Ел-журтымның жүрегинде тас жандырған қоз қалды...
Елим-халқым қысыўметте қанжар киби қайралды.
Сермейтуғын семсеримдей сараланды, сайланды.
Бөлтириклер иннен шықты – жетпис мыңы жай тутты.
Улыйтуғын оқлар жонды. Бөрилерге айналды...

## VII

Бир жыл өтти, елши келди Шынмашыннан және де.
Айдарҳа жыл, қақаман ай, он жетинши сәнеде.
Хат жазыпты: «Шөп көгермес, тамшы суўсыз жериңнен,
ат туяғы, қус қанаты куйер өли шөлиңнен,
күнбатардан – күншығарға, түслик жақтан – арқаға,
жүз шақырым сахраңды бер, бөлип алып елиңнен!
Мен Шынмашын айдарҳасы! Саған буйрық, Мөде хан!
Ҳәмиримди тез орынла! Қәҳәримнен бол аман!»

Көкирегим кекке толды – көзим толды қанларға!
Тәңириме жалбарындым күнбатарда, таңларда:
«Әй, Көк Тәңирим! Өзиң қолла! Қуяш қолла! Ай, қолла!
Қасқырлардың жүрегин бер, ғайратын бер хунларға!»

Тез қурылтай өткердим мен. Қалмай келди көсемлер,
тили менен темир түйин, тилсим шешкен шешенлер.

Бир топары: «Гия өспес шөл ғой, берейик...» – деди.
Бир топары: «Бир қарыс жер бермей, өлейик» – деди.

«Жер берейик...» дегенлердиң жулынларын үздирдим!
Ал, мәртлерге арыў сыйлап, ат жүйригин миндирдим!

Айттым журтқа: «Мәмлекеттиң тийкары жер болады!
Жерсиз халық – пуш дән болар. Жерли журт ел болады!
Инсиз қасқыр – қасқыр емес! Уясыз қус – қус емес!
Ордамыздың, мәмлекеттиң тийкары – ер болады!

Ғәнимге жер бергенлердиң терилери сылынсын!
Жүрек-бауырын ийтке таслаң! Жулынлары жулынсын!
Бул пәрманым барып жетсин әўладлардан әўладқа!
Жер қәдирин ким билмесе, жаза бәржай қылынсын!»

## VIII

Тас сындырды қәҳәрленген қақаман қыс қылышы.
Сақал-муртлы айдарлы ер атқа минди ел ушын.

Қалың елим ийинлесип, нуў тоғайдай тербелди.
Жети жасар ул өзлерин алп, бөри деп билди.

Үш жүз мың алп Шынмашынға бөри болып бүрилдик,
Шала жанлы, өли едик. Биз саўашта тирилдик!

Үш жүз мың оқ – Көк ғәзеби! Улып ушты жаўларға!
Қылыш урдық, найза шаныштық, талқан болды таўлар да.
Шынмашынның әйдарҳасын әсир алдым. Соңынан
та өлгенше шопан еттим саҳрадағы қойларға.

Жетпес жерде етегимди кестим, оны жең еттим...
Жер бермедим өзгелерге, ал жеримди кең еттим...

Даналарды, батырларды ҳәм мәртлерди қолладым.
Мен елимди бултты сүйген таўлар менен тең еттим!

Тыңлаң, беклер!
Өспес елдиң ерлери тез айныйды.
Даналар – Суў! Суўсыз елдиң көллери тез айныйды...
Жаў қәдеми тийген журттың гиялары көгермес.
Ер қәдирин билмес елдиң жерлери тез айныйды...

Мен сөзледим.
Хатқа салды шешенлер ҳәм даналар.
Күндиз – Қуяш, ал түнде – Ай, руўҳы тири бабалар:
«Ел-халыққа темир тәртип, нызам болсын! – деп еди, –
Тайлар батыр минерлик ат,
батыр болсын балалар...»

Мениң сөзим – Тәңиримдики!
Ноқат қойдым. Гәп тамам...
Журтым ушын жасадым мен.
Таңба бастым – Мәде хан»

## ҚАР АҚ АЛП АҚ

### I

Көкте – Таң Иңир.[1]
Бийикте – Таң Иңир,
Жерди жаратты.

«Жерде жүрсин
Жуўырсын!» деди
Ерди жаратты.

«Ерге ерсин!» деди.
Урықа(лыў) шыны[2] жаратты ...
Ер қара[3] алп ақ еди.
Урықа(лыў)шы – ақ арыўық[4] еди.

Ер қара алп ақ
Арыўықты алды.
Ақ арыўық ерден
Урық алды ...

Тоққыз айда көз жарды –
(Туўық – гүз айда. Қаўыз жарды):

Уғыл көрди.
Уғыл алп ақ еди.
Сүйинди.

«Тири – тирик!» деди.
«Тирик – түрик!» деди.
Сүйинди.

Алп ақ «түрк» болды...

---

[1] Жақтылық ҳәм қараңғылықты жаратыўшы.
[2] Ҳаял.
[3] Оғада, күтә, жүдә.
[4] Арыў, гөззал, сулыў.

## II

**Таң Иңир қар жаўдырды:**
**Қар ақ еди,**
**Ул ақ еди.**

**Арыўық Ене көрди:**
**Қар – ақ, ул – ақ.**
**Улға айтты:**
**«Қар ақ – сен!» –**
**Сүйди.**

**Ер ата көрди:**
**Ул – алп, Алп – ақ.**
**Улға – Алпқа айтты:**
**«Алп ақ – сен!» –**
**Сүйди.**

## III

**Ер ата бөрини шанышты.**
**Уғылға жүрек берди.**
**Алп аққа айтты:**
**«Бөри бол!»**

**Ер ата бөриқутты[1] атты.**
**Уғылға жүрек берди.**
**Алп аққа айтты:**
**«Бөриқут бол!»**

**Ер ата жолбөрисин[2] атты.**
**Шанышты.**
**Уғылға жүрек берди.**
**Алп аққа айтты:**
**«Жолбөриси бол!»**

**Алп ақты Көкке –**
**От Тасқа[3] созды.**
**Таң Иңир көрди.**
**Жарылқады.**

[1] Бүркит.
[2] Жолбарыс.
[3] Қуяш, күн.

Жаңқыртты:
«Сен – Қар Ақ Алп Ақ!
Сен – Қар Ақ Алп Ақ!
Сен – Қар Ақ Алп Ақ!»

IV

Көкте – Таң Иңир
Жарылқады.
Буйырды:
«Алп ақ! Айыўды ал!»

Қар Ақ Алп Ақ
Айқасты.
Айыўды алды.

Ер Ата сүйинди:
«Алты! Алты!»деди.

Бийикте – Таң Иңир
Жарылқады.
Буйырды:
«Алп ақ! Жылқыға жет!»

Қар Ақ Алп Ақ
Жуўырды.
Жылқыға жетти.

Арыўық Ене сүйинди:
«Жети! Жети!» деди.

Қар Ақ Алп Ақ
Алтыда айыўды алды.
Жетиде жылқыға жетти -
Таң Иңир жарылқады...

V

Көкте Таң Иңир
Буйырды:
«Қар Ақ Алп Ақ,
Қар үй! Қар үй!»

Қар Ақ Алп Ақ
Қар үйди.
Ойды.
Еңкейди. Кирди.

Қар үй болды.

VI

Қара айғыр –
Жылқы бөриси.

Қара айғырды келтирди.

Қара айғыр қутырды.
Туўлады.
Тепти. Тиследи.
Төрт тарханды[1] өлтирди.

Қара айғыр –
Жылқы бөриси.

Қар Ақ Алп Ақ
Ашшыланды. Күйикленди:
«Ай, Таң Иңир!
Сен – Таң Иңир!
Сен жарылқа!

Қара қанжар
Мен қолға ала!
Қара айғырға
Мен бара!
Қарқыратып
Мен шала!»

Барды.
Қара айғырды
Алды.
Қарқыратып шалды...

[1] Ақсүйек батырлар (аристократ).

Қанжарлады қарда...

Қырықты қара қуйрығын.

Ақ найзаны
Жуўды қызыл қанда.

Найзаны көкте туўлатты...

Қызыл найза,
Қуйрық жал
Жалаў болды –
Көкте туўлатқан
Туў болды...
Таң Иңир сүйинди:
«Сен – Қар Ақ Алп Ақ!»
Таўлар,
Шөллер, Көллер сүйинди:
«Сен – Қар Ақ Алп Ақ!»

Таң Иңир буйырды:
«Қар Ақ Алп Ақ,
Суўларға атлан!
Отларда таплан!»

Қар Ақ Алп Ақ
Отлардан шықты,
Суўларға түсти...
Суўлардан шықты,
Отларға түсти...

Жоллардың шеги жоқ –
Суўлар, Отлар көп...
Таң Иңирдиң сүйгени
Қар Ақ Алп Ақ...

## МАЗМУНЫ

МАҒАН ЯР БОЛҒАЙСАҢ, ПӘРЎАРДИГАРЫМ ........ 9
«Аллаҳуў Акбар, Аллаҳуў Акбар...» ........................ 10
«Мың қәтле шүкирана айтаман, Тәңрим» ................. 10
«Билип, билмей еткен гүналарым бар» ..................... 11
«Қырық жыл кәрўан тарттым алтын аршалы» ........ 12
«Түсимде жолбарыс шапты маған» ............................ 13
«Қылды қақ айырған қылышын жойтып» ................. 14
«Еки ийнимдеги еки периште» ................................... 14
«Қабыл еткил, жетиқат Аспан!» ................................. 14
«Кешир Аллам, кешир оларды!» ................................ 15
«Қолларымды создым аспанға» ................................. 15
«Алтын болсам...» дейди топырақ терилер ................ 15

СЕН МЕНИҢ ТАЖЫМ – ТАХТЫМ ............................... 17
Тилек ........................................................................ 18
Бир ананың балаларына ............................................. 18
«Күл төкпе, бирадар, аяғымның астына» ................. 19
Нөкис жуўынып атыр... ............................................ 19
Дүр-дүр силкинбекте темир қанатлар ....................... 20
«Бир қанат қағыўың ... – жалғыз әрманың» ............ 20
Жақсы адамлардың жүреги... .................................... 21
Кеше ......................................................................... 22
Қосық ........................................................................ 23
«Саҳра! –Тентекликтиң анасы ...» ........................... 24
Шарқыпәлек көшкидеги ойлар ................................. 25
Жүрегимде ғәлетий шаншыў ..................................... 26
«Жудырықтан қорыққанлар мушласа алмайды!» ..... 26
М.С. ........................................................................... 26
Дәрўаза алдында ........................................................ 26
«Ҳүр қызы шәмшилдур...» ........................................ 26
Зәмин таўдағы Әзим Сүйин айтымлары .................... 27
«Жүрегимде қабат-қабат таслар бар» ....................... 28
«Қус болып қанаты қайрылмаған бир» ..................... 28
«Умманлар қырларды жутпақшы болар» ................... 29

«Ҳайранман:.. Тастөбем – қызыл булт!..» .................. 29
Бул түн шарапхорлық етейик, аға... .............................. 30
Қарызым көп .............................................................. 30
Шығыста оянбақта дәў уғлан–Туран .............................. 31
Қаҳан ҳәр шайыр.......................................................... 32
Менде шаш ағарды ....................................................... 32
Сырласыў .................................................................... 33
Маңғыстаў толғаўы ..................................................... 34
Терең суўлы дәрья тып-тынық ағады ............................ 35
Бизлер — бес туўысқан ............................................... 36

ӨГИЗ ДӘРЬЯ БИТИКЛЕРИ ............................................ 37
Қырық әсир көмип кеткен ............................................ 38
«Мың өркешли түйелер – сарғыш қумлар» .................... 39
Қум астында мың сандық ............................................. 40
Дебдиў ....................................................................... 40
«Өзге бир қудайларға» ................................................. 40
Жети бабамның исмин айт, Жайҳун! ............................. 41
Шөллегенмен пүтин дийдарыңа ................................... 42
«Тай- қулындай тебискен» ........................................... 43
«... алты аға кетип алысқа» ......................................... 43
«Түркән ойда «Жети қарақшы»ға телмирип» .............. 44
Түрк бабаның қәҳәри.................................................... 44
«Қардың басын қар алар» ............................................ 45
«Баданакөз ақсаўыттан тәниң көринсе» ....................... 46
«Әййемги Түркистанның бүгинги баллары» ................. 47
«Тайлар ат болдық деп киснескен шөлде» ................... 48
«Түсиме енеди Байсын таўлары» .................................. 48
«Ата журттан айырылып» ............................................. 49
«Шөллер қозғалады, көллер қозғалады» ...................... 49
Бердақ шайырдың толғаўы .......................................... 50
Бул журттың батырлары қайда?! ................................. 51
Атам Генжемурат нәҳән қураштың айтқанлары ........... 52
«Адастырды мени думандағы Ай» ............................... 53
«Лолылар көшип кетти «Бақша сарайдан» .................. 53
«Қаталлық, нәзикликтиң бул дәргаҳында» .................. 54
«Теңизде адасқан жәҳийўдийлерге» ............................ 54
«Жигиттиң баҳадыры» ................................................ 54
«Әййемги уллы Алан имаратларының» ....................... 55
«– Әсирлер соңынан – әсирлер кәрўаны» ................... 55

БИР ТҮСИНИККЕ СЫЙМАЙДЫ ДҮНЬЯ .................. 57
«Батысқа қарасам – Арқа оңымда» .................. 58
Ат элегиясы .................. 58
Саўал .................. 58
«Қамқа тон, зер шапан, шегирме менен» .................. 58
«Сел, буршақта қалған қәлбиме» .................. 59
«Ислетип атырмыз тасты, темирди» .................. 59
Зәңгилеслер .................. 60
Түсимде .................. 60
Нуў пайғамбардың айтқаны .................. 61
«Таллардай мүлгиген саратандағы» .................. 61
Өткен күнлер .................. 61
«Қустай силкиниўге димар қалмаған» .................. 62
«Зағарасы пүтин емес бендениң» .................. 62
«Дәрьялардың терис аққанын көрдим» .................. 63
«Телпегиңе теңге тасланбайды, бирадар» .................. 63
«Бул дүнья сарайдур – жаңылтпаш яңлы» .................. 64
«Түсинбеймен өзиме өзим» .................. 64
«Тас боран астында қалarман – бәлким» .................. 64
Достымның монологы .................. 65
Дос жақсысы .................. 65

ЛИМОННЫҢ, АЛМАНЫҢ ҲӘМ ҚАРДЫҢ ИЙСИ .... 67
«Басы жоқ.., соңы жоқ... – шексиз бул умман...» .... 68
«Кеше шашларыңды сыйпаған самал» .................. 68
Жоғалттым .................. 69
Енди қалай болар?.. .................. 69
«Билип-билмей аппақ қарға қуладың» .................. 69
Және жаўын жаўды... .................. 70
«Гидир-будыр қара мәрмердиң» .................. 70
«Ләбиңди сағынтар дәми жүзимниң» .................. 71
«Миллиард-миллиард аппақ гүбелеклердиң» .................. 71
«Баяғы бағлардың» гүллери – өзге» .................. 72
«Зер-зебил жаўында адасқым келер» .................. 72
Өмирдиң мазасы .................. 73
«Және муң, сағыныш ... және ески дәрт» .................. 74
«Сонша балталардан, сонша пышқылардан» .................. 74
«Қырық мың жилўасы қырық нашардың» .................. 74
Жуўап бер .................. 75

Титаник қосығын және бир айттыр .......................... 75
«Гүл кетер Нөкистен Бостанға» .............................. 76

ЖАЛҒЫЗДЫ ЖАРАТПА, ТАСЛАРДЫ ЖАРАТ!.. ... 77
«Жалғызбан, жалғызбан бийпаян далада» .................. 78
«Кеўил тәбиятыма бултлар жат емес» ........................ 78
«Төсегим – қара тас, көрпем – гүл, жапырақ» ......... 78
«Жансақ – нәпсимизден жанамыз бизлер» ................ 79
«Жулдызлары сөник түнге жайғаспай» ....................... 79
«Жақсыдан – шарапат, жаманнан – апат» ................. 80
«Бул дәрьялар терис аққалы» ....................................... 80
«Исенемен» ................................................................. 81
«Жалғызды жаратпа, тасларды жарат...» .................... 81
Суймуруқ қустың сораўы ............................................. 81
Толғаў.......................................................................... 82
«Ўақ-ҳей, қырық жигитиңе исенген Қоблан» .......... 82
«Еле көп отларға түсерсең, улым» ............................. 83
«Бул санмың аламан – ессиз аламан» ......................... 83
«Алтын таж, алтын тахт – салтанатымнан» ............... 83
«Ялғаншының бәрин тәрк етип» ................................. 84
«Қырық күншилик жолдың азабы» ............................ 84

СЫЗЫҚЛАРҒА ЖАЙҒАСПАЙДЫ СЕС ...................... 85
Сөз шақапларына ........................................................ 86
Кирейге турған бөлмем ҳаққында ............................. 86
«Жумылсам жудырықпан!» деген пәнжелер» ......... 87
Футбол тобы туўралы төртликлер ............................ 87
Нурларға ..................................................................... 88
«Кеңисликти бир сызық пенен» ................................. 89
«Бийикликти өлшеп атырмыз» ................................... 89
Зоопаркте .................................................................... 90
«Көңил дәптеримде сораў белгиси (?)» ..................... 90
Өзиниң ким екенин умыта баслағанлар ..................... 91
Ҳүждан элегиясы ......................................................... 91
«Мен билген шайырлардың ҳәммесинде де» ........... 92
«Исеним жоқ асқар таўларға» .................................... 92
Нөкис. Ҳәпте базар. Түски пайыт .............................. 93
Жарылыс ...................................................................... 94
Өзиң! Сен! ..................................................................... 96

**СЕНТЯБРЬ САМАЛЛАРЫ** ........................................ 97
«Тарағыңның сынар тислери» ........................................ 98
Тал ҳаққында романс ........................................ 98
Жалынның фәлсафасы ........................................ 99
«Егил-тегил келер жылағың» ........................................ 99
«–Алло... Бул ким?... 24 –14!» ........................................ 100
«Сарғыш жапырақлардың самаллары» ........................................ 100
«Думанлы әрманның айдынларында» ........................................ 101
«Сен, шарап мегзейсең» ........................................ 101
Назлы күлкиң қалсын ........................................ 102
Сиз маған исенбең... ........................................ 102
Ўәй, тамашасаң! ........................................ 103
Бактериалогия ........................................ 103

**ӘЛЎИДАҲ, ПЕРИШТЕМ, ӘЛЎИДАҲ...** ........................................ 105
«Пууы бурқып турған суў менен» ........................................ 106
«Шашларың...» ........................................ 106
«Жерден излегениң Аспаннан табылады» ........................................ 106
«Әлўидаҳ, периштем, әлўидаҳ!» ........................................ 106
«Гүз, саған усамайман» ........................................ 107
«Түнги нөсер» ........................................ 107
«Бунша шөллегенсең бәҳәрге , жаным» ........................................ 107
«Кезлеринде думан ...» ........................................ 108
Өзиңнен айырылғалы ........................................ 109
«Қайлардадур сыңсыған аққуў» ........................................ 109
«Жаным-аў ... қәлбиңдеги ҳәсирет, шадлық» ........................................ 110
Өзиңе ........................................ 110
«Мен енди қайтпайман кейниме» ........................................ 111
«Қара айғырларды – қара бултларды» ........................................ 111
«Мен сени изледим таңнан. Таппадым» ........................................ 111
«Сизиң үйде бир түп алма бар» ........................................ 112

**ҚӘЛБИМДЕ АЯЗ БАР АЛТЫН КЕЛБЕТЛИ** ........................................ 113
«Бир елес... – көк елес, запыран далада» ........................................ 114
«Мен басымды алып кетейин» ........................................ 114
«Бул адамлар – залым, оғада залым ...» ........................................ 114
«Қандай бахытлысаң – еки қолың бар?!» ........................................ 114
«Алтын ҳәм ҳинжили кеўил сарайым» ........................................ 115
«Қадақлар жыңғыры, ярдың күлкиси» ........................................ 115
«Аязлы январьдың қарлы түнинде» ........................................ 115

«Аяғыма оралар Гүллер» .............................. 116
Гүздиң соңы .............................. 116
Г...ге .............................. 117
Таў буйрығы .............................. 117
«Нышанаға алынды сыңсыған аққуў» .............................. 118
«Күн батардың салқын жели» .............................. 118
«Шөллерге қарайман» .............................. 119
«Шашларың буйра Самал» .............................. 119

ЖҮРЕГИМДЕ САЙРАЎ БАСЛАНДЫ .............................. 121
Абыржы .............................. 122
«Сен неге изимнен қалмайсаң, Гүман?!» .............................. 124
Төгилген сүт ҳаққында жумбақ қосық .............................. 124
Астан қылшық излеген биймезгил мийманға .............................. 124
«Ақпаң, көзимниң жаслары...» .............................. 125
«Қалай өтемен...» .............................. 126
«Нәзәлимлердиң» .............................. 126
«Ағалар, бес күнлик пәний дүньяның» .............................. 126
«Ҳақ кеўлиңди көрсеттиң, қуяш, неге» .............................. 126
«Айтсам ада болмас әрманым мениң» .............................. 127
«Гүналысаң сүйгениң ушын» .............................. 127
«Ўақыт қайрағында тас саўсақларым» .............................. 127
«Бир қус сыңсып айланды, дослар» .............................. 127
«Бул айлы ақшамның сырлы нигаҳы» .............................. 127
«Кеўилиң –қап-қара түн» .............................. 127
«Ишти, жеди, кийди гүнакар бенде» .............................. 128
«Ақ қой бар, қара қой бар...» .............................. 128
«Дәрьялар ағып турсын» .............................. 128
Есит, шайыр .............................. 128
Ол... .............................. 129
Күнтийди сөгиў .............................. 129
Қойдың шағымы .............................. 130
Исенбе .............................. 130
Қәйтер едиң сен?.. .............................. 130
Бийкарлаў .............................. 131
«Кеўилиңде ийт жоқ қабаған» .............................. 131
Гүржи ийт .............................. 131
«Я, тоба!» .............................. 131
Ә.Б. .............................. 131
«Бул ғамлы түнлерден қутылмақ дәркар» .............................. 131

«Сулыў сыйпаламай Сөзлердиң» .............................. 131
«Егер сен болмағанда» .............................................. 131
«Мий, Бастың ғамын ойлап» .................................... 132
«Қараңғылық жасырынар қуяштан» ........................ 132
«Үш алған студент далада қалмас» ........................ 132
Туйық ........................................................................ 132

АЙЛЫ ТҮНГЕ ҚАЙТАМАН ЕНДИ ................................ 133
«Ҳәр назлы қәдемиңе» .............................................. 134
«Кеше ақшам бир сақый қыз» .................................. 134
«Нәзик бармақларың ийирген сабақ» ...................... 134
«Күнбатыстан келген бултлар» ................................ 135
«Дуўтарың ыңыранды, дәртин мен сездим» ............ 136
«Дүбир... дүбир... – дүбирлер...» .............................. 137
«Сүйемен!»деп айтпа қызға, сен» ............................ 137
«Ўаҳ.., мен! отыз бәҳәр өмирим лаўлап» ................ 138
«... пинҳамы ышқының сырлы шарабы» .................. 139
«Бул – яки ертекдур, яки шийрин түс» .................... 139
«Жети жыл жасадым жердиң астында» .................. 139
«Шапларың дөкилип келесең сен» ............................ 140
Август ........................................................................ 141
«Ақылыма бағынбас жүрек» ...................................... 141
«Тырналардың сыңсыўы менен» .............................. 141
«Жүрегимди сақлап едим» ........................................ 142

ПОЭМАЛАР ................................................................ 143
Мөде хан сөзи яки Шин жипегиндеги битик .......... 144
Қар Ақ Алп Ақ .......................................................... 151

**БАХТЫЯР ГЕНЖЕМУРАТОВ**

# САЙЛАНДЫ ШЫҒАРМАЛАР

*қарақалпақ тилинде*

| | |
|---|---|
| Редакторы: | С. Ибрагимов |
| Тех. редакторы: | А.Жаримбетов |
| Корректоры: | А. Қайпов |
| Компьютерде таярлаған: | Қ.Нурекеев |